BABAD NITIK

2
visata

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

BABAD NITIK

Oleh :
Drs. Suradi Hp.

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1991/1992

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dengan pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Babad Nitik.

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Nopember 1991
Direktur Jenderal Kebudayaan

Drs. GBPH. Poeger
NIP. 130 204 562

KATA PENGANTAR

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama diantaranya naskah Kuno Daerah Jawa Tengah yang berjudul Babad Nitik isinya tentang cerita tentang pengalaman Sultan Agung Mataram III dalam melakukan perjalanan secara gaib ke seluruh Jawa, Asia Tenggara, Asia Timur Tengah, ke dasar laut dan ke Surga.

Nilai-nilai yang terkandung di dalamnya naskah ini adalah nilai :

1. Nilai Pendidikan.
2. Nilai Kepemimpinan
3. Nilai Kesatuan
4. Nilai religius.

yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Nopember 1991

Pemimpin Proyek,

Sri Mintosih, BA
NIP. 130358048

DAFTAR ISI

Halaman

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN . . . iii
KATA PENGANTAR v
DAFTAR ISI. vii

BAB I. PENDAHULUAN 1

BAB II. TRANSLITERASI 4

BAB III. TERJEMAHAN 113

BAB IV. KAJIAN DAN ANALISIS ISI NASKAH BABAD NITIK 225

BAB V. KESIMPULAN DAN SARAN 250

DAFTAR PUSTAKA 254

BAB I
PENDAHULUAN

Sesuai dengan kebijaksanaan Pemerintah yang tercantum dalam Undang-Undang Dasar 1945 dan Garis-Garis Besar Haluan Negara, antara lain digariskan bahwa pembangunan kebudayaan harus tumbuh dan berakar dari kebudayaan daerah atau kebudayaan asli Indonesia, agar supaya tidak kehilangan kepribadian.

Untuk itu maka dalam rangka pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional, diperlukan data dan informasi kebudayaan daerah sebagai alternatif pilihan dan salah satu sumber data dan informasi kebudayaan tersebut adalah naskah kuno, yaitu naskah-naskah tulisan tangan yang sudah berusia lima puluh tahun lebih. Naskah-naskah kuno tersebut pada masa lampau tidak jarang yang dianggap sebagai pedoman hidup bermasyarakat, oleh karena itu sering dibaca dan dipelajari oleh para pendukungnya. Tetapi karena kemajuan teknologi yang memudahkan komunikasi dengan dunia luar, ditambah dengan tidak lagi diajarkan bahasa dan huruf daerah di sekolah umum secara memadai, makin lama naskah kuno kurang mendapat perhatian masyarakat bahkan banyak yang sudah ditinggalkan.

Dewasa ini naskah-naskah kuno tinggal menjadi barang simpanan, jarang dibaca, sehingga isi yang terkandung di dalamnya sudah tidak dipahami dan dihayati lagi, bahkan sudah mulai dilupakan. Daerah-daerah yang masih melaksanakan tradisi membaca naskah kuno tinggal sedikit, antara lain Bali, Nusa Tenggara Barat, dan sebagian kecil masyarakat Jawa.

Masyarakat sekarang kebanyakan tidak dapat mengerti atau memahami isi naskah kuno yang banyak mengandung data dan informasi kesejarahan dan kebudayaan daerah karena kesulitan membaca huruf dan bahasa daerah. Oleh karena itu agar masyarakat sekarang dapat mengetahui kebudayaan-kebudayaan daerah masa lampau yang akan dipakai sebagai dasar atau akar kebudayaan nasional, maka naskah-naskah kuno tersebut harus diungkapkan isinya, dengan cara transliterasikan (alih aksara) ke huruf Latin, dan diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia. Untuk keperluan itulah naskah kuno "Babad Nitik" diungkapkan latar belakang isinya.

Naskah kuno Babad Nitik perlu diungkapkan isinya, sebab Babad tersebut banyak mengandung data sejarah dan kebudayaan, yaitu tentang Raja Sultan Agung Mataram serta kebudayaan pada masa itu.

Ada beberapa naskah kuno yang mengandung data sejarah Sultan Agung tersebut, antara lain "Babad Tanah Jawi", "Babad Sultan Agung", dan "Babad Nitik". Yang pertama dan kedua sudah diungkapkan isinya oleh Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta, dan diterbitkan oleh Balai Pustaka, sedang Babad Nitik belum pernah diungkapkan isinya.

Naskah asli Babad Nitik sekarang ini tersimpan di Perpustakaan Keraton Yogyakarta. Naskah ini ditulis di atas kertas berukuran folio, ditulis dengan tinta. Hurufnya Jawa, sedang bahasanya Jawa bercampur Kawi, disusun dalam bentuk puisi Jawa (tembang). Penulisnya tidak diketahui, tetapi yang menyuruh membuat Babad tersebut tertera dengan jelas yaitu Sultan Hamengku Buwana VII. waktu penulisannya tercermin dalam

sangkala "Resi nembah ngesthi tunggal" atau tahun 1867 Jawa (1936 M).

Pengungkapan latar belakang isi Babad Nitik meliputi tiga bagian, yaitu alih aksara, alih bahasa, dan analisa isi, yang masing-masing tercantum dalam bab yang berurutan.

Dalam mengalihbahasakan (menterjemahkan) telah diusahakan baris demi baris sesuai dengan urutannya, hanya kalau ada sesuatu baris yang tidak mungkin diterjemahkan apa adanya menurut urutannya, maka diterjemahkan dengan mengambil makna yang terkandung dalam kesatuan baris atau bahkan bait syair.

BAB II
TRANSLITERASI

A. Dhandhanggula

1. Memanise denira murwani, wanci enjang unguara sedasa, ping kawanwelas Ahad Pon, Kawolu wuku Tolu, wulan Ramlan ing tahun Alip, Kulawu lambangira, angkane pinetung, Resi nembah ngesthi tunggal, kawarnaa kang karsa Jeng Raja Putri, Mataram Pulo Jawa.
2. Hajejuluk Kanjeng Prameswari, Gusti Jeng Ratu Ageng samangtya, garwa dalem Sang Akatong, nenggih Ingkang Sinuhun, Kanjeng Sultan ingkang wus swargi, ping nem Mengku Buwana, Kalifatulahu, Senapati Ingalaga, Ngabdurahman Sayidin Panatagami, nagri Ngayogyakarta.
3. Kasubengrat karatone luwih, wus kantandhan susilaning nata, mring gupermen supekete, saking Kang Maha Agung Kangjeng Raja Willem kang kaping tri, murub aneng pranaja, radbinang Kumendhur, saking singaning Nederlan srinata wau Kanjeng Prameswari, ibu dalem srinata.
4. Ingkang Sinuhun Jeng Sultan kaping, sapta ngrenggani Ngayogyakarta, Hadiningrat kang kinaot, Hamengku Buwana gung, Senapati Ingalaga di Durahman Sayidina Natagama Luhung, Kalifatulah minulya, saha ngagem ordhibin kang komandhuring, senleyo ing Nederlan.

5. Myang grot opisiring krun siyeming, Jendral Mayoring wadyabalanya, Raja Putri Nederlane, karsa dalem amangun, caritane Sri Narapati, Jeng Sultan Agung Karta, nalikane dangu, nut maksih pangran dipati nising praja mideringrat nglayabumi, mangkana kang pustaka.
6. Sawusira mbudhalken kang rayi, Pangran Jagaraga den pidana, yeku tinurun wiwite, woya ingkang winuwus, Jeng Pangran Mangkubumi, kakalih putranira, sajuga pinundhut, dening Kanjeng Sri Narendra, kinasihan sinung linggih, Sokawati mene wus apeputra.
7. Nama Denmas Pethak sinung linggih, neng Madiun winenang akarya, patih punggawa mantrine, de Pangran Singasantun, putranira jalu wewangi, duk timure anama, Denmas Wujil iku, mene wus dadya bupatya, sinung aran yeku Radyan Wiramantri, neng bumi Panaraga.
8. Anisihi Pangran Ranggawuni, dene putranya Pangran Juminah, pan wus jinunjung linggihe, ing kanjeng sang aprabu, nama Pangran Balitar nenggih, lenggahe adipatya, tetep neng Mentarum, kojar Dipati Mandraka, kanang weka catur sajuga pawestri, pambajengira nama.
9. Yeku Pangran Duranagari, nulya Pangran Juruwirapraba, Pangran Jurumayem rine, wuragil Sang Dyah Ayu, krama angsal Batang Dipati, dene Jeng Sri Narendra, Sinuhun Mentarum, Jeng Susuhunan Senapatya, Prabuadi Hanyakrawati kang patmi, kakalih kathahira.
10. Ingkang werdhah sing Pajang duk nguni, putranira Jeng Pangran Benawa, ginarwa marang Sang Katong, karsanira Sang Prabu, sinung nama Ratu Mas Adi, garwa nem sinung nama, Ratu Mas Lungayu, angsal saking Panaraga, nahen garwa dalem Jeng Ratu Mas Adi, catur patutanira.
11. Dyan Mas Rangsang nenggih kang pangarsi, Radyan Ajeng Pandhan panggulunya, Dyan Ajeng Sekar madyane, Dyan Mas Pamenang waruju, jangkep catur tatunggil umi, menekarsa narendra, Dyan Mas Rangsang wau, jinunjung

lelinggihira, nama Pangran Dipati Anom Mentawis, Sudibya Raja Putra.

12. Putra nata ingkang miyos putri, Radyan Ajeng wus sinungan nama Ratu Mas Pandhansarine, de kang rayi rum-arum, Dyan Ratu Mas Sekar wewangi, jangkep catur Radyan Mas Pamenang waruju, wus sinung nama Pangeran, Adipati Pamenang de prameswari, nenggih ingkang taruna.

13. Jeng Ratu Mas Lungayu kang siwi, Jeng Pangran Dipati Martapura, puniku ing pambajenge, adarbe roga limut, ari malih Pangran Dipati, Natapura anulya, Dyan Mas Cakra sampun, anama Kanjeng Pangeran Adipati Selarong kanang kang panti, dedalem Waladana.

14. Remen lenggah neng wisma pribadi, nulya arinya nama Jeng Pangran Dipati Pringgalayane, mangsuli gotekipun, kraton Pajang dupi ing nguni, Jeng Pangran Benawa, sripah garwanipun, patutanira tetiga, pambajenge putri kagarwa Sang Aji, Jeng Susuhunan Mataram.

15. Apeputra Pangran Adipati, Anom Kang sampun kocap ing ngarsa, putra Benawa kakunge, Pangran Pajang panggulu Tambakbaya ingkang wuragil, kojar Kanjeng Susuhunan, Senapati Prabu Adi kang Hanykrawatya, kang ngrenggani ping dwi paradyeng Mentawis, duk nimbali kang putra.

16. Kang rinengga hing sekar hartati, serat nitik nguni putra Nata, Jeng Sunan Nyakra watine, kang ngrenggani Mentarum, dupi meksih Pangran Dipati, Jeng Sultan Hagung kerta, kotama mrih luhur, hangendra laya lelana, nediya ngelar jajahan mring liyang nagri, mangkana kang carita.

17. Pangran Dipati Hanom mentawis, sumiweng ngarsani reng sudarma, jinarwan gung pangerehe, tindak lakuning Ratu, pramilanya dipun prasudi, putra dalem Sang Nata, Suhunan Mentarum, kang putra pinaring sebda, manuhara laksiteng hagemming Haji, mrih mulyane hingkang rat.

18. Yuwananing pamengkuning nagri, hingkang wignya mamet sihing wadiya, dennoya mili danane, mantep setiyeng

wadiya gung, kang sumrambah sabda rum manis, wadiyeku pikukuhnya, hing praja sutengsun, barang reh laksitaningrat, haywa kongsi darbe tiyas rengating dasih, myang wicaksaneng praja.

19. Hawya kurang prayitna kang yakin, dipun terang trus pratamanira, ywa salisir panimbange, nuli sungana kawruh, kahutaman dimeno nuli, kerup lampah kamulyan, yeku putra ningsun, tata teteh hing tumitah, kang waskitha laksitaning bumi-bumi, rapet hamrih hutama.

20. Serapatten kira-kira yekti, luwih hangel laksiteng bin topa, kang hening lawan yektine, pratamaning ngaluhur, kaki putra yuntameng yekti, hadhuh hatmaja-ningwang, hagemen sawastu, sira rumongsa katempah, nora bakal yen sira nediya gumingsir, kurang kotamanira.

21. Dipun halus laksitong pakarti, kang santosa hangasta agama, hingkang wignya nindakhake, yeku jalma pinunjul, wastu hantuk nugraha ngakir, meksih kurang hutama, panjenengan Ratu, bisa ngreh lirring tumitah, hiya hiku kahutamaning Nar Pati, pustinen hing tiyas harja.

22. Hutamane sampurnaning pati, hingkang terus panyipta hutama, ciptanen hing pratamane, mugi dipun karuruh, ruruh rereh tekeng mungkasi, iya hatmajaningwang, sarjana kawengku, sagung reh laksiteng darma, den kaliling tumanduk wektu dumadi, memayu wahyaning rat.

23. Kotamaning praja beg so tyadi, terang kang trus sorot kang gumilap, hangrenggani memanise, sumuk ring ngarum-arum, ngendra laya hanglaya bumi, yeku hanggoning Nata, poma den karuruh, trus sareh kanang bin topa, bintopane kang terus hing dalem dalil, hing ran musthika maya.

24. Maya-maya jro mesi memanis, manis memanising kahutaman, hutama saringen maneh, hestokna hujar hingsun, luwih hangel hutameng Haji, marga pakuning jagat, hupama Jeng Rasul, nalika tumameng swarga, wektu subuh hantuk nugrahaning Widi, mikrat mring bale ngaras.

25. Lan pinethuk mring heyang pra Nabi, hing ngayap gung kang para malekat, wida-dari ngiring kabeh, sabab Nabi panutup, Rasululah wakiling Widi, kita wewakilira, hiya Kangjeng Rasul, kaya priye solahira, kaki putra gonira mamresing budi, duh nyawa hatmajeng wang.

26. Den harempit kencenging panggalih, hingkang wignya simpen kanugrahan, ywa keguh mring rencana ger, sira putrengong sepuh, sun pepinta siyang myang latri, dadiya wiji keratiyan, hing satedhak turun, mustika hagama Islam, tanah jawa sarengatira Jeng Nabi, Mukamat Rasululah.

27. Niyakengrat Nabiyu humiyi, lan pininta panutup pra Nabya, Jeng Rasul kekasih dhewe, Mukamat kang jejuluk, agamane hiku mungkasi, ngakir prapteng kiyamat, datan wignya lebur, yeku pratamaning tingkah, wus pininta hiku wiji kang darmadi, kaki sira hengeta.

28. Nadiyan sira ya mengkono hugi, tanah jawa kang manjing hagama, Islam sira pencarake, neng paradiyeng Mentarum, kanang kamot kita gemeni, howellen karyanira, nyawa leluhurmu, duk swargine Kangjeng rama, Sena Pati durung jumeneng Nar Pati, yasa kutha Mentaram.

29. Hingsun hiki manggih kutha becik, neng Mentaram kaki durung kena, yen hingsun jumeneng Rajeng, mung sira putra ningsun, hingkang madeg Sultan Mentawis, nutugken hing laksita, rat jawa hamengku, poma-poma hatmajeng wang, dipun henget sajarwaningsun ta kaki, wrin hanom kang pratama.

B. Sinom

1. Mangkana Kangjeng Suhunan, palastha derasung warti, dhumateng Pangran Dipatiya, wastu sang hanom linuwih, hamersudiyeng tiyas hening, dadiya sru pamedonipun, nadiyan musthika maya, lir hinten sinara wedi, sakamantiyan Jeng Sunan ngudi kamulyan.

2. Mulyane hing tanah jawa, tan siwah pangandika ning, kang rama Kangjeng Suhunan, Panembahan hing Mantawis, ya Pangran Dipati, meres cipta mamrih luhur, tinrima mring hyang Sukma, dan Jeng Sunan Kali prapti, Narpatmaja wintaragane wus dadiya.
3. Sumyan kongas sumarambah, nerambahi bumi-bumi, bumi langit kang gumelar, gelar trus hanersandhani, Sang Narpa putra sigit, sigit trus perbaweng alus, halus budi jetmika, memanon musthikeng manis, taman siwah hanampani kang nugraha.
4. Nugraha hing jagatraya, kang tumanduk tanah jawi, pulung irhas wus tumedak, lumarap sahingga kadi, kapasuk pulet hening, hening pancering pandulu, dulunen jagatira, wastu manon tanah jawi, wus kapusthi mring radiyan hingkang wegena.
5. Hyang jatihong Siwahboja, permana hanersandhani, jumbuhe gusti kawula, winta raga Wisnu dadi, pulet gaibing Widi, tumrun sarengat Jeng Rasul, pasuk cahya nurbuwat, pulung arhas den leboni, kecapira pepulete tanah jawa.
6. Gumantung tumibeng wayah, Jeng Sena Pati Mentawis, lunture hing cipta padha, duk dhawuhe Sunankali, dupi hamituturi, marang kiyageng Mentarum, pulet buda lan Islam, tibeng wayah nersandani, wajahira Panembahan Senapatiya.
7. Tinondha hingyuswanira, semana nemlikur warsi, kamantiyan mersudeng raga, meminta raganya dadi, mancal hing ngalam sahir, alam lahut wus kahirup, kojar Kanjeng Suhunan, – kali sampunhanedaki, mring kang bakal hamisesa tanah jawa.
8. Limut ngengleng lamat-lamat, sene Jeng Soenan duk panggih, mring kang bakal mengku hingrat, ngrenggani hing tanah jawi, satedak turun benjing, tekan hing kiyamat wastu, datan kaselan-selan, trah hiyang Wisnu lan Jeng Nabi, kawit tata gama Islam tanah jawa.

9. Jeng Sunankali ngandika, wruhhanira jebeng hiki, pasiyanira hyang Sukma, wus dumawuh sira yekti, lan kita sinunghugi, panjing ngelmune Jeng Rasul, kraton sakturunira, hangrenggani tanah jawi, risang Narahatmaja bangun tiyasira.
10. Semana hing wanci pajar, titising kraton marengi, lan pasuking gama Islam, wrongka curiganya manjing, pantes pinatut yekti, mring malekat mukarabun, pra Dewa hamerwita, Widadari hangladeni, datan liyan turun sangking sapta rengga.
11. Pesate sangking pahoman, lirgiyata hantuk hangin, sang kalih sampun ngumbara, dedel hambles hing pratiwi, suka hyang hondar-andir, memudiya batara Guru, kakang Kanekaputra, taman bakal tamuhiki, haywa samar kakang mring Wisnu dumadiya.
12. Ngengleng sisang hananingkang, kang mindha retna hing wukir, wus mamprung muluk tanpa lar, mider-mider nglaya bumi, datan pisah sang kalih, wus jinarwan jarweng tembung panjing lenges larapnya, mangramyang sinuprih dadi, lir laksita cumlorotlir arsunaba.
13. Blas-sirna sangking paningal, lir sotiya coplok sing singsim, sakathahe wran Mentaram, tiyas ngengleng bingung kangkari, kamantiya harem sami, mangkana ingkang winuwus, Panembahan Mentaram, derangulati kang siwi, geges hing hyang dan Sunankali sajarwa.
14. Heh kaki jebeng Mentaram, den yitna pitutur mami, ywa banget sira nelongsa, prakara sutanta kaki, yestu tarpadem yekti, yeku bakal wiji Ratu, tan liyan trahing wekanta, hiya sira ki Dipati, hing samene lagya ginaib hyang Sukma.
15. Hupayanen rat buwana, hamesthi datan pinanggih, becik pracaya ta sira, maring hyang kang Mahasuci, Panembahan turnyaris, sakamantiyan honeng hulun, mugi jinarwannana, pundi gene ki Dipati, mung supaya lega-legane tiyas hamba.
16. Sahestu pracayeng sukma, nging dahat gen hamba ngudi, rikuh Sunankalijaga, mahatma ngandika haris, tan kewran

para wali, dera mrih budajeng tembung, heh kijebeng Mentaram, yen kumacelu sirapti, hatetemu lawan hatmajanta priya.

17. Pesti kepanggih hing benjang, nging hana mangsrute kaki, hangrapyak kang satowana, kewan dimen dadi siji, wastu lamun kapanggih, hiya lawan hatmajamu, kaki galuh Mentaram, wus kariya hingsun bali, hestokena hujarku jebeng Mentaram.

18. Jeng Sunankali dan muksa, nenghena wahu kang kari, kamantiyan kumennyut hing tiyas, mung ketang honenging siwi, ngesthi sajroning galih, kagugu saya mangranu, karasa saya karasa, ketang tresnanireng siwi, gya nimbali Jeng Sunan mring prameswara.

19. Wus tekap saha turira, Jeng Sunan ngandika haris, nimas manira sajarwa, mahu bengi sun kepanggih, lawan Jeng Sunankali, tabuh telu wancinipun, manira nyuwun priksa, murcane sutanta yayi, nging dawuhe Jeng Sunan meksih waluya.

20. Kalingan taru salembar, marma taman bisa panggih, hupayanen ngrat buwana, mokal yen bisa pinanggih, nging hagnyane sang yogi, ngong kinen ngrapyak wana gung, sakehe satowana, dimen hangumpula sami, yen menawa katemune kaki putra.

21. Prameswari matur nembah, prayogi den laksanani, supadi nuntana panggya, Jeng Sunan mangngagnya kancit, kinen ngumpulna sami, wadiya gung halit Mentarum, pepak hing pasewakan, Pangran Purbaya tan tebih, gya Jeng Sunan miyos siniwakeng wadiya.

22. Wus lenggah gya hangandika, kangmas Purbaya semangkin, sakeh wadiyeng wang Mentaram, hageng halit tan mestani, kinen ngrapyaka sami, wana-wana redi kidul, sinten tan nambut karya, kenging hing siyasat mami, gya Jeng Pangran Purbaya dawuhken sigra.

23. Mring wakil mantri wasesa, Pangran Mandura negari, sakliring reh dhawuh Nata, dan Pangran Mandura nagri, dhawuh hondhang nestiti, sagung wadiya kuswala nung, sinten tan nambut karya, kenging pidananing Haji, sagung wadiya wus samya mituhyeng hagnya.
24. Jeng Sunan gya hangedhatiyan, mene pra wadiya Mentarwis, nambut karya pasang krapyak, saben wana den rajegi, sato kewan wanadri, taman bangkit mrojol metu, semanten Kanjeng Sunan, tan pegat dennya mriksani, mijil marang pesanggrahan pasang krapyak.

C. Mijil

1. Henenghena hingkang brongta siwi, gentiya winiraos, kang lelana hanjajah prajane, kasupingngrat kasutapan ngenting, wahu Narpa siwi, karsanira nglangut.
2. Wus jinarwan mring Jeng Sunankali, niskareng lelakon, sigeg kocap parajeng jroning we, tanah jawa alame tan sami, huga misih nunggil, kenya Ratonipun.
3. Gungnging peri prayangan myang hejim, sumiwi sang sinom, Prabu rara yekti gedhe dhewe, meksih wujang wahu Raja dewi, hestu nguni jalmi, kajiman sang ngaju.
4. Harum-arum diyah retna Suwidhi, hinguni sang Katong, putra nira nenggih Sri Pamase, pajajaran Prabu Mundingsari, mahatma ngrenggani, hing samodra kidul.
5. Lawan kinen tengga Raja dewi, karsane hyang Manon, kang suyasa bale kencanane, hingkang saka dhomas duk hinguni, yata Raja dewi, retnengngrat murdengrum.
6. Kawarasida sang Narendra dewi, hamangun wirang rong, sakamantiyan hemeng jro galiye, hyang Kaneka dan tekap sung wangsit, yen kinen hakrami, wus mangsane kulup.
7. Sri Nateng diyah dupi den guyoni, sru kanggeg sang Katong, hyang Narada gumuyu sabdane, datan kena nini wus pinasti, karsane hyang jati, ywan jagowa hiku.

8. Meksih lancur wulu wiring kuning, nyongga bot kang hetoh, mubal putih bung-alang jalune, dhasar hacih petheke habecik, durung dipun cobi, wus nini sun mantuk.
9. Diyan ngumbara hyang Kaneka resi, mring kayangan manggon, kang tinilar srumenig galiye, hapa nyata hyang Kaneka hiki, sembranane dadi, hingutus hyang Guru.
10. Sru kagagas risang Raja dewi, ketang kang cariyos, sakamantiyan kumepyur driyane, terataban mangungun tiyas titis, muhung kang hingesthi, wangsite dewa gung.
11. Kawarsita Sri Narendra putri, kancet kala tahor, tata suci Islam sanga Rajeng, alam lahut dudu alam hiki, winenang sang dewi, sakarsa jinurung.
12. Diyan pinarak mungging bale rukmi, sang Narendra sinom, hingayap gung pra peri jim handher, warna-warna busananing ejim, seseg mungging ngarsi, ngendhanu lir mendhung.
13. Kang pinatmi prajuriting ngaji, sumela hagolong, tan petungan hanenggih wadiyane, bekasakan wewe lan memedi, wil kathuwil sami, gembung ting galimbung.
14. Hilu-hilu thongthongsot myang tengis, gonggo momok wedhon, banaspati janggitan myang menthek, setan belis gandarwo darandir, thethekan myang cicir, sirah ting galundung.
15. Kang pinilih prajuriting Ngaji, jim peri nom-anom, lir habsari kahendran warnane, samya hamennganggya busana di, hijo wungu kuning, habang tuwin dadu.
16. Hajejamang kencana hingukir, cinawi bang hijo, lan rinengga tinretes mirahe, hing retna dijumerut se aning, mirah yen keheksi, mring netra hagumyur.
17. Hapepanthan sajuru tan nunggil, hagolong tan hamor, ting kaleram kenyar hujwalane, kacarita maha Raja dewi, tuhu musthikaning, Ratuning rum-arum.
18. Rum-arume sabuwana sami, ngumpul mring diyah sinom, sebak retna barleyan kenyare, hangenguwung tejane nelahi,

renyep-renyep kadi, sumambah mawi nung.

19. Samya ngabdi mringsang Raja dewi, rum manis hangepok, parek samya sumawiteng handher, sak rupane hayu parah hati, sumiwi nyethi mring, retneng rat murdeng ngrum.

20. Sumawana para manis-manis, seseg rebut henggon, kumacelu mawongan sang Rajeng, diyah Suwidi kumaraningbumi, riyem-riyem kadi, manglentrih ngenguwung.

21. Wangi-wangi marek saben henjing, pinilih sang Katong, mung hingambil kumarane bahe, kinumpulken pinusus mung dadi, gengnya sakemiri, sinaring ping pitu.

22. Gonda hingkang kagem Raja dewi, saking swarga kahot, jinumputan sinaring sarine, pinaringken saben wektu henjing, yeku pipintaning, jalma kanang patut.

23. Haneng swarga wastu Prabu dewi, kumarane sinom, harja surya bisika sang Rajeng, dhasar luwes dhemes jetmikani, karsane hyang Giri, pinton wran swargagung.

24. Salirane lir pratima rukmi, sunare mencorong, hingkang himba nanggal sapisane, tibing tumenggeng hing widikwidik, sotiyanira lindri, tinon hesmu balut.

25. Grana ngrungih kang lathi hamanggis, wajanya sumorot, merang-merang arsunaba sareh, neses medet sedhep sangadewi, gilig lir sinangling, mring dewa kang hagung.

26. Kaki dewa kliwat dennya nganggit, sebarange kahot, pan kinroyokmarang memanise, huwang nyangkal gadhing sinlut rugmi, den laras hyang jati, tenggak nglunging gadhung.

27. Jaja wijang pundhak nraju rugmi, gilig hasta Katong, lurus laras gandhewa hembate, mucuk heri driji hesmu nglungit, kenaka sang dewi, hanetesi ngranu.

28. Maya-maya bangkekan mathinthing, turut maring wangkong, banting hasta lir putung higane, wentis pundhak sumumpet respati, memet maya kadi, jempol lir binubut.

29. Gumebyaring duk kengising nyamping, busanane katong, cindhe hijo pinermas nyampinge, hasemekan cindhe sari-

gadhing, hamanis barani, hungaling prembayun.

30. Kepyur-kepyur nrusing sanubari, hukelbeg satiyabyor, surem kandih hyang Harka sunare, ngudubilah kang katon julirit, kengis mung sathithik, kang myat brongta wuyung.

31. Raja dewi pinrak prang wedani, migena sang sinom, nanging datan kawentar sabdane, hadu semu lir dawah sang kadi, mring kang pra jim peri, diyah mahoni gelung.

32. Sumyar gebyar sorot tira kadi, lintang jrah hing enggon, weh wigena yen goyang sang Rajeng, nulya matur jim peri sagunging, mring sang Raja dewi, tan pegat turipun.

D. Megatruh

1. Dasar haju Ratuning yu-hayu tuhu, sotiya wenes wening resik, kalokeng rat tur pinunjul, kang kasongan bumi langit, kang tinitah dadiya wadon.

2. Kang ngrenggani paradeng samodra kidul, mangendra laya mamusthi, karsane hyang sukmana gung, jim peri samya mangabdi, hingkang gaduh swarga ngisor.

3. Wawang mangke titah hing hyang hing Mentarum, tinurunan letul kadri, pulung arhas wus dumawuh, campur neng nagri Mentawis, agama Islam dumawoh.

4. Sahestune lancurring jagat jejenggul, baboning agama suci, kang pinercayeng sukma gung, mangrata hing tanah jawi, tata agamaning uwong.

5. Mundhi agamanira Jeng Nabi Rasul, kang padha hing ngudi pinrih, berat wraga pekkong kayu, sirna nembah bumi langit ruwiya kuran binatos.

6. Pahugeran kalimah kalih puniku, panjinging agama suci, ya Allah Pangeraningsun, kang misesa mangrenggani, kang sinembah lahir batos.

7. Kawarsita kang tinitah Sukmana gung, dumilah thukul Mentawis, kinasiyan hing Jeng Rasul, panjinging ngelmu ngarabi, kang pinanjing kacariyos.

8. Hameng gunung girilaya hapitekur, sujut sru neges Sukmadi, cipta nuraga panaulu, bumi langit wus kapusthi, kojar samudra lir humob.

9. Sru perbawa hardi mrapi pan jumegur, kang pucak geter kumitir, cumlorot lidhah sumawur, mastuti kang branteng Widi, mring sang sudikbya kinahot.

10. Berkasakan jim peri kyat dira takut, mring kang lagya nyipta hening, jim peri yen kena lampus, sawastu kathah kang lalis, mung kena roga kemawon.

11. Sang sudibya sakamantiyan brangtanipun, mersudi tiyas kang supadi, hantuk kanugrahan punjul, tan liyan kang cinipteng galih, mung pasiyaning hyang Manon.

12. Sangking dahat mesutiyas sang Narpasunu, dadya nekaken gora gring, samodra kadiya kinebur, yata sri Nata hiswari, mangu hing tiyas mu wirangrong.

13. Hangandika Raja dewi jroning kalbu, paran darunane hiki, de hisining prajaningsun, padha kataman wiyadi, nging Raja dewi wus hanon.

14. Yen kang karya ruharaning samodra gung, sang Narpa siwi Mentawis, hing mangke kang wus pikantuk, kamulyan kinen hamerdi, agama suci gunging wong.

15. Duh semana wahu jeng sri Nataningrum, wus hatas karsane Sukma di, saciptanira jinurung, hamparanira lumaris, prapta gyanira sang hanom.

16. Raja dewi wangu-wangu danken rum-arum, keruping angin sumiwing, hamarengi tabuh telu, dan sang tapa hangendrani, mring suralaya sang hanoṃ.

17. Dupi humyat Natengdiyah yen Narpa sunu, dedel ngendralaya mangkin, tan kewran tiyas sang murdeng ngrum, saksana den rumiyini, harsa masang kang pirantos.

18. Katgada wus ngumbara sri Nataningrum, tekap wiwaraning swargi, ngungak hungak haneng pintu, lir surengrana habsari, laksitanirresmu kagog.

19. Duk semana Sunankali jageng pintu, gya humareg Raja dewi nembah matur makidupuh, dahat begyamba kepanggih, sang maha muni nebda lon.

20. Hana karyanirara hing laksitamu, haywa masang nahiswari, niskareng sadaya katur, miyum Kangjeng Sunankali, lon nabda ywa sira wangkot.

21. Nahiswara maladati haturipun, mugita panuwun mami, lamun jakaning Mentarum, kapidreng tuwan belani, manggut yekti waratahor.

22. Raja dewati harda trustaning kalbu, gya wangsul caket sang pekik, Jeng Sunan meksih neng pintu, kojar kang ngambara prapti, Jeng Sunan hatata gupoh.

23. Lah bageya ki bagus hanom Mentarum, paran darunane prapti, teka ngeliraken wuwus, durung mongsa kita prapti, baliya sang bagus hanom.

24. Kang sinungling nembah matur makidhupuh, patikbra hajrih sang yogi, wonten cobaning hyang Agung, ngling miyum Jeng Sunankali, pirsakna jebeng jarweng ngong.

25. Wus ginaib paningkahmu lan ni Ratu, kalinya bumi lan langit, baskara condra puniku, waline hingsun nekseni, haja kita walang atos.

26. Sang sudigbya balinya meksih pitekur, Jeng Nahiswara hudani, bali yitnane sang bagus, hagnya mring kang para wangi, kinen nempuh mring sang anom.

27. Sumiliring hing samirana burat rum, gandane ngudu bilahi, yen jalma sawantahipun, mokal wikya hana-heni, jer dadi pikuwat yektos.

28. Hingkang gonda burat rum dan samya nempuh, sang sutapa den hebyuki, midit samirana harum, rumangsang hangin sumilir, kyat kewran tiyasnya sang anom.

29. Yitna lamun trah hing witiya rediya tuhu, teher mangesthi kang haji, tekang panulak kumebul, nanging datan migunani, tansaya sengkut kumroyok.

30. Kehing wangi-wangi samya rebut dhucung, mangroyok tumameng maring, sliranira sang binagus, tuhu gurune wong sigit, tanah jawa tana loro.

31. Taman pahe lanang wadon yen durung wruh, mring rasa hingkang mertapi, langkung margane pakewuh, kocapa hingondar-andir, hyang Nilokontha nebda lon.

32. Kakang Nrada kita mring diyeng den gupuh, hundangen Harjuna haglis, tandiya hyang Kaneka mamprung, seksana hanulya prapti, panggih Parta lan sang sinom.

33. Danangjaya lenggah lan sri Sumbadra yu, hyang Kaneka hanimbali, Harjuna lan diyah sri tumut, wus tekap ngarsa hyang Giri, hyang Siwahboja nebda lon.

34. Babo sira Wisnu sri sira sun hutus, lumakuwa marang giri, hana titahing Sukma gung, meksih wangkot hing panggalih, sun srahken sira sekaron.

35. Kang sinung ling kedwi manembah wus mundur, wus prapta hana hing giri, sang Parta meseming kalbu, de wajah hingsun Mentawis, pantes widagdeng palugon.

36. Blas tumameng sang Parta nukmeng sang bagus, katgada dewi Sri manjing, mring garba Jeng Ratu Kidul, sang kalih wus sanes kapti, wimbuh bagus sang wira nom.

37. Sebak hinten sinara wedi mawi nung, pulet sorote sang kalih, padha prawignyaning kewuh, bumi langit hanekseni, kirana sotiya mencorong.

38. Pukul telu hyang Kirana kyat kasusu, pinongka kali sang dewi, hima hobah lintang sumyur, hanjrah tumameng wiyatdi, yang-yang puspita ting perlok.

39. Sang Sudigbya lelana wimbuh binagus, mantak ji asmara gami, harang wran kang duwe hiku, gejaba sang Parta yekti, sangking Niwata sang katong.

40. Diyan winatak asmaragama tumanduk, nempuh sri Narendra dewi kyat sru rikuh sang murdeng rum, jim peri keneng piranti, sedaya rasa sekaron.

41. Tuhu bagus guru Ratune wran bagus, kaping dwi dipun nukesmani, ring heyang Jeng Ratu kidul, cahya tumeja sru jernih, yata sang gurune wadon.

42. Dasar hayu dewi Sri nukmeng hing ngriku, wuwuh hujiwala dumeling, hijo manglentrih ngenguwung, wastu memanoning bumi, ngendralaya tana loro.

43. Sang Sudigbya lelana hanjayeng kewuh, hapi minggu wus ginalih, pirantine wran Mentarum, tan liya nukmeng memanis, lir harca manik sang hanom.

44. Raja dewi tuhu Ratune yu-hayu, darpa kyat kewraning galih, baya jakaning Mentarum, jero gonira berahi, pegel sotiya ning tiyas hingong.

45. Wus jamake wran rap nyethi mring jalma gung, yen tan sun wiwiti kriyin, heman menawa kelantur, sapa kang hingsun ngengeri, wus pinasthi raga ningong.

46. Wang-wang segu lan nebda mring sang binagus, pranata deling aririh, winar pantes hing pasemun, Jeng Pangran bok diluwari, wah sampun minggu kemawon.

47. Lah hengeta gusti lan kawulanipun, dahat gensun harsa nyethi, kadarpa mring sang binagus, dumeh sun hiki pawestri, hapa nganti sun supahos.

48. Puji tuwan ya rahman rakim puniku, kang habdi linggih mangerti, nging hulun jrih sang binagus, yen ginalih lancang karsi, Sarehning hulun wran wadon.

49. Tresna hulun baya kinira tan tuhu, marang panduka wong benthing, kaku sotiyaning tiyas hingsun, sangdyah gya lumengser ririh, rawat luh hapradong-pradong.

50. Hingkang mindha harca manik luwar sampun, mirsa Raja dewi runtik, jigineng sranggama nempuh, sri kenya keneng piranti, pyuh sunyur resep sekaron.

51. Pra jim peri prayangan kang cedhak katut, katempuh perbaweng Haji, sorot caraka Mentarum, wus lakune ahli supi,

sang Raja dewi hacelom.

52. Hangenguwung wangkawa tumeja nglayung, sang Sudibdya mardhawa ris, hadhuh gusti ning sang ngingrum, kang hasih welasing ngabdi, baya mustikaning wadon.

53. Duh pepujan retna ywa cugetan kalbu, den hagung hapureng dasih, kang habdi tinerkeng hangkuh, mring hinten rineka jalmi, hanglengkara jiwaningong.

54. Ngindralaya sun tumiyeng datan mangguh, lir retna jumanten hadi, ngong pepinta siyang dalu, sapanen gusti kang dasih, hulun gawe sangu layon.

55. Pyur kumepyur lir tela kelemban banyu, kumucur riwe datengi, gonda rum manukmeng pusuh, risang kalih wus ginaib dadiya tepaning tumuwoh.

56. Duk semana panggihira Sri lan Wisnu, genti sorot genti titih, padha murni kalihipun, dasar wijining Mentawis, dan kewran Nateng dyah kasor.

57. Hapuwara Jeng Nahiswara tur miyum, panduka hulun haturi, lenggaha sujasa hulun, darmiya tengga pun patik, tan lenggana sang wira nom.

58. Satekaping pamancingan mandheg mangu myat tritis gambira wati, parang wedang gajah mungkur, guwa langse ngongkang jaladri, ranu sumembur mencorot.

59. Nulya kendel neng sela penganten dangu, kekanthen hasta sang kalih, risang Sudigbya nebda rum, kang sebda winor memanis, tiyas suh rempu sang lir sinom.

60. Kang salira marlupa nratas sumawur, prembayun hesmu kapidih, kumesaring tiyas kadulu, menawi rencem kapipit, datan pecah mundak hanggro.

61. Wang-wang laju laksitanira Nateng ngrum, dan pisah lan Narpa siwi, ginarebeg para harum, jim peri prayangan ngampil mring hupacara sang Katong.

62. Sampun ngancik palataran sang murdeng rum, ngambah lurung prang wedani, kang kisma nyiprat mandhuwur, mas

hore hingkang kinardi, krikil mirah bang myang hijo.

63. Sang Sudigbya tekap plataran nebda rum, heh becik puranta yayi, Raja dewi matur miyum, panduka hingkang darbeni, .patik mung tengga kewawon.

64. Sang Narendra putra ngliring mring ri Prabu, kasliring sangdiyah katitih, hing ngaras wit saking gelung, wrata hangganya sang dewi, maweh kumepyur kang hanon.

65. Duk semana Narpatmaja lan sang ngingrum, teksih midermider sami, lelangenan kaywan hiku, sung raras yen kayon gatik, wiletnya weh brangtaning wong.

66. Kesrang-kesring ron kasrempet swara ngalangut, cumengkling gatik pang cilik, pang gedhe swara gumrung-gung, weh wilet wigeneng galih, sung brongta gathiking kang ron.

E. Asmaradana

1. Kacaryan reseping galih, sarimbit sampun pinarak, hing kundarana retna byor, kang dumunung jro suyasa, kanang bale kencana, kang saka dhomas sawastu, nguni sang Bathara Rama.

2. Duk panggih lan Sinta dewi, sabedhahira, ngalengka, ken Sinta siniku hingreh, dening sri Ramawijaya, puwara mesu cipta, temah mijil hagni murup, hawune dadi suyasa.

3. Kanang bale kencana di, rineksa sri Wibisana, Gathutkaca kalatahor, dinuta Bathara Kresna, kinen ngambil suyasa, bale kancana katanggul, wre seta Praboncana.

4. Mahatma mahas jeladri, rineksa mring Prabuningdiyah, gung jim pri setan gandarwo, yen harsa mahas suyasa, dhrodhrog tan wrining marga, salemut wastu tan hemut, mumet komet petepetan.

5. Senadiyan sang Raja dewi, tan kuwasa nglenggahana, jro bale kencana tahor, tanpa non ratlir pandhema, darpa kyat weritira, hing mangke sang Narpa sunu, sawasti manjing suyasa.

6. Tuhu yen jalma linuwih, titising Wisnu Bathara, pulung arhas puletane, sirnaning ngelmu istijrat, mungguh Nabi mukjijat, kang laksita kramat nuju, meh dungkap ngelmu mangonah.

7. Mangkana sang Raja dewi, hing driyesmu kamanungsan, katerwasa pirantine, denya masang kalatidha, tanpaja yen tumama, dening sanga Narpa sinu, katulak tiyas wicaksana.

8. Puwara sang Raja dewi, sakamantiyan takut hingtiyas, mahatma reh mring kondhange, sesminta mring wadiyanira, hing mangke sang Sudigbya, Raja putra hing Mentarum, sesilih nama Narendra.

9. Jeng Sultan Hagung Rathadi, Prabu Hanyakra Kusuma, Ngabdulrahman Sayidine, Panata gama kalipah, tolah samsumirijal, Senapati Ngalaga nung, gung wadiya mituhu sabda.

10. Nira hing sang Nahiswari, sadaya mangayu bagja, Raja jim pri myang gandarwo, prayangan miwah seluman, sagung kang tampi hundhang, abipraja sahur manuk, yata sanga Prabu rara.

11. Diyan mider-mider sang kalih, myat kalangening ujwana, weh kacaryan kaparungon, ron gathik wilet kang brongta, kesrang-kesring manglaras, ron tapiswara hanglangut, cumengkling gathiking ngepang.

12. Manrus karya lam-lam kang wrin, kumrampyang pang kang kasampar, wilet weh laras hunine, Jeng Sultan lon mawardhawa, nimas pelak kang swara, pama sun cithak hing besuk, pantes munya jro keratiyan.

13. Penet sabda pandukaji, kenging karya lelangenan, dados kondha hing karaton, prayogi pinaring nama, tondha kagungan Nata, ya nimas sun rani hiku, sekati raning gamelan.

14. Lan sun wenanngaken benjing, sung kurmat Jeng Nabi Duta, yen mulut hiku hunine, tabek marang Rasulolah, hiku hing wektonira, neng plataran srambi hagung, sepasang tondha Narendra.

15. Sawiji hingsun paringi, tengara bedhug tunggala, dadi perabot sekaten, lagu laras madubronta, handong andong gendhingnya, Raja dewi nembah matur, sun pepundhi sabda nata.

16. Hing benjang paradiya jawi, klangenan Nata gamelan, serakit tondha keraton, munya neng natar surambya, ganti-ganti hamunya, mulya Jeng Sultan handulu, mring langening hari Nata.

17. Jeng Sultan madharwa haris, nimas siwi hanggitira, sun weh jeneng semarane, sekathahe kawiragan, pepak hana hing semang, pepingul becik sun pundhut, cature dadya wilangan.

18. Den paringi nama srimpi, Raja dewi ngayubagya, dangu lenggah sanga Rajeng, neng ngijohan paloretna, gumyur hingkang hujiwala, tur rinawis pinngiripun, hingga bale marcukundha.

19. Kinondha puranya Haji, hingga kembar lan suwarga, yen tinimbang sayektine, lan suwargane manungsa, lan suwarga hing samodra, tinimbanga tikel sewu, durung paja yen miriba.

20. Trus trang crita dalil kadis, handikanira sang duta, nging iku pinton swargane, kinarya pinton hyang Hujwa, dimen sagung manungsa, manuta pitutur luhur, tinarik saking agama.

21. Kawarsita kraton Haji, segara kidul sarwendah, tundha sapta gapurane, sesangkanireng gapura, hakik hingkang kinarya, hijo kuning seta dadu, biru wungu kapuronta.

22. Padha hingngukir cinawi, memanur memet rinengga, karya kacaryan kang hanon, batane kapangkat-pangkat, wedhi mutiyara mirah, pinatut lan banonipun, weh seneng mring kang tumingal.

23. Plataranira sang Haji, binotrawi pinggirira, pinacak suji tepine, wewening matswa liweran, badher sarwa kencana, pinancak suji jumerut, sinela mirah pekaja.

24. Pethetannya hapan hasri, kang taru suwasa mulya, jumerut mirah pentile, hakembang mirah pekaja, yen gathik kang ron munya, lir gendhing laras swara rum, kempyang kumesrang weh bronta.

25. Kanan kering hamerapit, blumbang humbule srumuncar, cengkir gadhing ngapit jejer, kang huwit suwasa mulya, manggar kencana jingga, janur mas cinawi patut, yen gathik swara kumesrang.

26. Semana Jeng Sultan Hadi, heca pinarak lan garwa, mangrasniti sikatahor, wangwang mijil kang sunggata, sampat neng tilam retna, warna-warna hisenipun, katur sumaji ngayunan.

27. Sedaya mirasa sami, mawa gonda rum mangambar, dene kang samya lelados, jim peri myang perayangan, tur sami pepiliyan, warna yu nedheng nomipun, hamepeg sumbaganira.

28. Laras sira hamimbuhi, maweh hasri hing pamedan, gung wantya karana kang hanom, samya kapilenging cahaya, kilate sang sudigbya, mangkana Jeng Sultan Agung, sakdangunira sewaka.

29. Myat sawantahe jim peri, myang warnane kang kaswargan, hesmu kacaryan sang Katong, wus henget tiyas wicaksana, lamun jatining jalma, luhur hing derajatipun, luwih saking jim prayangan.

30. Berat kapencut saliring, mung ngesthi jatining tunggal, mangkana Jeng sanga Katong, nanggapi kang panembrama, hing rayi mahiswara, sang kadwi tuhu hapatut, yen sinawang sang Sudigbya.

31. Lir Nabi Yusup sing swargi, yen jawalir hyang Hasmara, Jeng Sultan Agung listiyane, diyah retna kadiya Kumuda, warna salin ping sanga, tuhu retnengrat murdengrum, nahen sang Narendra tama.

32. Nebda miyum sadarani, yen nimas pinujeng karsa, lilanana dhuh dasihe, pun kakang nutugken karsa, supayane dadiya, darsana neng sapungkur-pungkur, putra wayah ngong sedaya.

33. Jlog tumrun sang Raja dewi, nurageng mangranu pada, duh pukulun jeng sang Katong, yen pareng karsa panduka, darpa patik kyat minta, yogi panduka lestantun ngedhaton ngriki kewala.

34. Drapon tan pisah wak mami, myang sagung peri seluman, dhemit wil kuthik gandarwo, kabeh sasining samodra, yekti ngratu panduka, lamun Jeng Sultan miturut, hestu langgeng tan padhema.

35. Kadumugen sakarsa Ji, ngling miyum Narendra tama, mamardhawa lo citane, luwih bener karsanira, nanging ta mungguh hingwang, tanpa gawe sira wuwus, sapira kamulyanira.

36. Tan timbang mulyaning jalmi, hariwanda tuk nugraha, manungsa kang kotamane, ywa kang jumeneng Narendra, nadiyan sebarang jalma, kang tiyas jujur susela yu, hayuningrat mrih hutama.

37. Wastu tepet loka benjing, suwasti hantuk suwarga, wruhanira naking hangger, mulyane jim pri prayangan, nadiyan kamulyanira, neng jladri hiki wong ayu, hanglir bocah dedolanan.

38. Lawan besuk jaman akir, mongsa wurung nimas sirna, Raja dewi duk kaprungon, dheleg-dheleg jentung hingtiyas, kapranan sebda gatiya, rinaseng sidhi sang Prabu, wasana nungkemi pada.

39. Mingseg-mingseg tawang tangis, sesambat mamelasarsa, pyiama dhateng sang Katong, dhuh paran hatur patikbra, tiharda sru kamantiyan, kang cethi darma nenuwun, mring gusti risang Sudikbya.

40. Hamba ruwaten sang Haji, hantukna dados manungsa, lir nguni jalma yektine, Jeng Sultanadi mardhawa, dhuh yayi nora kena, wus karsanira hyang agung, hing pesthi tan kena howah.

41. Dene sira lamun yekti, hing huni hangsaling jalma, benjang hari kiyamate, wignya nunggal lawan jalma, reh sira wus aga-

ma, islama saklimah sadu, tetep jim panjilmanira.

42. Hing kuran pan sampun muni, hisine hingrat buwana, hamung jim lan manungsane, kang wignya hamanjing islam, jim eblis hiku kopar, marma yayi den mituhu, agamane Jeng Panutan.

43. Manembah sang Nahiswari, mugi saget lestantuna, nglaksitani dhawuh.Katong, katgada jeng sang Sudigbya, mangosweng hari Nata, sangdiyah ginunturan harum, karya seneng jim kang mulat.

44. Kapungkur alam janmani, alam rohilapi genya, cipta resep sumrah karo, yen lakune wran Mentaram, suka wake kangelan, metoken la duni humyus, yeku tondha badan karsa.

45. Sang retna saya ngraketi, nungkemi pangkoning raka, Jeng Sultan nguswenq harine, dhuh nimas juwiteng tilam, nadiyan hingsun lelana, datan suwe hingsun wangsul, nglakoni prentah Jeng Duta.

46. Raja dewi tiyasnya lilih, wang-wang pya yama wot sekar, yen kapareng hulun dherek, satindak-tindak jeng Pangeran, mardhawa kangjeng Sultan, dhuh nimas ya sakarsamu, nging laku kajiman sira.

47. Tandinya risang Raja dewi, handawuhi wadiyanira, pra jim pepilyan kabeh, kathahira pitung leksa, sumekta hastranira, kang samya celak sang Prabu, prajurit kenya sadaya.

48. Cakep sahastraning jurit, ting pancurat ting karethap, ting parelok penganggone, sumyur sumarot malidhah, penganggoning lelembat, tumeja hapian ngenguwung, mungging ngaresaning Narendra.

49. Sigra mesat sing pratiwi, sang kalih pan datan pisah, hangumbara laksitane, keh pulo sampun kabahak, nungkul tan lawan haprang, diyan manut agama Rasul, dadiya bawah tanah jawa.

50. Mider-mider jeng sangkalih, saben pulo hangampiran, Rajane sumujut kabeh, samya mastuteng agama, ngeblat marang

Mentaram, agamane Kangjeng Rasul, kapungkur agama Budha.

F. Pangkur

1. Kocap gentya winurcita, prajeng plembang julukira Narpati, hanenggih Raja Tuwanku, dene agama nira, mekesih buda hing satanah tlatahipun kayu watu kang sinembah, wus lami sri Narapati.
2. Tan seba mring majalengka, dhatuk-dhatuk wahu panggedhe sami, sakarsa-karsa sang Prabu, samana pakumpulan, Raja siyak padhang tuwin bangkahulu, wanda bima sokadana, borneyo penang lan jambi.
3. Hingkang sami pakumpulan, haneng plembang sagungireng pura Ji, mangkana Raja Tuwanku, lenggah neng kursi bapa ing, para Raja handher hing ngarsa sang Prabu, hingkang sami abipraya, kojar Kanjeng Sultanadi.
4. Mideringrat tanah jawa, lan kang garwa.nahiswara humiring, ngumbara hawor lan mendhung, kang dherek jim prayangan, ngima-hima supenuh sudiyeng kewuh, ngendhanu dhedhet ngawiyat, lir cancala lileng langit.
5. Ngengleng nglangut lamat-lamat, miling-miling neng luhur mega putih, jagat wus datan kadulu, mung lamuk hima-hima, lan baskara kang keksi marang sang Prabu, sumirat tempuring praba, hyang harka lan sri Bupati.
6. Kilating cahya Jeng Sultan, sru sumilak ngesorken sang hyang rawi, wimbuh kasumbageng Prabu, rider ciri Nurbuwat, sakamantiyan sumarot prabawa mancur, bagaspati malu lumyat, kasor mring sumbageng Haji.
7. Pratondha Ratu huliya, kinasiyan lawan Jeng Nabi Murti, reh mencarken gama luhung, supangat Rasulolah, kang pura hing plembang pan sampun kadulu, mangkana wahu Jeng Sultan, hapan harsa mindha druwis.

8. Neng pinggir marga gledhegan, dennya lenggah sluku lan ngastawesi, hingennyetennyet den hulur, wran Palembang tuminggal, dahat gawok keh reneng tiyas sami tuku, patukune mung nebuta, sahadat kalimah kalih.

9. Mangke wus kathah kang jalma, samya manut agamane Kanjeng Nabi, lan mangestu hing mentarum, kojar kigedhe liwat, pasawangan harsa nangkil mring Tuwanku, nulya lumyat lamun hana, jalma juga rupa druwis.

10. Kigedhe nulya tetanya, mring kimandha pekire wran Mentawis, kigedhe hamanthuk-manthuk, piyayama hikuhapa, sira cekel kang mindha druwis sru muwus, neh wesi kathah kang nedha, bedhama hulun sukani.

11. Nanging patukune iman, lan sahadat nenggih kalimah kalih, kigedhe kacaryan dulu, lir glali hingkang tosan, de sapele tuhune hanteping kalbu, riwusnya kigede seba, kari dinira hanangkil.

12. Raja plembang sampun lenggah, mungging kursi bapang kang wentis hiplik, pra Raja hander neng ngayun, glarap lamun ngandika, heh kigedhe pagene ya sira kantun, gonta seba neng ngarsengwang, paran darunane yekti.

13. Kigedhe panambang nembah, saniskara dupi liwat neng margi, wus katur marang Tuwanku, duk rengen kras sabdanya, timbalana sidruwis hangsli Mentarum, kang peksa sabarang sulap, seksana dipun timbali.

14. Kerit tekap ngarsa Raja, sang Tuwanku neng kursi bapang hiplik, nulya tanya druwis gupuh, heh paran sediyanira, dene teka barang sulap neng prajeng sun, becik ngawula maring wang, dadiya tukang sulap mami.

15. Sunbayar rong puluh pasmat, sawulane ngrangkep dadiya pekatik, kang mindha druwis tan muwus, Tuwanku neseg tanya, diyan katgada kang mindha mardhawa miyum, wruhanta sejatinira, ngong dinuta lurah mami.

16. kinen mriksa wran palembang, sabab hapa tan seba ning Mentawis, Tuwanku glagak sru guyu, marma hiki kumpulan,

gung pra Raja tan liyan muhung kang rinembug, mung Ratonira Mentaram, kang harsa sun pukul jurit.

17. Druwis dan nyelaki gajah, gya cinanda kumbanya liman hanjrit, sadaya gajah gya takut, jerum kang pinaranan, pratingkahe tlale babekti sang namur, yen ta bisowa mangucap, baya ki Sultan Mentawis.

18. Mideringrat nganglang jagat, Kanjeng Sultan Mentaram Ratu luwih, sang namur seksana mundhut, mriyem kang munggeng gajah, kalih welas pinusthi sampun galepung, hajur lir jenang neng talam, Tuwanku dupi ningali.

19. Tiharda bremantiyanira, ari Tuwanku meksih lenggah neng kursi, jinungkir mring pra jin sampun, sagung dhatuk sadaya, myang pra Raja den jungkir suku neng dhuwur, kang sikil pating carongat, sirah ngandhap mata handik.

20. Saweneh hamangap-mangap, sabab marga sirah jinungkir ngejim, kang nediya ngeblat sang Prabu, mestuti gama islam, tan jinungkir tiyas kekes nediya tekabul, Tuwanku meksih gronjalan, jinungkir mring wadiya hejim.

21. Tuwanku dhatuk pra Raja, tobat nediya manjing agama suci, ngluhurken agama Rasul, salalahu wasalam, run-tumurun tan nediya balela Prabu, mring Jeng Sultan Gung Mentaram, sadaya mastuteng galih.

22. Matur nembah gung pra Raja, hingaturan sultan jumeneng Haji, mengkuwa plembang keprabun, trima dadiya lubalang, diyan ngaturken pra dhatuk hing kuthanipun, dherek ngluhurken agama, lan manut kraton Mentawis.

23. Sebet byar kang haneng tawang, Nahiswara marek raka sang Haji, ririh hing laksitanipun, hawor lan hima matra, nging tan kawistara jeng sang murtiningrum, namung hamparan katingal, lumarap jim peri ngiring.

24. Lir arkamaya tumedhak, sorotira penganggoning jim peri, sadaya datan kadulu, mung gonda rum lan gebyar, sri kawuryanting pancurat ting pelancur, liweran kaya hasmara, ngendhanu tawang nuruni.

25. Limut limengan weh hebat, kang prajurit sakethi jageng Haji, sikep prang kang jim jejenggul, nanging datan katingal, wran pulembang dennya sujut samya jatuh, den deseg mring jim prayangan, tiyas krasa tiyase mung hajrih.
26. Sang kalih munggeng hamparan, kang kaheksi muhung jeng Sultan Hadi, lir harça manik mawi nung, wedi sih wran Palembang, tan kwasamyat kapileng kilat sumunu, tuhu Jeng Sultan Mentaram, sudigbya prawireng jurit.
27. Para Tuwanku hatebah, pan kalingan dening prajuriting jim, yun nyelak panon sumaput, samya mastuteng tebah, sampun manjing agama islam sedarum, pepundene wran pulembang, kayu wunglen katur gusti.
28. Handikanira Jeng Sultan, kayu wunglen kinen ngaturken benjeng, marang paradeng Mentarum, tembe badhe kinarya, kang suyasa hastananira hing kubur, lan hingsun paring tinggalan, pratondha kang sastra sandi.
29. Sun tulis hana hing sela, sapa bisa ngunekhaken hing benjing, yeku pratondha trah hingsun, lan benjing hingong minta, hiki henceh haturna marang Mentarum, sarta sun mundut dipongga, mung sepasang saben warsi.
30. Hiya hiku kang minongka, karya tondha panungkulira sami, marang paradiya Mentarum, Raja plembang tur sembah, myang pra Raja Tuwanku myang para dhatuk, sandika wus abipraya, guyup sahos bulu bekti.
31. Jeng Sultan wus hangumbara, lamat-lamat tan pisah lan kang rayi, Jeng Nahiswara murdengrum, jajah telatah jawa, mideringrat keh pulo-pulo kapikut, dadiya kabawah sadaya, Rajane manjing agami.

G. Sinom

1. Kojar kang mahawan gegana, tan pisah lan prameswari, jajan nglar nganglang buwana, Jeng Sultan Hadi, hakampir hing minangkabu, Rajanira semana, lagya sine ba hing dasih, sang hamindha marek wadiya kang haseba.

2. Katur Raja tinimbalan, dinangu yen wran Mentawis, lan sapa kakasihira, mangsuli karan nak hestri, pun Sulhingkang wewangi, mangke dados karan pak Sul, sang Nata tan grahita, mung laju tetakon malih, hapa nyata Mentaram hing Ratunira.
3. Haluwih sekti dikdaya, mondra guna ber kuwanin, pak Sulhalon haturira, tan punapa sri Bupati, wadiya mung sakwentawis, de sektinira sang Prabu, sawastu hamba kilap, kang katingal mawon nugi, pan sayekti boten kenging ginampang.
4. Raja minangkabu mojar, heh druwis yen sira mulih, Ratumu kon nungkul mring wang, sun hiki harsa hanggitik, mring Ratumu Mentawis, sang minda warna humatur, pinten wadiya panduka, deharsa gitik Mentawis, nebda Raja minangkabu yen sirarsa.
5. Weruh kehe wadiyaningwang, peseban geng benjing enjing, wilangen ywa kaliwatan, tur sandika kang sinungling, Raja miyos siniwi, wadiyanira sri supenuh, seseg pipit belabar, sang mindha warna tinari, lah kepriye gonira milang wadiyeng wang.
6. Sang mindha warna turira, hamba kalilan namilis, ngong cacahken sing sajuga, Raja sampun hanglilani, sigra sang mindha warni, nulya nginyak-inyak lawung, cik-ancik pucuk tumbak, lawan sangkuh denya milis, tumbak sangkuh lir glali kenging dlamakan.
7. Sru kacaryeng tiyas sang Raja, dan tobat mring sanga pekik, dadiya weleh namanira, sawastune ingsun hiki, hiya Sultan Mentawis, Raja minangkabu dheku, tinari mring Jeng Sultan, paran karsanira mangkin, Raja minangkabu humatur prasetiya.
8. Gya kinen manjing agama, kalimah kapesthi kalih, manut sarak Rasullolah, salalahu wasalami, tan lenggana sakapti, Raja minangkabu sampun, tetep agama islam, myang sawadiyanira sami, Kangjeng Sultan Agung harsayeng wardaya.

9. Ngandika malih Jeng Sultan, paran tandhamu mestuti, Raja minangkabu turnya, kawula tur bulu bekti, warni mariyem kalih, kalawan pasantunipun, dedameling Mentaram, hingkang pranti sangkuh bedhil, saben-saben risak kula hingkang nyongga.

10. Jeng Sultan magut mardawa, mariyem dwi sun harani, Kumbarawi-Kumbarawa, hiku terna mring Mentawis, sang Nata hanyagahi, Jeng Sultan Adi dan mundur, sapangutan kawuryan, lajeng dhateng nagri ngacih, kendel haneng pengurakan karya gelar.

11. Hangleles wesi tumpukan, sabedug kinarya tali, katur marang Rajanira, yen hana wran luwih sekti, wesi kinarya tali, lineles hingga tali duk, sri ngacih sru kacaryan, tobat dadiya mangestuti, wus kaweca kalimah hingkang toyibah.

12. Lan kinen nyantosakhena, agamane Kangjeng Nabi, Rasulolah kang Mustapa, salahu wasalami, yata sri Nateng ngacih, wus manjing agama Rasul, wradin sawadiya kuswa, puwara dadiya tur bekti, sahoshenceh sekawan sarta sengkelat.

13. Pasaline wadiya bala, Mentaram sing nagri ngacih, wedalira saben warsa, wang-wang Jeng Sultan kapamit, nulya handedel pratiwi, sapanguwus tan kadulu, lepas kampir mringselan, kacarita sri Bupati, selan remenira ngabenaben sata.

14. Semana nuju kalangan, sang mindha gya bopong pitik, trondhol wahu kang kinarya, neng kalangan wus tinandhing, lan sawungnya sang Haji, selan mejana hing kalbu, nebda hapa tohira, sang hanamur lon nahuri, sawung kula pun trondhol tohe jonggamba.

15. Rajeng selan gumya latah, jagoku tohe negari, padha sira seksenana, wran sekalangan tur peksi, sang mindha warna haglis, kinubeng tan kenging metu, pinesth ken yen kalah, cul payu wus den blojoti, sida tugel gulumu druwis ta sira.

16. Rame tarung kekabrukan, gung wran surak gegeteri, hesmu kasor trondol sela, sang mindha druwis ngabani, bok males trondhol gitik, sapisan mung hangsal brutu, wran selan sru

lokhira, tuju males si Mentawis, reta-reto cerobo sabetanira.

17. Brutu lancur kongsi jeprak, nora dadi ngapa pesthi, mongsa ngantiya satoyan, si trondhol pantese mlencing, sang mindha gya ngabani, trondhol bok malesa gupuh, trondhol sela gya mranggal, kekabyak sawung Nerpati, tiningalan sirah gepeng gya jerbaban.

18. Cinepeng wus laju pejah, wran selan rep tan kenangling, sadaya tanpa subawa, kewran galiye sang Haji, harsa cidra hing janji, ngling kluhuran barang kawruh, dajya mlupuh kewala, puwara kang mindha druwis, wus sajarwa jatine Sultan Mentaram.

19. Handheku sri Nata selan, wus kinen manjing agami, hangucap kalimah sahdat, tetep manjing gama suci, ngluhurken srengat Nabi, lan mestuti mring Mentarum, Raja selan prasetya, saben warsa sahos bekti, hing wektune bumi selan manik retna.

20. Katur marang hing Mentaram, Jeng Sultan Agung wus pamit, lelana dugeken karsa, Raja selan hanglilani, sapungu tan kaeksi seksama Jeng Sultan Agung, mirsa yen kutha banjar, remen ngaben-aben peksi, puyuh banjar wudhu hing prang linurugan.

21. Nulya ini Kopek pinuja, warna puyuh gya hing ngampil, linurugaken mring banjar, sami den hetohi nagri, ngiras seretan sami, kinanthetken keket tarung, puyuh banjar gya nglumba, binungkem bebungur ngoling, gulung nglubuk wal lumaju puyuh banjar.

22. Bibar kambengan bedhama, sri banjar manjing agami, wus ngucap klimah sahadat, memuri sarengat Nabi, sawadiya kuswaladi, tan pahe pangidhepipun, wus samya manjing islam, lan mestuti mring Mentawis, saka mantiyan Jeng Sultan harsayaningtiyas.

23. Sri banjar hatur prasetiya, pratondha tur bulu bekti, mashore sabotol kebak, lumadine saben warsi, puyuh sineret aglis, pinundhut. Jeng Sultan Agung, den culken neng marga,

cerbon turune sapriki, duk semana Jeng Sultan panggih lan garwa.

H. Pangkur

1. Jeng Sultan wus hangumbara, lamat-lamat tan pisah lan kang rayi, Nahiswara kumarengrum, jajah telatah jawa, sampun sujut mangesthi Jeng Sultan Agung, lamun wektu Kangjeng Sultan, marang hing mekah sayekti.
2. Sujut mring masjidilkaram, lamun wektu kaji tawab sang Haji, tuwin ngabekti Jeng Rasul, sujarah mring madinah, tahlil sujut marang pasareyanipun, astana Jeng Rasulolah, salalahuwasalami.
3. Kamantiyan kacaryaning tiyas, yeku Kangjeng Sultan Mukamat Adi, Agung Sinuwun Mentarum, tansah hatumut tawab, saben wektu riwayat kaji katumut, marma mashur kongsi karan, wastengkaji Karimodin.
4. Lan dahat darpa trusthengtiyas, myat makame Rasulolah Jeng Nabi, Madinah tiharda bagus, yata hosih Narendra, suka lila sumare dagan Jeng Rasul, siyang dalu paguneman, nyareken lapiling kadis.
5. Remak Sultan Ngali Ngumar, wus pracaya marang Sultan Mentawis, dennya mundhi gama Rasul, wratane tanah jawa, tinarima marang Seh Sayit kestambul, rinembag munijro kutbah, Kangjeng Sultan hing Mentawis.
6. Yata Jeng Sultan Mentaram, karya wakap hing mekah suyasa dwi, semana wakap wus rampung, karsanira Jeng Sultan, hadadiya sedhekah sapungkur-pungkur, sinahi dan pra hambiya, ngulama wali nekseni.
7. Yen wektu marang madinah, lan masjidilharam wahu sang Haji, yen kondur hapan pinethuk, mring rayi Nahiswara, lan para jim nulya gentiya kang winuwus, nagri selat gya tempukan, sagung bongsa para grami.
8. Singgapura krajanira, panambangan hing selat keh wran

grami, hing mangke kenging bageblug, kambah roga tiharda, lan hing ngampung dursila hapushing ngapus, main bicara hakathah, siyang latri jawah maling.

9. Karya susah jalma dagang, sampun hatur hingerum mekah sami, katur mring Sultan setambul, nulya paring hutusan, nagri selat kinen maringana Ratu, supaya hangrejakena, dadiya bawahe sami.

10. Sagung pramukeng wus priksa, ru hira tuwin pagering dadi, diyan guneman rembugnya putus, sapa bisa ngrejakna, nagri selat pinasrahken karsanipun, rembag pra panggedhe dagang, hingkang hana jalma luwih.

11. Jare pekir tanah jawa, sakamantiyan istijratnya kipekir, yen mengkono konco batur, becik turana hinggal, kang lelana hangaku pekir Mentarum, sang mindha pekir wus panggya, hinggaturan pra rat peni.

12. Harembag pra tegis dagang, menggalane kenceng pekir Mentawis, byantu sung tondha sedarum, kipekir nom Mentaram, sampun guyup mrih katur mekah setambul, nengna kang wus habipraya, gentiya wahu kang winarni.

13. Kojar paradiyeng Mentaram, Kangjeng Sunan dahat honeng mring siwi, kyatdera mangayun-ayun, marang hingkang hatmaja, sakamancan hareming driya sang Prabu, ngantiya supe dhahar nendra, mung sru panedheng hyang Widi.

14. Kepanggihira kang putra, nahen kojar Mondaraka dipati, hapan panjang yuswanipun, menangi Ratu tiga, hawit pajang dumugi dateng Mentarum, panjenenganira Nata, Sunan Prabu Nyakrawati.

15. Mung meningi wolung warsa, nulya surut sinare hing Mentawis, sakilening masjit kagung, nunggil lan para Nata, duk semana karsanira sanga Prabu, putra Mondraka kang wredah, pangran Mandura nagari.

16. Kinen dadiya mantri muka, hanetepi klenggahaning sudarmi, dene kang dadiya pangulu, maksih nguni duk kina,

kyageng Wanasaba hantuk wolung tahun, nulya kyageng Wanatara, hingkang kinen hanggentosi.

17. Jeksa meksih lir duk kina, hingkang dadiya pangeran Jurukithing, myang pujangga duk hing wahu, tumenggung Jayaprana, lawan malih karsanira sanga Prabu, putra Mandura Negara, kekalih wus sinung linggih.

18. Pangeran Mandurareja, hagumanti klenggahaning sudarmi, putra nem wus sinung lingguh, pangeran Hupasonta, dene pangran Juruwirapraba sunu, mung juga wus sinung lenggah, mantri kadipaten nenggih.

19. Minongka mantri panuwa, kadipatiyan yeku hingkang wewangi, diyan Sindureja tumenggung, nguyuni pra punggawa, kadipaten nahen gantiya kang winuwus, pangeran wiramenggala, sangking kajoran kang bibi.

20. Henget trahing majalengka, kulawarga hing mangir ngenger sami, pangran harsa ngudi tuwuh, hing driyarsa silipan, hawit sangking pendhandhang ngira hing wadu, pangeran Wiramanggala, wus habipraya sadasih.

I. Dhandhanggula

1. Kawarsita kojar sri Bupati, hacengkrama marang panggeritan, mring krapyak bebujeng bantheng, harasayeng tiyas sang Prabu, pra punggawa sinebar ngungsir, Nata pisah lan wadiya, meh kasaput dalu, kepranggul bantheng ketawan, ngamuk Nata kapisanan den larihi, hakahole hing kondha.

2. Pangran Wiramenggala kang mamrih, Nata linambung cinidreng wuntat, kesamaran sing petenge, wisa ngusadan hampuh, krahos gerah sri Narapati, nulya kundur mring pura, pra garwa hamethuk, dupi myat samya hudrasa, dennya gerah tan kena den husadani, kang raka hingaturan.

3. Pangran Purubaya gupuh prapti, lankang rayi pangran Pringgalaya, pangran Juminah rowange, kangmas Purbaya hulun, datan kelar nandhang kekeling, benjang sapungkur hingwang

kang panduka junjung, putranta ki hadi patiya, nama Sultan Hadiprakosa menawi, dereng mantuk putranta.

4. Dennya nglangut kang hulun lilani, putra panduka ki Martapura, boten ketang sapengganten, wajibe putra sepuh, sampun kantos sepen sahari, pangran matur sandika, Nata ngandika rum, lah hadhimas sakaliyan, Pringgalaya lan Juminah sun pasrahi, momonga sutanira.

5. Lamun dudu hundurna sayekti, tur sandika diyan Nata pamitan, nahen gentiya winirahos, kang ngendralaya nglangut, kiya hiku sang Narpa siwi, kojar lagya pinarah, lan garwa Jeng Ratu, Nahiswara lon turira, duh Jeng Sultan kawula hatur hudani, mangke rama panduka.

6. Katamaning roga hanglayati, sejatine wus dumugi mongsa, dungkap mring arilokane, kumenyut tiyas sang Prabu, maca dunga nurbuwan dupi, kantuk kalih hambalan, diyan kasaru rawuh, Jeng Suhunan Kalijaga, risang kadwi sareng tedhak hamurugi, ngaras pada Jeng Sunan.

7. Diyan sajarwa Jeng Suhunankali, kaki putra lan ni dewi sira, payo jebeng sakeloron, meluwa laksi tengsun, hatetinju ramanta Haji, kaki jebeng mentaram, Mengko ramantamu, hanganti mring jenengira, sira karo padha nuwuna hagsami, hing reh wus mangsanira.

8. Wekasan temu neng dunya kaki, risang kalih duk mireng sajarwa, tan lenggana hing sapangreh, wang-wang kadar tut pungkur, samantara sapangu prapti, kajiman kang laksita, Jeng Sunankali wus, lenggah celak lan kanggerah, dan bebisik lah ta kijebeng Mentawis, lah niki sutanira.

9. Kaki galuh lan mantunireki, nini Raja dewi hayun harsa, ngabekti mring sira jebeng, kang nandhang gerah gupuh, hing lungayanira suta dewi, pinengkulan ngandika, duh nyawa suteng sun, mung sira woding wardaya, hingkang wignya namun laksitaning rempit, kang wignya hagal lembat.

10. Lan mantuningsun ni Raja dewi, rehning sira kang mangayu bagya, kaki Galuh laksitane, dahat panrimaningsun, matur nuwun sang Raja dewi, mangkana sri Narendra, mepeg gerahipun, Jeng Sunan Kali nebda, lah ki jebeng Mentaram tenganeng hiki, lawang swarga wus menga.

11. Tandiya Kanjeng Sultan hing Mentawis, macasahadat lawan dikirnya, pinantheng prapteng junune, seksana sanga Prabu, sampun layar mring ngalam suci, kahol satengah kondha, mapatnya sang Prabu, haneng pasanggrahan krapyak, kang mutamat wus kundur marang jro puri, nuju malem jumungah.

12. Sura ping nem gumbreg kang mongsa dwi, lambang alip langkir windonira, sengara hedal tahune, wang-wang kang para harum, kadi gerah tangis jro puri, semana sri Narendra, sinucenan sampun, kinapan sinare dagan, nireng ngeyang myang rama sang Senapati, gunging santri tilawat.

13. Kang cinatur duk jumeneng Haji, sri Narendra namung rolas warsa, sinengkalan duk sedane, gati tri bayu hiku, 1535 hudan hadres hawor lan angin, gara-garaning Nata, warnanen kang kantun, Jeng Pangeran Purubaya, duk hakarsa hangang kat kang dadiya Haji, byantu mantri wasesa.

14. Patih pangran Manduranagari, myang pra pangran lan para nayaka, wus abipraya galiye, rehning sang Narpa sunu, Jeng pangran dipatiya nom lagi, nglangut hangendralaya, tambuh purugipun, sagungnging wadiya sinebar, nusul marang kang handon lelana hanis, nanging datan kepanggya.

15. Purwarane sabyantu wus dadi, karsanira Jeng pangran Purbaya, kang harsa hing ngangkat Katong, Pangran Martapureku, hanetepi welinging swargi, pangwasa neng Purbayan, yeku patrapipun, palastha kang abipraya, sampun prapta semayanya setu henjing, kasmaran gung kang mulat.

J. Asmaradana

1. Pangran Purbaya nebda ris, paman Manduranagara, yen ning mangke karsaningong, sa surute hari Nata, Suhunan hing Mentaram, yogi nguyunana iku, hageng halit wran Mentaram.
2. Nangkil hari sapta hiki, pepakan putra sentana, nayaka tumenggung handher, hulubalang lan ngulama, pecat tondha majegan, mantri minantroken penuh, seseg jejel pasewakan.
3. De kapraboning Narpati, wus mijil sing datulaya, datan hewah laksitane, lir duk suwargi Jeng Sunan, Pangran Purbaya wuntat, lan nganthi kang putra wahu, Jeng Pangeran Martapura.
4. Diyan prapta sewakan Haji, munggang munya tambur kurmat, hangurmati jumenenge, kundharana wus pinasang, mungging tengah gegilang, para putra sentana sampun, tan howah satatanira.
5. Mandura nagara mungging, hing ngarsa lan pra nayaka, lan ngulama pepak handher, den suwuk kang pakurmatan, dene Jeng Pangran Purbaya, jumeneng neng wurenipun, palenggahan gya ngandika.
6. Sakehe wadiya Mentawis, gedhe cilik hanom tuwa, padha rungokna ta kabeh, sapa hingkang wani malang, hiya mring karsaningwang, hingong tan wedi prang pupuh, hangrok bonda yaseng yuda.
7. Sak gendinge hingsun wani, nadiyan neng giri guthaka, pucuk gunung guwa kang jro, nadiyan neng tengah samodra, pan hingsun hora hulap, paman Mandura nagreku, sumbar hingsun sapa harsa.
8. Mapagena padha mangkin, hayonana Purubaya, padha prang ngadu kasekten, hingsun menggaleng Mentaram, kadangira Jeng Sunan, kang wus jinem haneng ngluhur, kundur tetepneng suwarga.

9. Jeng pangran nulya nyepengi, palenggahane kang swarga, ngandika sru mring jalma keh, sapa wani hangrobuta, ngagem lenggah dedhampar, tadhahana pucukipun, katgengwang hingkang sunliga.

10. Yen wani padha semangkin, kurdhanira si Purbaya, Mentaram hingsun jenggule, dhedhep sirep pasewakan, tana wani malanga, wran Mentaram jamhur-jamhur, gejabane ki Kategan.

11. Tanana nediya mahoni, mring dhawuhe Jeng pangeran, sadaya wus byantu dherek, samya hamastuteng hagnya, nira Kanjeng pangeran, Purbaya malih sru muwus, hehta padha miharsakna.

12. Samengko hing karsa mami, kang padha sewaka maglar, pasisir monca nagrine, poma den sami werata, hundhang hagnya manira, yen hing mangke karsaningsun, nakmas pangran Martapura.

13. Hingsun hangkat hing palinggih, jumeneng Pangran Dipatiya Hanom mengku negarane, Sudigbya putra Narendra, kang rinaja manggala, marang kawula Mentarum, myang pasisir monca praja.

14. Sahur peksikang hanangkil, mupakat Kangjeng pangeran, humadeg Dipati Hanom, mengku nagri hing Mentaram, rinaja putra Nata, semana sampun halungguh, kursi gegilang neng tratag.

15. Sahuntara danguneki, wahu Jeng pangran Purbaya, wangwang lon jumeneng maneh, dhedhawuh gung kang sewaka, mring putra myang punggawa, sedene kang pra nung-nganung, Pangran Dipati cinandhak.

16. Wus linenggahaken mungging, kundharana pasitendra, jumeneng Sunan hing mangke, misuwur sagunging wadiya, pasisir monca praja, wusira Jeng Sultan kundur, lumebet hing dhatulaya.

17. Dene wadiya kang hanangkil, myang para putra sentana, klilan mukajangan kabeh, sadaya hasowang-sowang, lan wa-

diya jageng pura, mangke Jeng Sunan lestantun, genira mukti wibawa.

18. Tan kawarna sri Bupati kojar Jeng Pangran Purbaya, sakamantiyan harem tiyase, dahat mres budi nedhengywang, tandiya hana sesminta, ywa bungah den yitna wastu, yen sisip hing tekbirira.

19. Bakal nemahi tan yogi, dupi mireng Jeng Pangeran, Purubaya jro galiye, dahat denira nelongsa, mring hyang kang murbeng jagat, rumongsa lamun katempuh, ruwet rentenging keratiyan.

20. Sru maneges mring hyang Widi, sineru hing brangtanira, tan pegat siyang latrine, tan lyan kesthi hing driya, mung harjane paradiya, lan mulyane pra wadiya gung, wahuta genti winarna.

21. Mangsuli cariteng nguni, hanenggil nagri hing selat, hagung rusuh hing tatane, marga kathah tilutilan, kampak kecu bebegal, maling kroyok pus hingapus, ngadu manising bicara.

K. Dhandhanggula

1. Wus dilalah karsaning hyang Widi, nagri selat dahat rusuhira, gung jalma tan mituhu ngreh, mring laksiteng darmayu, mangke para panggedhe sami, dahat kewraning driya, pra tegis dan kumpul, rembag yen nagari selat, pinasrahna marang kijaka Mentawis, kang den jrihi duryasa.

2. Wus ngupaya nanging tan pinanggih, kawarnaha ki ahmat Kategan, kang sru mersudeng hanggane, tinrima mring hyang Agung, sakajate Kategan kyahi wus nurageng semana, tanpa lar humabur, yeku kramate Jeng Pangran, Purubaya hing manke hasring pinanggih, kelawan Kangjeng Sultan.

3. Haneng mekah kepanggih kiyahi, jro masjidilkaram pesalaman, samya catur gunem suwe, lan kang sudigbya nglangut, saben-saben wektu humiring, neng mekah gunem rasa, Kate-

gan gih tumut, lan pra Sayit Seh hing mekah, Kangjeng Sultan Hagung malah ta hing mangkin, karya wakap neng mekah.

4. Saben dalu nyareken kang ngelmi, lan pra Heseh Sayit Sarip kuthah, neng wakap kumpul harame, yeku wakap Mentarum, hawit sangking Jeng Sultan Hadi, yen sujut marang Mekah, kya Kategan tumut, nahen Jeng pangran Purbaya, swiji dinalan ahmat Kategan panggih, tanya jarweng sumpena.

5. Ki Ahmat Kategan jarwa ririh, mring Jeng Pangran penet kang supena, punika tama salahe, putra Nata kang sepuh, leresipun jumeneng Haji, ngrenggani tanah jawa, Jeng Pangran hanjumbul, tanya mring Ahmat Kategan, dhedhes-dhedhes hangudi marang kiyahi, Pangran langkung kasmaran.

6. Ki Ahmat Kategan jarwa jati, mring Jeng pangran Harya Purubaya, malah-malah dina mangke, tinari mring kumendur, harsa pinasrahan negari, sagung pra rathindiya, singgapura guyup, harsa hing ngangkat Narendra, singapura hiya hing selat negari, rembag wran saparadiya.

7. Yen ri isnen yun jumeneng Haji, haneng selat wus rembag wran ngarab, pangran duk mireng hature, ki Kategan kadyeku, Jeng pangeran ngungun tan sipi, yen mekaten kisanak, kula suprih matur, mring putreng wang sang Sudigbya, sun haturi jumeneng haneng Mentawis, howelen nagri jawa.

8. Ki Kategan nebda gih prayogi, Kadi pundi putra dika Sunan, Jeng pangran lon handikane, mangke kula lumebu, gya Jeng pangran tumameng puri, panggih sri Nara Nata, Jeng pangran humatur, Jeng Sunan dika prisakna, wirayate dipun pilih salah siji, cendak kelawan dawa.

9. Kangjeng Sunan halon manebda ris, hinggih huwa pangran Purubaya, kawula sumongga hingreh, ngong lumiring sakayun, lila teken hing srat prajanji, gya Jeng pangran sajarwa, semangke rakamu, Jeng pangran Sudigbya harsa, jinenengken Nata mring para prategis, wonten hing kutha selat.

10. Kangjeng Sunan sru krahosing galih, lan ngandika nadiyan sun tan dadiya, yen kangmas meksih jenenge, gih huwa dipun gupuh, haturana kangmas Dipati, kang murca sing pamlengan, lamun harsa kundur, suka sun dadiya sentana, nadiyan hulun jumenenga Narapati, tinilar kadang tuwa.
11. Wusnya mangkana pangran glis mijil, saking pura marang patuguran, kepanggih lawan mintrane, ke Kategan lon muwus, napa yekti rila sang Haji, legi wong ngemut gula, harang gelem jabut, lamun putranta Jeng Sunan, harsa jabut legine madu neng lathi, katon tresna mring kadang.
12. Kangjeng pangran ngandika lah kyahi, glis mangkata ngaturi hankmas, yen kasuwen menek kasep, Ahmat Kategan matur ing sak Alah mangke sun panggih, ngadat putra panduka, mring mekah yen sujut, lan kawula nyuwun surat, ngong haturken minongka tandha sayekti, dhateng putra panduka.
13. Kang supadi winangsulan tulis, hosiking tiyas Jeng pangran Purbaya, hapa nyata kyahi kuwe, kyahi tampi surat wus, marang mekah sapangu prapti, gya mantuk luhur salat, neng masjidil pangguh, lan Jeng Sultan kang lelana, bakda salat sesalaman wahu kyahi, kelawan Kanjeng Sultan.
14. Riwusira gya dherek kiyahi, marang wakap lan matur ngrerepa, hulun dinuta wiyose, mring ramanta Mentarum, pangran Purubaya tur tulis, nenggih dhateng panduka, kang srat gya pinundhut, binuka hungeling surat, kang suraseng sadaya sampun kahesthi, mring sang Prawireng ngalam.
15. Hasru legeg kemengan driya Ji, dene prajanji hasagah, jumeneng neng selat Rajeng, lan trang sangking setambul, mekah prasman blandha prategis, mertis lawan hingglan, nglaka keling guyup, meh supe nagri Mentaram, marga sangking juwet kang para prategis, dahat dera meminta.
16. Saben wahu Jeng Ratu wus mungging, ngarseng Nata ngrepa turira, sampun mekaten pamase, galiyen kang sahestu, dhuh howelen paradeng jawi, darpengong ngranupada, patikbra Sinuwun, yen tan kundur mring Mentaram, nganihaya nam-

pik prasetiyeng wadiya lit, hambucal tresnaning wang.

17. Handikane welas sih mring mami, hapuwara supe tanah jawa, jer karem lelana bae, dhuh gusti pundheningsun, datan kenging hamba ngengeri, sarwi hakembeng waspa, tansah juwet matur, dene harja kartanira, prajeng selat kawula hingkang nyagahi, lan pangreksane pisan.

18. Yen tan waget tata tentrem benjing, tempahena dhumateng patikbra, tanpa gawe dhuh cethine, yen tan saget rahayu, wirang humyat sameng dumadi, huger wonten pengaja, panduka sang Prabu, duk mireng sang jayeng lana, hing ature kang rayi nyipta yen sidhi, bangun tiyas sang Sudigbya.

19. Hangandika mring duta kiyahi, heh haturna salam ngong mring huwa, Purubaya dipun age, lawan pandunganingsun, mring yayi mas kang tengga nagri, hiki surat manira, nenggih kang wewangsul, sungena huwa Purbaya, lawan sira yen sun jumeneng Mentawis, dadiya kaleningwang.

20. Ki Kategan manembah wus pamit, pan seksana sapangu wus prapta, bakda luhur hing wancine, mangkana pan wus pangguh, lan Jeng pangran wus tata linggih, lan maringaken salam, nawalanya katur, sarta hing pangestonira, Kangjeng Sultan Hagung Mukamat Hadi, Prabu Nyakra Kusuma.

21. Tungguling prang ngluhurken agami, tanah jawa samya ngestokena, Kangjeng Rasul agamane, pada sujuta hiku, mring kalipah Rasululohi, hingkang srat wus pinirsa, pangran sru rawatluh, kembeng locana ngusapan, lan manebda benjang napa rawuh ngriki, putreng wang sang Sudigbya.

22. Ki Kategan pangran den bisiki, yen jro pura kinen ngresikana, sedene pamelengane, pangran Purbaya sampun, manjing pura nulya reresik, ratus gonda mangambar, sekar marbuk harum, pangran Purbaya kelawan, Kangjeng Suhan nyar sru haresayeng galih, nahen gentiya winarna.

23. Prajeng selat kang cinatur malih, pra manggala selat pakumpulan, hing dina isnen rembage, nguntrake Sultan Agung, kang lelana trahing Mentawis, wus pepak kang manggala,

sradadu supenuh, husar hertili samya glar, hatanapi bongsa arap miwah turki, melayu tuwin koja.

24. Hinggris prasman cina lan nasrani, siyak siyem lan hing sokadana, sipater hindhu praciskeh, baweyan kalipuru, wran menadhu butun prategis, minangkabu medura, mekasar sonderhut, timur bangkulu myang penang, jambi bugis bima padhang tuwin bali, kabawah mring Mentaram.

25. Duk semana hari septu henjing, pra manggala samya yun tundhuka, mring Sultan Agung ngarsane, seksama pan wus pangguh, tur hupeksi yen dina isneni, rembag wrang saparadiya, kuntrak isnen dhawuh, supaya harja kartowa, hing sesakit wran druhaka dimen heling, jujura pra dagangan.

26. Wang-wang risang Sudigbya linuwih, hangandika mring panggedhe samya, ywa dadi tiyasira kabeh, hingsun lenggana tuhu, yen jumeneng neng praja ngriki, dene yen paripeksa, sun trima sedarum, tresnanira marang hingwang, dene sira masrahken harjaning nagri, hingsun kang nyanggupana.

27. Pra penggedhe samya mangestuti, wangsul karwa panduka Jeng Sultan, sang Sudigbya ngandika lon, hiya jumeneng ingsun, tanah jawa nagri Mentawis, dene praja hing selat, dadiya bawah hingsun, singgapura ya meluwa, tanah jawa yen hana kisruhing wuri, manira kang nanggulang.

28. Lan humatur pra panggedhe sami, yen mekaten sangking dhawuh tuwan, tanah jawi hesdu yen gedhe, nanging panuwun hulun, minongka prajanji hing wingking, sakehe wangsaningwang, hing sapungkur-pungkur, klilana mastuti dagang, sehenggoning kang kabawah pulo jawi, sagah wahu Jeng Sultan.

29. Wus pinaring pratandha Nerpati, gunging para pramukeng hing selat, kelangkungsokur hing tiyase, hantuk prajanji mulku, nadiyan silih gusti tan hapti, nanging ta isnen henjang, yekti sanga Prabu, kawula haturi tedhak, mriksanana barise habdi hing ngriki, drapon luntur kang tresna.

30. Yen hing selat dadiya bawah Mentawis, nenggih dhateng pulo tanah jawa, kraton Mentaram kang ngereh, rame kang adol tuku, tur tanana cengil myang ngutil, druhoka dimen sirna, kecu jrih keplayu, wus sagah wahu Jeng Sultan, senen henjing pukul pitu kula prapti, sira pada pepaka.

31. Sagung dagang suka pamit sami, nulya prentah yen ri isnen henjang, sung kurmat mring Ratu gedhe, golong sakupu-kupu, sumekteng prang hingkang prajurit, busikan wadiya hing selat, lir yun metu pupuh, kang merdika nyuwun berkah, ingkang supaya gelisa laris, sri Nata berkahira.

L. Sinom

1. Kojarna Sri hing Mataram, hing kang winuwusa malih, Jeng Pangran lan Sunan hanyar, ning jro pura hareresik, dene pra tiwa haji, sentana meksih hatugur, huneng rekyana patia, Pangran Mandura negari, hantarannya jumeneng mantri wasesa.

2. Namung hangsal kalih warsa, ketaman roga ngemasi, lan harenira pangeran. Juru Wirapraba hugi, hing mangke sami lalis, sinare kekalihipun, haneng hing pagambiran, mung kantun ki Juru Kiting, hingkang meksih sinung panjang yuswanira.

3. Yata harsanya Jeng Prangran, Purubaya hapri tuwin, sabyantu lan Sunan hanyar, salowoke kyana patih, mangke mung den wakili, mantri kadipaten sepuh, Tumenggung Sindureja, juru Wirapraba siwi, nging pangwasa gumantung haneng Purbayan.

4. Wus wraden hundang Jeng Prangran, biyantu lan karsa Haji, lowoke mantri wasesa, Sindurja dadi wewakil, hangret pratiwa Haji, gung kuswata sahur manuk, huneng kyahi Kategan, wus tumameng jroning puri, dian humarsing hing ngabyantareng Narendra.

5. Humatur mring Kanjeng Sunan yen dinten setuduk wingi, keh panggedhe dagang sebo, mring raka panduka Haji, rem-

bangipun dadi, kadar panireng panuwun, nadian boten kersowa, jumeneng selat nagari, panuwune dinten senen kinen lenggah.

6. Hing kithaselat tedhaka, pra panggedhe hadreng kapti, hari soma mupakatan, panggedhe rembage sami, rakamta handhangani, panuwunira tinurut, nanging rakanta Sultan, malem isnen kondur mriki, pangran tanya rawuhe wanci punapa.

7. Ki Kategan lan hatur nya, hantawis kula sang Ngaji bakda salat rawuhira, satengah sanga tan tebih, dian wahuta sang Ngaji, neng plataran samya sujut, hanganti rawuhira, sang maha Jeng Sultanadi, duk semana hanuju terang purnama.

8. Nahen danguning ngantara, tabuh sanga hamarengi, kya Kategan macam dunga, duta handikaning Nabi, selamet nora kari, samya tumengeng mandhuwur, gandaning Ratus hangambar, nrus sumundhul hing wiyati, wang-wang muji tesbehe sami hingetang.

9. Samantara hing ngakasa, sumilak padhang nelahi, hima-hima sru gumiwang, kawuryan hamparanaji, lir gedhah saking nglangit, cumborat sahingga daru, birem kendih kang purnama, kang cahya hamparanaji, ngima-hima ting kerlap habra markata.

10. Wimbuh soroting bawana, ting kareyep ting karethip, neng tawang lir lintang hajruh, hupama budaking nguni, sayekti lamun mirip, yayah ywang Bathara Guru, tetinjo mring Rahwana, kinen luwar dera teki, lamun Islam sahingga Nabi Suleman.

11. Hing jawi rame gumerah, mawungi swaraning ngejim, sakehe jalma tumingal, mahyang jena daru laris, yata hamparanaji, ririh wus prapteng kedhatun, Sindurja glis hutusan, nyuwun priksa dalem puri, jroning pura sahingga wisma kabakar.

12. Jeng Pangran lan Sunan hanyar, kamantian harsayeng galih, miyat rawuhing Narendra, sinongga jemparing ririh, tekeng

bantala haji, kang rayi ndan ngrahup suku, hudrasa lir wanita, ketang honenging raka ji, de Jeng Pangran Purbaya nuwun salaman.

13. Sakamantian honeng samya, kya Kategan hatur bekti, Nata meksih neng ngamparan, lawan rayindra sang dewi, nanging priyagung sami, tan huning mring sang murdeng ngrum, nulya Jeng Ratu tedhak, tindake tan ngambah siti, Sunan hanjar lan Pangran Harsayaning tias.

14. Wus dumugi honengira, Jeng Pangran humatur haris, yen kalilan Kanjeng Sultan, kawularsa nuwun mijil, mring jawi marentahi, dhateng Sindurjasa-wadu, wahuta risang Sudigbya, hangandika harum manis, sakarsanta huwa haywa walang driya.

15. Dene dhimas hakantuna, neng jro pura tunggu mami, Kangjeng Pangran Purubaya, jumurung karsaning Ngaji, Jeng Sultan ngandika ris, yen nayogyani karseng sun, kanggonira sini waka, tabuh sadasa prayogi.

16. Jeng Pangran hanulya mentar, prapteng jawi sampun panggih, lan wakil mantri wasesa, sak liring dhawuh wus titi, bermintanira wus nir, Sindurja harsayeng kalbu, tanana sri Mentaram, hantuk nugraha suksmadi, desa-latri padhang ira lir rahina.

17. Rekyana patih Sindurja, hundhang mring wadia pasisir, monca praja lan Mentaram, dupi mireng sukeng galih, hing para prihejim, samya neng tawang gumuruh, kawuryaning galibyar, kacaryan kang samya meksi, kang para jim tan pegat ngudan ken kembang.

18. Hing mangke nagri Mentaram, lemah rum banyu gonda mrik, direng gandaning prayangan, yeku kang hasung wawangi, kocap kang haneng puri, honeng sang kalih hanutug, mangkana Kangjeng Sultan, hangandika mring kang rayi, benjing-henjing yayi parenga pun kakang, hangrawuhi aneng nagri selat.

19. Kang rayi matur sendika, Jeng Sultan hagung Mentawis, henjing wus nitih wimana, kanyaka unengga hadi, kangnongga para he jim lir Nabi Suleman Prabu, kang rayi Kyat kacaryan, lamat-lamat tan kakeksi, Sunan hanyar tanya mring kyahi Kategan.

20. Kapriye Ahmat Kategan, kaka prabu yen tan bali, humatur, Ahmat Kategan, panduka sampun kuwatir, wastu rakamta kaji, saweg dumugeken kayum, tindak dhumateng Selat, panggedhe sampun hubanggi, tabuh pitu benjang wus rawuh hing ngrika.

21. Jeng Sunan lan ki Kategan, kang kantun neng jroning puri, ki Kategan lon turira, panduka busana kriyin, tabuh sadasa mangkin, Jeng raka panduka rawuh, Sunan nurut busana, sigegen nagri Mentawis, winursita kang mahawan hing gegana.

22. Neng wiyat halamat-lamat, hingiring prajurit-jim, penganggenira sarwendah, neka warna kang prajurit, Jeng Sultan lan kang rayi, tan pisah neng palawanu, wus ngungkuli kedhatian, hing Selat tan wran sanagri, sru gumuruh samya gitaginupita.

23. Neka-neka hantenira, kebekan wran Selat nagri, kongsi tan bangkit lumampah, saking kehe jalma prapti, nyuwun berkah pra sami, mring Gusti Jeng Sultanagung, yen wran dagang gelisa, payu denira hagrami, kang tan duwe mamik saha hutang ira.

24. Yen jalma tuwa hantuka, supangat Nabi sinelir, kamulyanireng delahan, neng dunya nemu suwasti, tetep himan ywa gingsir, mring laksiteng kadarmayu, mugi hantuka berkah. Kanjeng Sultan hing Mentawis, hingkang mundi hagamane Nabi duta.

25. Humyang swaraning wran kathah, mangke wus tita kang baris, seseg blabar gung ing wadia, sajuru-juru merneni, dene kang pramugari, neng tengah genira tugur, samya mangarsa-harsa, rawuhe Sultan Mentawis, meh jam sapta gyamireng tawang gumerah.

26. Lan padhang hasri kawuryan, penganggone kang prajurit, mawa praba sru gumebyar, kendhih soroting ywang rawi, kacaryan kang humeksi, dan ngampar laksitanipun, keh kuda kamigelan, kuwatir yen hanindhihi, nging para jim, baris tata haneng tawang.

27. Nulya wahu kang hamparan, manglayang wus tekap mungging, samadianing pabarisan, katgada panggede sami, majeng sarta turbekti, Jeng Sultan ngandika harum, heh mara hundhangena, sagung Selat wran kang radin, yen kang Selat kabawahing tanah jawa.

28. Hiya padha ngestokhena, Selat Singgapura hiki, wilayat marang Mentaram, yen hana wran jahil drengki-yiku hing dhawuh mami, den hatut dagang lan tuhu, padha hamituhuwa, parentah ngong mrih darma di, sapa hingkang tan manut manggih cintaka.

29. Semana wus nir tias murka, pra dagang samya mestuti, mring dawuhira Jeng Sultan, brastha jalma hingkang sisip, tan hana nedia kidik, sadaya sami mituhu, mandar samya merwita, mring labuhan kang hutami; wran sapraja kaluberan kang bintapa.

30. Hing mangke para manggala, dupi myat saguning jalmi, gya nir kang laksiteng awarta, kari yit nane kang suci, samya hayem gung jalmi, wahuta jim kang neng luhur, dan kasuba manggala; senggani swara rum ngrangin, kang hamyarsa sadaya samya kascaryan.

31. De jim kang haneng gegana, patang kethi hamiranti, penganggone sarwa hendah, kancit pra manggaleng he jim, suba kastawa sami, haplekat winaca kasru, swara tiniyup marang, jim kang haneng widik-widik, suraseng srat, hundhangnya Sinuwun Sultan.

32. Heh ta padha wruha hundhang, jalma Selat gedhe cilik, sumawana para dagang, yan paradia Selat mangkin, wilayat mring Mentawis, tanah jawa kang hamengku pangwasane Jeng Sultan, hagung Mukhamat rat hadi, Prabu Nyakraku-

suma Ngabdurahman.

33. Sayidin panata gama, klipatolah sena-Pati, ngalaga samsumirijal, tungguling prang digbya murti, lelancur nungsa jawi, ngluhurken hagama rasul, kaiden Nrum myang Ngarab, marma wran Selat semangkin, datan kena rusuh karya dora cara.

34. Marang wran kang samya prapta, kang cariyos tung pra sami, pacuwan hundhang Jeng Sultan, yen karya laku dur niti, manggih ngleksana yekti, yen hana gelan wong hiku, hagawe nyanyah-nyunyah, rusuh duryasa lan drengki, karya palsu sayekti nemu pidana.

35. Sagung wran kang hamiyana, palehat dawuhing Ngaji, kang swara sru tela bela, mring ngawiyat hapiyarseng jim, wusira palastha glis ndan munya mriyem jumegur drelnya mbarubul lir hobah kang bumi gonjing, peteng dhedhet saking kukusi sundawa.

36. Dene kang samya sung hurmat, prasman hinggris lan sepehi, malaka jambi myang penang, mekar butun prategis, hindhu sonder hut prancis, holan bugis minangkabu, padang bangkalu nyoja cina gembrenge tinitir, wran merdika sesantri hamaca slawat.

37. Siyak siyem sokadana, benggala tuwin hingasih,' timur kopang lan hing banjar, bima ngambon, tuwin bali, keling Sepanyol nenggih, menado lawan hing ngerum, ngabesi mesir selan, hasung hurmat hing sang Ngaji, pan wus terang gegentine Nabi duta.

38. Hasesanti hing ngawiyat, dewadiaprayangan lan jim, neng tawang gumrah swaranya, pracalita hobar-rabir, samya ngudan rukmi, winor gonda lan rumarum, mangkana Kanjeng Sultan, ngandika mring patmi sari, hareningsung nimas Ratu hapa sira.

39. Wus matah punggawanira, kang rumekseng Selat nagri, Raja dewi hatur sembah, hinggih catur niyakeng jim, sewu hingkang prajurit, de dhawuh hulun sang prabu, lamun rina

ngumbara, yen dalu kinen lir jalmi, dimen giris kapok maring laku duryasa.

40. Malah hing hagnya kawula, marang pra mukaning ngejim, hulunken mindha dagangan, hing kang wawarna dehadi, supados den meliki, dhateng wran kang hambeg, rusuh, dimene hamariya, helinga marang Agami, hagnya hulun saking pangestu panduka.

41. Yen mengkono harening wang, sun wentara hiku yayi, kaya wus cakup kang hagnya, sagung pirantining jalma, woya wahu sang kadwi, katgada ngumbara nglangut, hamblas silem daratan, tekap paradieng Mentawis, kang hamulat samya kacaryaning driya.

42. Wus tumameng dhatu laya, sakedhep netra sang Aji, harsa miyos sini waka, sikep keprabon Nerpati, rayindra datan tebih, Pangran Purbaya neng ngayum, miwah kyahi Kategan, munging wurining Nerpati, dene wadia jim peri ngayap sang Nata.

43. Gumerah jim lan manungsa, gegana jim pri lan thathit, samya hangsung pakurmatan, senggani swara rum ngrangin, ngengleng haningali, manggung bedhayanya prabu, tambur munggang hangangkang sang Nata mungging sitinggil, wus pinarak haneng bale singasana.

44. Rahina sri Nara Nata, pinarak dhedhampar rukmi, hupa caraning Narendra, de kang ngampil pra jim peri, manungsa ngampil tebih, kang perak datan hadulu, mung gandanira ngambar, mus muleg nampeg kang ngampil, yen wran hagring padha sdhela waluya.

45. Kang neng kanan kering Nata, kang jagi prajurit hejim, myang prayangan tan katingal, dampar retna celak haji, yen tinon tan kaheksi, palenggahane jeng Ratu, suwuk kang pakurmatan, munggang rep swara ngerangin, gunging wadia tanhana hing kang subawa.

46. Yen sinawang sri Pamasa, lir ywang Jagatnata lagi, pinrak bale marcu kundha, dewi Humadherek nangkil, sawastu bu-

sanani, pamedhan cahya ngenguwung, sagung wadia pratiwa, samya jrih tresna mring Gusti, kang sumewa samya wareg tanpa boga.

47. Girang hinggar gunjing jálma, kang sewaka Narapati, dadia pikuwating wadia, kamantian senenging galih, hestu Ratu kekasih hira Jeng Nabi Panutup, wang-wang Nata sesminta, mring peri kang mindhajalmi, hiya hiku Sepetmadu harinira.

48. Habdinya sang Naheswara, jim pininta kadia jalmi, Sepetmadu timbalana, huwa Purbaya myang patih, manembah kang sinungling, mijilan Pangran wus tundhuk, tenapi ki Sindurja, kerit ngabyantareng Ngaji, kinen majeng Pangran Purbaya pranata.

49. Wus lenggah kursi neng tratag, Sindurja mungging Ngarsa Ji, sri Pamasa rum ngandika, huwa Purbaya hing mangkin kang dadi karsa mami, yen huwa pinujweng kayun, tenapi siha patia, palekat ngong madek Haji, hundhangena mring awulengsun Mentaram.

50. Hing mangke manira wulang, gon manira nglaya bumi, dhedhep sirep tan subowo tenapi wadia Mentawis, gya Pangran bukak tulis, penget hiki handhang Prabu, Hingkang Sinuwuh Sultan, Hagung Mukhamat rat jawi, Prabu hadi prakosa Nyakrakusuma.

51. Ngabdulrahman sayidina, panata nagama suci, kalipatolah tungguling orang samsurijal nungsa jawi, ginaib hing ywang widi, kinasihan Kanjeng Rasul, mersudeng hing hagama, Islam hing ngumat sakeh ning, kahidenan Raja Rum setambul Ngarab.

52. Jumeneng haneng paradia, Mentaram tuhu ngrenggani, hamengku rat tanah jawa, miyarsaken gama suci, kinen mrentahna sami, sarengatira Jeng Rasul, salalahu wasalam, mangkana handhanging Ngaji, Kangjeng Sultahagung paradieng Mentaram.

53. Segunging kawulaning wang, Mukmin bawal muslim mati, lan Mukmin lanang lan kenya padha ngestokena sami, hag

nyanira sang Ngaji katrus trang saraking Rasul, padha sira nebuta, kalimah kang pesthi kalih, yen tan hanut hamesthi hantuk druwaka.

54. Yahiki parentahing wang, sapa kang maido dalil, pesthi kekel neng naraka, lawan dadi satru mami, lan satrune pra Nabi, mungsuhira wali kutup, lan tan kantuk berkahnya, lelancure tanah jawi, poma-poma padha sira ngestokena.

55. Hing samengko karsaning wang, Sindurja sun lih kang nami, ran tumenggung Mondaraka, tetep dadi wrong kakami, huwa Purbaya mangkin, kadadiya kami sepuh, nyekel sagung majegan, pasisir monca nagari, sunlilani ngagem payung kertas jenar.

56. Hanama ha Panembahan, titi hundhanya sang Ngaji, Isnen kliwon kaping sanga, wulan mukharam mongsa dwi, wukunya warigalit, Alip langkir lambangipun, nuju windu mangkara, warsa lan den sengkalani: marga tri tinata deneng Narendra. (1535) C.

57. Hari Kangjeng Panembahan, Purubaya sena Pati, mareg mangarseng mring Nata, lenggah ngandhap munggeng kursi, sang Nata ngandika ris, dhuh gentine rama Prabu, tompa janji manira, huwa Purbaya semangkin, hingsun pasrah sagunging putra sentana.

58. Manira luwih pracaya, pantes huwa melu mukti, harja gemah tanah jawa, huwa tumut handarbeni, Jeng Panembahan haglis, piyayama prasetieng Prabu, sang Nata hatur hamba, yen media balela pikir, pun Purbaya dede trahe Kangjeng rama.

59. Nulya sang Nata ngandika, Mondaraka patih mami, ya sira kawulaning wang, jer sira werongka mami, sun percaya sayekti, gonira ngreksa keprabun, lan junjung-junjung sira, hing luhuring kraton mami, kang sinungling kamantian kasmaranira.

M. Asmaradana

1. Tumenggung Mondaraka hangling, kawula pun Mondaraka, hingabdeken sri Pamase, jinumput sangkaning ngandhap, simengkaken ngawiyat, kinula wisudheng Prabu, miner cahya kraton Nata.
2. Yen kawula nedia silip, mamrih rentenging paradia, nyuprih pendheking karaton, kalamun tan ngestokena, satataning Mondraka, dhateng kawula Mentarum, karya ru balela Nata.
3. Sampun tuk berkahing Gusti, lan supangat rasullolah, Jeng Sultan ngandika halon, ya banget tarimaning wang, muga sira hengeta, prasetianta marang hingsun, muga hantuka raharja.
4. Mondaraka duk nampeni, hing sabela kang manuhara, kamantian harsayeng tiase, dian majeng mangrahup pada, hing aras-saras wantia, tandia kyana patih mundur, wangwang kya geng Wanatara.
5. Yeku kalih duk suwargi, kyabi Hageng Wanatara, tan kantun ki Kategane, neng wurine Wanatara, minongka seksenira, denira kyahi Pangulu, tampi dhawuhing Narendra.
6. Heh Pangulu hing sahiki, sira tompa bingatingwang, sun wus pracaya semangke, laksiteng hukum sadaya, sira kang benerana, kawuleng sun durung wruh, wajib sira mangertekna.
7. Sun gawe wewakil mami wratane Agama Islam, sira kang wruh laksitane, Agamane Jeng Mustapa, yeku sira tindakna, rih-hirihen dimen manut, hing ro padeng prama widia.
8. Kya Wanatara tur bekti, marang Jeng sri Nara Dipa, nembah mangkana hature, kawula kinarya badan, wakil kalih Nalendra, yen datan trus wakilipun, mug hantuka druwaka.
9. Nata sebda sada raning, Pangulu ya sun tarima, prasetianira maringong, nulya Jeng Sultan ngandika, mring hari Martapura, ngabektiya jeneng hingsun, kinarya tepa tuladha.

10. Yen wus riningsun ngabekti, nuli sagung pra manggala, pasisir monca nagrine, padha sira ngabetiya, marang jineng manira, pratandha yen sira sujud, ngaku Ratu jeneng hingwang.

11. Manembah sadaya genti, sujut marang sri Pamasa, kemput mantri manggalane, sawusnya dan tata lenggah, hatur hurmat mring Nata, tandia niswara jumegur, hardi mrapi hamerbawa.

12. Sagung gunung samya muni, guthaka song sru tengara, mancurat hurmat sang Katong, Ratu samya binatara, ngluhurken Agama Islam, sang Raja dewi hundang wus, mring gandarwa jim prayangan.

13. Sedene seluman peri, lelembut sa tanah jawa, mireng hunchang sri Pamase, kang jala nidhi merbawa, jenggunuk kang halun hurmat, parang lir rencem tinempuh, suka sesining samodra.

14. Gunung jurang karang kali, hing wana sak hisenira, samya ngestu jumenenge, Jeng Sultan Hagung Mentara, ngrenggani tanah jawa, tanana wran hinggkang rusuh, jrih hundange sro Pamasa.

15. Wran cilik seneng Agama, hanut karsaning Narendra, samya hang ibadah kabeh, hacahos jim pri prayangan, seseg penuh suramba, semanten wran hing Mentarum, samya karem gentur tapa.

16. Dahat jrih dawuhing Ngaji, yen lali jim pri prayangan, manungsa kang ngelekake, marma wadia hing Mentaram, berkat hang sandhang boga, hatulus barang tinandur, saking harjaning negara.

17. Hantra jumeneng Ngaji, nenggih hing kang winursita, Jeng Pangran Martapurane, kelangkung mukti wibawa, hing ngugung dening Nata, sakarsa-karsa jinurung, reh ning Pangran darbe roga.

18. Limut tias hasring wiyati, dadia tansah ngendra laya, lelana tan buh jujuge, nglangut mring kang kabudayaan, mireng

hing prama widia, mring paradia nawis kundur, Jeng Pangran saya kalunta.

19. Kang dherek habdi mung kedhik, haning bagelen nandhang grah, ngandika weling dasihe, yen wonten karsa ywang Suksma, ywa bineta Mentaram, sinarekna sakgenipun, ngestuti kang sinung sabda.

20. Yata dhumateng hing jangji, Jeng Pangeran Mertapura, layone sinarekake, hing Pagelen dhusun Sela, wastane hingkang cala, harga lit sinunggun-sunggun, mring wran kanan keringira.

21. Kapriksa raka sang Ngaji, nglestantunaken kewala, nireng pagelen kubure, nahen malih winursita, kojar nagri Mentaram, kalokengrat Ratu Hagung, Prabu Hanyakrakusuma.

22. Tegese jejuluk khaji, dene sakehing kusuma, prasamya ngadhep sang katong, wastu tan kenging tetulak, wus pinanci dening ywang, sakehe lelembut suyut, hapan bekti kumawula.

23. Wondene sang Raja dewi, wus kundur marang samodra, denya marek sri pamase, sajumenengira Nata, haneng nagri Mentaram, pendhak ri mondha siyeku, pri tuwin yen hari Sukra.

24. Wondene yen hisnen kemis, Jeng Ratu nganglangi wadia, mring jim pri kang kemit katong, prayangan dhanyang gandarwa, tri kethi tigang leksa, tri hewu myang tigang ngatus, tri dasa langkung tetiga.

25. Yeku kemit kang wus mesthi, gilir gumanti hatata, tan kena gothang sawiyos, gejawi prajurit rondha, kathahe pitung sasra, pepitu manggalanipun, jim pri prayangan gandarwa.

26. Prandene datan ketawis, rehning laksita kajiman, kang huning mung sri Pamase, wadia manungsa tan wikan, rehning habadan wadhag, kadhang yen narsa wulangun, haceng krami mring Mancingan.

27. Mila kasebut sang Ngaji, pan kekalih kedhatonya, hing nga-

lam lahut sawiyos, kalihnya nagri Mentaram, hawit Jeng Nahiswara, hiyeku jeng Ratu Kidul, ginarwa marang sang Nata.

28. Semanten Jeng Sultan hadi, hantara hantuk sawarsa, denira jemeneng katong, Suratani hingkang harsa, sinundhawara marang, bang wetan mene sang Prabu, henjing miyos sini waka. (Kangjeng Sultan Hagung, satelukipun Pangeran Wirasaba, lajeng dipun sedani sak nalika, Kangjeng Sultan siniwa ka sitinggil).

N. Mijil

1. Heh ta patih mengko karsa mami, si paman sekaron, Wirabumi Wirakusumane, padha hingsun dadiken Dipati, Wirasaba sami, pinaro den rukun.
2. Matur nuwun sandika sang kadwi, ngling malih sang katong. Wirasari hingsun seng kakake, haneng renon harana dipati, nembah Wirasari, tur sandika nuwun.
3. Singaranu gentenana linggih, medanani kang wong, mantri sewu sandika hature, de hanake kang sira genteni, sun tetepken linggih, ngalih henggonipun.
4. Hanjenengi yasi Wira mantri, dadiya kaliwon, gruwa hondha kang lowok lungguhe, dene hanakira ya sesindhi, kang sun kon genteni, rana Resabahu.
5. Jagabaya numbak hanyar mati, lungguhe sun paro, nyewu sewang kang sun gentekake, Alap-alap jeneng Hadipati, Panular nisihi, Haryo haranipun.
6. Si Dipati Semarang kang waris, reh ning hanak wadon, sun paringi pangan sak pantese, nganggur bahe de kang lanang meksih, maganga pribadi yeku karsaningsun.

r7. Hingkang padha ngucira hing jurit hiku hingsun lorot, wus weradin hadile sang Rajeng, sri Narendra gya kundur mring puri, pra monca nagari, pasisir wus mantuk.

8. Kawarsita hing Pajang Dipati, mirong mring sang katong, meri duk prang Wirasaba hakeh, wran ginanjar myang jinunjung linggih, hing Pajang sru hingkin, kekes jroning kalbu.
9. Patihira Sumabrata mangkin, ngrembagi rumojong, yagi jangkah Gusti bawa dhewe, yen sakinten tan heca hing galih, luhung hanunggili, hing tuban yun ngluruk.
10. Hing Mentaram swawi den panggihi, biyantu rerempon, sang Dipati duk miharsa ture, patihira lajeng karya tulis, duta mentar haglis, mring tuban srat hatur.

(Sesampunipun prang hing nglasem).

O. Sinom

1. Kang sumewa wus bubaran, sowang-sowang haneng margi, sabedhahe pasuruhan, hanenggih den sengkalani, heka catur panca Ji, 1541, hanahen hingkang winuwus, kyahi Geng Wanatara, lami denya dadia kali, namung hantuk kalih warsa gya kagentian.
2. Pangran Kapodhang kang dadia, hantuk dwi warsa ginanti, dening kya Pangulu Serang, kugi namung kalih warsi, pralaya 'gya ginanti, karsanira sanga Prabu, hing kang kinen gumantia, dadia kalining sanga Ngaji, yeku kyahi Pangulu Ahmat Kategan.
3. Wonten malih winursita, Pangran juru Mayemditi, lama dera dadia jeksa, jamane Jeng Sultanadi, sawusnya henem warsi, reh ning sampun sanget sepuh, arsanya sri Pamasa, Pangran juru Mayemditi, linulusken panuwune Hamegawan.
4. Haneng dhusun Pagambiran, pinanci bayar myang sabin, sinung nama Panembahan, merdika tan kenging kardi, kamantian denya mukti, kinasihan hing sang Prabu, dene hingkang gumantia, dadia jeksaning Nerpati, hingkang nama mas kiyahi Sutamarta.
5. Dene hingkang puja hangga, dadia jeksaning Nerpati, tanowah meksih nguni nama Tumenggung Japrana, hananggih

datan ginanti, sigeg-gentia winarni, wahuta hingkang winuwus, Tumenggung Mondaraka, denira jumeneng patih, hantarane namung nem warsa pralaya.

6. Tan tarbe waris ki patia, mangke karsane sang Ngaji, padheme mantri wasesa, dereng wonten karsa Haji, hingkang kinen gumanti, wahuta hing kang winuwus, nenggih Pangeran Pajang, dhasare wran sakit galih, kadatengan dipati Mandurareja.
7. Tansah sedalu guneman pating kalesik sakahit, balila pangabdenira, harsa ngraman mring Mentawis, wran wetan kang den kahit, wusananya giliging rembuk, henjingira bubaran, Jeng Sultan sampun hudani, nging sinamun henjing miyos siniwaka.
8. Menggep haneng banci raya, hingapit hupacara sri, pepak kang para sentana, nararya bupati mantri, supenuh pra prajurit, sri pamasa ngandika rumheh padha myarsakna/sakehe punggawa mami, si Tumenggung Singaranu hingsun hangkat.
9. Dadiya pepatih hing wang, hamrangkani, karsa mami ngimpunana wran Mentaram, gung wadia samya mestuti, ki patih munggeng ngarsi, den hanyari sanga Prabu, dimangu rehing Pajang, dene tanana sumiwi, patih matur tan wonten persabenira. (Satelukipun Panembahan hing Surabaya dipun res, wonten prampelan).

P. Maskumambang

1. Pangran Surabaya kamantian mlas asih, nahen gentia kocap, mangsuli cariteng nguni, nenggih Pangeran Juminah.
2. Sinung nami Panembahan mring sang Ngaji, sarta tinariman, hibu dalem Sultanadi, pinaringken wus kagarwa.
3. Dene Panembahan Juminah gya siwi, dwi hingkang hatmaja, hingkang werdah miyos putri, kinramaken mring sudarma.
4. Hangsal Panembahan juru Mayem nenggih, rantenira priya. Pangran Balitar wewangi, wonten malih kang carita.

5. Kyageng Bangkung lan Jalasutra sayekti, kadang tunggil yayah, rena nunggil guru ngelmi, katrine kya mat Kategan.
6. Catur kyahi jejer sami gurunadi, mring Pangeran Bayat, wayah pandanarang nguni, Jeng Sunan Bayat ping tiga.
7. Kertartingrat terusing paningal sidik, kapriksa Jeng Sultan, hagung wang wang di guroni, wutah ngelmuning karatian.
8. Datan lami lajeng seda den saheni, marang Kanjeng Sultan, makam winangun respati, gapura tinundha sapta.
9. Sinung bangsal paseban kelawan mesjit, namung pager bata, hing kang dereng kongsi dadi, nging wus ngadeg jumuwahnya.
10. Wran hing prapat monca lima hakeh prapti, tumut bar jumuwah, trahing Bayat kang ngimani, wastu Pangeran merdika.
11. Ngreh para mantri miwah juru kunci, nahen winursita, garwane jeng Sultanadi, tetiga nenggih kang werdah.
12. Ratu Kilen hangsalira saking pathi, sadherek dipatia, pragola kleres taruni, hasepuh hanglir sang retna.
13. Kang panengah winursita kang sesiwi, Oliya sing ngarab, trah rasul mlana ngejawi, ngerjaken dhateng paradia.
14. Hapeputra sajuga mijil kenyadi, ginarwa Jeng Sultan, dianayu wetan wewangi, dene garwa nyang taruna.
15. Kang hanama rasa Sengkan duking nguni, yeku kang hatmaja, kiyahi jejer sayekti, katiban lahetul kadar.
16. Dian ginarwa marang Jeng sri Narapati, nenggih sinung parab, dianayu Hanom kang wangi, nahen mangsuli carita.
17. Garwa dalem Ratu kilen saking Pathi, patutan satunggal, priyoga kendhang sang dewi, reh hamurang nitikrama.
18. Lawan malih karsanira sri bupati, garwa saking Pajang, sinung nama prameswari, Ratu kilen namanira.
19. Dene radian hayu Hanem karsa Haji, hugi sinung pangkat, naina Kangjeng prameswari, Ratu wetan wewanginya.

20. Hapranyata kekalih Jeng prameswari, dereng hapeputra, jalaran sri Narapati, ti harda gentur subronta.

Q. Sinom

1. Kuneng mangsuli carita kojar Kanjeng Sultanadi, sadereng nya tuk nugraha, madeg kalipatolahi, ngaliyolah hing jawi, darbe perpat wartanipun, laweyan kulit seta, juru taman kang wewangi, sekti mondra guna lan wignya nyeluman.
2. Juru taman pinaringan, hing donalaya, kang panti, patamanan donalaya, pernah sakilening puri, sira laweyan putih, habdi teturunanipun, saking Jeng Panembahan, sena pati ngalaga di, kang kimondha kala prang paradia Pajang.
3. Kangbithi mring jajanira, nguni Sultan Prabu hadi, hamijaya nagari Pajang, marma jeng Sultan dahat sih, marang laweyan putih, yeku mula-mulanipun, pranyata juru taman, datan pegat siyang latri, sabeng pura mareg ngarsaning Jeng Sultan.
4. Pinaringan gung tetedhan, hanglir satataning jalmi, handinadina tan kurang, de karsanira sang Ngaji sira laweyan putih, pininta pakaryanipun, manawi wonten mengsah, ripu hingkang lampah rempit, juru taman yakti wajib nanggulanga.
5. Lan menawa Kangjeng Sultan, yen harsa lelana tebih, jurutaman datan pisah, nyunggi dedhamparing Ngaji, winangweng widik-widik, pundi gyan hingkang tinuju, mring karsaning Jeng Sultan, sayekti sapangu prapti, duk semana hanuju sawiji dina.
6. Jeng Sultan harsa lelana, tindak Mring Banten negari, badhe mariksa jajahan, kang pakewuh lan kang gampil, karsanira sang ngaji, hing benjang lamun pinunjul, hing prang saking Mentaram, perlonira kang supadi, hawya kongsi rekasanira kang wadia.
7. Marma Jeng Sultan seksana, tindak maring Banten negari, mungging singasana retna, jurutaman kang hanjunggi, mahawan hing wiyati, dupi tindak wanci surup, thekap Banten

paradia, nenggih wanci bakda mahrib, haneng marga dadia muhung satengah jam.

8. Semana mongsa katiga, sumilak ngakasa jernih, marengi wulan purnama, mila genira mriksani, jawi lebet negari salesih sedayanipun, kaputren tan kaliwatan, duk prapteng nginggil pendhapi, Sultan Banten marengi lagya ringgitan.

9. Kocapa wahu Jeng Sultan, kang mahawan hing wiyati, lenggah singasana retna, sinunggi laweyan putih, dupi myat hana ringgit, wasana hanabda miyum, heh payo jurutaman, manirarsa neningali, wayang Banten kaya paran patrap pira.

10. Jurutaman lan hatur nya, hulun dahat hamambengi, tan sayogya yen humiyat tanpa damel reh puniki, panduka Ratu luwih, yen kawanguran sahestu, karya heweting lampah, rehning hing Banten negari, dereng nungkul dhateng paradia Mentaram.

11. Jeng Sultan sendhusabdanya, heh laweyan ywa malangi, hingkang dadia karsaning wang, sira haja walangati, jurutaman hestu jrih, dian winawa ngemper sampun, pinernah haneng pendapa, hingsun gyunnya hawan ririh, dene jurutaman jaga mungging ngarsa.

12. Nyiluman lan sitanira, mang hana Jeng Sultanadi, heca denira tumingal, wayang purwa neng pendhapi, nuju jejer metoni, sri Kurawendra sang Prabu, katekan danardana, mahatma ngantep prajanji, puwarane dadining prang brantayuda.

13. Dahat dangu nulya hana, wadyeng Banten kang hudani, yen wonten priyagung lenggah, menggep neng dhedhampar rugmi, bagus hanom respati, cahya jumbuh lan sitengsu, sahe wewangunanira, lan jalma Banten negari, nulya gita tur hunig mring Ratunira.

14. Duk Nata Banten satompa, haturira hingkang dasih, gupuh gedhak mring pendhapa, sareng tepung hing pangeksi Sultan Banten hestu jrih, gumiter saliranipun, kasor praca prabawa, kontap hing cahya nelani, Sultan Banten mendhak halon hapiyama.

15. Pukulun tigas kawuryan, panduka priyagung pundi, dene rawuh tanpa sangkan, dadosken kerdiat tias mami, sedene tan peparing, cacolok dawuh mring hulun, kawula sayektinya, kang tengga negari ngriki, hingkang sudi mastani nama kawula.
16. Hinggih Sultan Pakuwatia, duk mireng Sultan Mentawis, mring hatur pambagyanira, Sultan Banten Pakuwati, tembung kang memalat sih, lan ngesorken nangganipun, mangkana sri Mentaram, dahat ternyuhireng galih, hapuwara mangsul sabda manuhara.
17. Gih paman basa manira, kawistara hanem mami, sajatine hingsun paman. Sinuwun Hagung Mentawis, marma ngong prapteng ngriki, harsa wrin jajahanipun, ring prajanira paman, kang pantes papaning jurit, hing semangke hingsun wus huning sedaya.
18. Katuju handika paman, lagya lelangenan ringgit, hingsun mampir harsa wikan, mahatma paman pinanggih, lawan kula pribadi, Sultan Banten duk mirungu, handika kang mangkana, kamantian ngung ning galih, sru kacaryan myat dibyane sri Mentaram.
19. Pratandhane wus katingal, tuhu kalamun sinekti, wignya rawuh tanpa wikan, lan damparira tan kari, dadia sang Pakuwati, mangun sungkawaning kalbu, rinasa saya krasa, hing driyanirestu titis, hing wasana hanglocita hing werdaya.

R. Dhandhanggula

1. Sahupama prajaningsun hiki, pinukul prang saking hing Mentaram, tan montra nyongga jurite, sabab huwis misuwur wran Mentaram hakeh kang sekti, wadiengsun datanana, hing kang teguh timbul, puwara sri Pakuwatia, hangenorken salira lan maminta sih, wang-wang mundhu plenggahan.
2. Sawusira lenggah dhampar kalih, Sultan Banten ngaturken pambagya, tembung murda silutane, duh hangger sewu so-

kur, Jeng Panduka rawuhing ngriki, sotianing tias hupama, katurunan wahyu, lan kabanjiran srengkara, mahatma reh Jeng Sultan Hagung Mentawis, Kakenan hing pambrama.

3. Dadia mene sri Nateng Mentawis, tatkalane tampai panembrana, kanang suba kastawane, nitikrama darma yu, dening Sultan hing Pakuwati, wasana rum ngandika Sinuwun Mentarum, neh paman manira trima, mugi sampun dados rumarasing galih, yen prajanira paman.

4. Ngong ngalimi tan pinukul jurit, Sultan Banten kalane miyarsa, sakalangkung hing sukure, datan hantara dangu, kang sunggata mijil sing puri mepeki warna-warna, denya majlis tutug, samya massising sebda, kawaktaka hanenggih lawayan putih, kang tumameng nyeluman.

5. Huning lamun yen sri Pakuwati, dera rumeksa mring Gustenira, hapanto sahe hanggepe, haweh pracayanipun, mring tiasira laweyan putih, puwara jurutaman, rembang nyarsa temu, marang mitrane seluman, haneng Banten dan kesah laweyan putih, seksama sri Mentaram.

6. Harsa kondur dupi tedhak saking, dhamparira Jeng Sultan Mentaram kanggeg saking sru hereme, lan sumelanging kalbu, de laweyan kilap tan keksi, marga yen kawanguran, datan wignya kondur, tindak nya kang hanglir kilat, Kangjeng Sultan dan mijil saking jro puri, ngupaya jurutaman.

7. Nahen gentia hing kang hapepanggih, jenan ngendong lan mintra seluman, tan grahita yen Gustine, kondur marang Mentarum, juru taman seksama bali lunyat yen Gustenira, hadhedhampar suwung, Nyakra wus kundur seksana, kundharana kanjana wang-wang sinunggi, musna tan hawistara.

8. Binekteng mantuk marang Mentawis, Sultan Banten lan punggawanira, duk myat hamparan musnane, samya kacaryeng kalbu, saha hajrih wran sanegari, dene luwih kuwasa, Jeng Sultan Mentarum, mangkana kang berminteng tias, Kangjeng Sultan Mentaram dera ngulati, mring perpat jurutaman.

9. Hing wawengkon Banten tan pinanggih, medal saking wiyadhine. Jeng Sultan srumanek ung, mungging sela hamesu dhiri hangajengaken keblat, ngeningken pandulu, sanalika sampun pana, nanging dereng hantuk pambukaning galih, menggah hing kasampuran.

10. Kangjeng Sultan tandia haningali, jalma siki hingkang tanpa sangkan, jumeneng mungging ngarsane, wanci satengah tuwuh, busanendah cahya lir sasi, Jeng Sultan tan ngandika, mung kewala dheku, sujalma kang nembe prapta, ngandika rum heh Sultan kepanggih ngriki, hing sun mangke pawarta.

11. Ngong pepeling madek Narapati, boten kenging hinggih salah karya manggung harem sarirane, paran wekasanipun, ngandelan laweyan putih, kang bisa hanjeluman, tan ngandel ywang ngagung, lah kadi pundi hing mangkya. Kangjeng Sultan duk kalanira miyarsi, ngandikanya mangkana.

12. Sakamantian ngungunireng galih, de wus wikan sak liring renira, dadia henget nir hareme, wasanarsa geguru, lan meminta sagedha bangkit, kondur dhateng Mentaram hanang haman dangu mahatma Sinuwun Sultan, hangandika tembungira wiluteng sih, dhuh kawula sumongga.

13. Reh ning mangke hulun manggih sisip, hing sawastu panduka tan samar, hing laksiteng sun yektine, lah sumongga katengsun, saking muda punggung tias mami, hulun kajarwanana, lah sinten pukulun, nanging risang nembe prapta, taman waleh menggah hasmane sejati, mung ngandika mangkana.

14. Heh ta Sultan luwara prihatin, mene hantuk sihira ywang Sukma, wus pinareng hulun kiye, mejang dhateng sireku, dian hingawe Sultan Mentawis, majeng sarwi wot sekar, gya wine jang sampun, sesengkran parama widia, wus katampen tuhu sri Nateng Mentawis, lan tib tias wirutama.

15. Sira minda sebda sada rani, heh ta Sultan benjing yen wus prapta, hing Mentaram wekas hing ngong, makam Bayat puniku, reh ning mangke dereng prayogi, hameta kang su-

pangat, sahenana gupuh, Jeng Sultan matur sandika, sang haminda gya sajarwa kang sejati, hing pangas kertenira.

16. Kahol hing kondha dadia pagandring, den wastani Pangran Pandhanaran, Sultan Banten kapisane, weneh ngarani dudu, hulun Sunan Bayat kang ping tri, kang hanama Pangeran, minangkabu hiku, kawentar sekti digdaya, hana hingkang mestani Jeng Sunankali, jaga sawenehira.

17. Wonten hingkang nenggih hamestani, mijil saking gaibing ywang sukma, walahu aglam temahe, mangkono wusnya muwus, sang haminda kang pangas korti, katgada hasesminta, mring Sultan Mentarum, heh Sultan payo majuwa, risek-sana Jeng Sultan kinen humanjing, mring lengening rasukan.

18. Sak nalika Jeng Sultan wus tampi, dian hangrasuk kanang prama widia, gya humahas hage-hage, sakedhep netra rawuh, mring kadhaton nagri Mentawis, Jeng Sultan ngunguning tias, sokur hing ywang ngagung, mangkono kang para garwa, duk humiyat rawuhira sri bupati, dene jlog tanpa sangkan.

19. Kascaryeng tyashingkang para patni, samya ngujung sarta manembrama, hamamis harum hature, yata hingkang winuwus, jurutaman kang mantuk nguni, tansah nyunggi hamparan, hing sadangonipun, ngupadasi Kangjeng Sultan, tan pinanggih kocapa laweyan putih, ngatingal lir manungsa.

20. Hutameng mring hugyaning praselir, ciptanira, hing driya mangkana, bok menawi sri Pamase, hameng-ngameng hing ngriku, jurutaman kang bukak hori, marang gedhong klangenan, waha kang para rum, dupi myat yen hana jalma, samya hajrih bilulungan cerik-cerik, wahuta Kangjeng Sultan.

21. Nulya mireng panjriting pawestri, tandia tedhak saking hing pungkuran, duk mireng selir hature, Kangjeng Sultan sru bendu, yata wahu laweyan putih, dan jinojohing jungkat, kenging netranipun kang kiwa bawur sekala, jurutaman sigra nisaking Mentawis, meneh kaholing kondha.

22. Hawit pinlek sana mring sang Ngaji, jurutaman dahat karya resah, neluh wran jro pura kabeh, tinlempak jaja putus, rah-

nya muncar layon mukswa nis, kojar Sinuwun Sultan kang kacipteng kalbu, hamung hagnyaning sang dwija, dukneng Banten karsane den leksanani, mangun hasta neng Bayat.

S. **Pangkur**

1. Kawarsita Kangjeng Sultan, henjing miyos lenggah mungging pendhapi, nimbali pepatihipun, Singaranu wus prapta, Panembahan Purubaya mungging ngayun, miwah sentana sedaya, Buminata ngandika ris.
2. Yen harsa mangun hastana, nira Kangjeng Sunan Bayat tumuli, kya patih wus tampi dawuh, kinen ngumpulken bata, karya pager banon hing Bayat kang kukuh, semanten sampun sumekta, dhawuhira sri bupati.
3. Kinen ngusung dhateng Bayat, boten klilan hingusung lan turanggi, winot keser malihipun, rinembat hing sujalma, nora pareng de karsanira sang Prabu, tiyang sami jajar wayang, hulungan tampin-timampin.
4. Mangkana hawit tumindak, nambut karya langkung kathaking jalmi, hapuput saking Mentarum, ngantia dumugi Bayat, saben dinten datan wonten kendhatipun, dumugi rampunging karya, makaten hing saben hari.
5. Tan kacatur lamenira, pasareyan Bayat mangke wus dadi, sinangkalan duk winangun, dwi catur marga nata, 1542, henengena kuneng wahu kang winuwus, Sinuwun Hagung Mentaram, denira jumeneng Ngaji.
6. Hantara wus pitung warsa, kutha karta kang harsa den yasani, sakehing pra bupatia gung, kinen nyithak bata bang, hatenapi hakarya kang bata pingul, wran hing monca praja samya, kumrut sami nambut kardi.
7. Datan lami nulya dadia langkung pelag yang-yang kuta Mentawis, yen kaprabon ngukum-mukum, prakawis neng Mentaram, duk semanten tinangkil Kangjeng sang Prabu, haneng hing paradia karta, kasmaran mulat sang Ngaji.

T. Asmaradana

1. Ringgiting pura reja sri singget slakane katingal, reh ning beteng dereng dados, sang Nata lenggahing bangsal, monca nagara haglar, pasisir ler pan supenuh, myang wetan jejel sumewa.
2. Nararya bupati mantri, Mentawis pepak sedaya, muhung pathi datan katon, sang Nata ndangu mring patia, yayi Pathi tanana, nembah matur singa ranu, tan wonten prasebenira. (Sasampunipun prang Pati, Hendranata dipun pejahi).

U. Gurisa

1. Pra bupati mirising tias, wruh dukane sri Narendra, husus kinarya belabar, gya kundur Nata ngedhatian cinarita sri Narendra, sasedane harenira, hing Pathi kadiya kecalan, bahu kiwa Nata kewran.
2. Tanana telenging karsa, hing kang ngreh monconagara, dereng dugi karsanira, hing monca kathah rubeda, mangkana pangungun Nata, lami tan karsa sumewa, sang Nata darpa sungkawa, yen dalu tansah hajakat.
3. Hangsung pinanggih Jeng Sunan, Kalijaga duk hing kina, Kadilangu dhepokira, hing mangke Kangjeng Suhunan wus mukswa tanpa karana, nanging meksih paripurna, tondha sring nganglang buwana, manggihi hing kang subranta.
4. Duk semanten sri Narendra, kawuryan Jeng Sunan prapta, dian nguwuh sayekti wara, Jeng Sultan deku turira, mongsa boronga Jeng ngeyang, sacipta kawula wikan, Jeng Sunan gya ngandika, ya jebeng hingsun wus wikan.
5. Sira minta kaluwihan, jaluka hingeyang ira, sri pandawa meksih padha, merayangan ning nungsa brambang, sesedianira katekan, byar muksa wahu Jeng Sunan, Jeng Sultan Hagung ngungun tias, dian tedhak saking pamujan.

6. Sakamantian harsayeng tias, gya nimbali Wiraguna, hingutus mring nungsa brambang, Wiraguna nembah mentar, wus tampi welinging Nata, rahinten dalu lumakya, gya prapta hing masjit sela, tapa kawan dasa dina.
7. Pinanggihan pra pandhawa, katur waweling ing Nata, nanggupi Prabu pandhawa, harsa pinanggih pri badia, tindak marang hing Mentaram, Wiraguna wus kalilan, gya mantuk mesat sing ngarsa, hing marga datan winarna.
8. Prapta ngabyantareng Nata, humatur rehing dinuta, sanga Prabu suka hing tias, semanten hing dina mulya, sri Narendra ngarsa-harsa, rawuhe Prabu Pandhawa, wran pura sami singgahan, samantara sri Pandhawa.
9. Prapta hing sakadangira, pangarsa sri Yudhisthira, panenggak sang Werkudara, pamadia sang Dananjaya, tuwin Nangkula Sadewa, Jeng Sultan gya mangarcana, gangsal sami sinambrama, samya ngling nedha narima.
10. Nata matur hing Pandhawa, manuwun Jayakusuma, sindhung miwah panglemunan, myang Aji Asmara gama, sarta rupa roro tunggal, sadaya hang sung wasiyat, pranyata Jayakusuma, panguripaning buwana.
11. Prabu Murti kang wasiyat, sindhung saking Werkudara, panglemunan Yudhisthira, sang Parta Asmara gama, kembar hangsung papi Isbat, kabeh wus krasuk Jeng Sultan dadia Ratu gung sudigbya, ngimpuni wicaksaneng tias.
12. Dinadak padha sadaya, mring mekah sapangu prapta, wadia tan hana huninga, haremen nganglang buwana hangsung brana wran kaswarsa, Prabu Pandhawa wus murca, warnanen kya jejer gadhah, Suta dwi patutanira.
13. Garwa hingkang saking Batang, remene nglangut separan, silih nama bagus Sangat, renira wanodia nama, rara sengkan pun katiban, lahetul kadar kagarwa, Jeng Sultan Nagung Mentaram, pisah lan raka gus Sangat.

V. Megatruh

1. Bagus Sangat lelana tambuh jinujug ki Jalasutra winarni, lan kang rayi kyahi Bengkung, sami waskitheng ning ngelmi, wus huning yen badhe layon.
2. Matis dina wran loro dan sareng lampus, kaptenira harsa nitis, wran loro haruntung-runtung, neng jaman walikan nenggih, ki Bengkung tiharda ngorong.
3. Kumacelu ngombehingampah tanpa yun, pangrasane tlaga wening, tan wruh yen we tinja huyuh, hanukma dadi gegenjik, nusu celeng dhodhos-dhodhos.
4. Dian rinuwat mringjalma ki Bengkung wangsul, kepanggih kadangnya malih, wang-wang lumampah ki Bengkung, meksih bingkong mubeng malik, nugmeng wagra mongsa huwung.
5. Dian rinampog karya geger jalma dhusun, ki Bengkung glis wangsul malih sajarwa mring rakanipun, ki Jalasutra tias sedih, tandia ngupaya gen yektos.
6. Kya Geng Bangkung duk myat bebek runtung-runtung, pengrasanira kenya di, darpa kumacelu lulut, nyaleweng nak hanak meri, maringis wangsul maring gon.
7. Kyahi Jalasutra suker manahipun, seksana lumampah malih, kumacelu nugm eng Ratu, dian tumameng gedhong hadi, dadia jaran gedhog-gedhog.
8. Kagem Nata datan lami kuda lampus, yitnanira lan rakanipun, ki Jalasutra lestari, wus tan samar hingkang henggon.
9. Mangkruk-mangkruk neng dhampardhenta ngenguwung, kyahi Bengkung durung hapti, dadia hewuh hing tumuwuh, pengangkuhe dalem pati, mitakona kang wus yektos.
10. Kyahi Jalasutra wahu titisipun, mring bagus Sangat wus dadi, pekathiknya Kang Sinuwun. Jeng Sultan Hagung Mentawis, gus Sangat nguni tetamon.

11. Lan Jeng Sunankali winulang gung ngelmu, lan wineca besuk dadi, werangkanira sang Prabu karta paradia Mentawis, mangke gya dadi lelakon.

12. Hamekathik marang Kanjeng Sultan Hagung, samene Jeng Sultan hapti, mariksa tungguling Ratu, mring Ngerum sapangu prapti, sang Nateng Ngrum nuju miyos.

13. Nateng Ngerum dhawuhken mring wadia mundhut, wetara wran sak negari, pinundhutan dom lan paku, wran sajuga paku siji, yen tan darbe paku hedom.

14. Saking kehe dom paku tumpukanipun, ngundhung-ngundhung hanglir wukir, karsa kinarya mriyem gung, lompong-anira wetawis, tan sundhul wran mandhe wahos.

15. Lawan numpak kuda mriyem sinung juluk, supkanlah pabingkas kapir, wus dadi rangkanganipun, tan wignya minggah mring panggrit, saking geng kinathah hing wong.

16. Meksadatan kang kat saking goranipun, prawadia tur pati hurip, warnanen Jeng Sultan Hagung, ngemek mriyem hobah kedhik, mliringi hatur sang hatong.

17. Dian dinangu marang Jeng Sultan hing Ngerum, matur patinggi Mentawis, dinangu pira kancamu, Kang bekeli tanah jawi, humatur hamung sawiyos.

18. De wedale pawestri royal setahun, kang nyahosaken mariki, kawula pjambak sang Prabu, Jeng Sultan kacaryeng galih, dene lelakone hadoh.

19. Mongka jalma Ngerum durung hana weruh, hiya marang tanah jawi, hature patinggi dusun, wira-wiri sahos bekti, sakehing wran, sami gawok.

20. Sultan Ngerum nebda pajegmu sun lungsur, kaheyan yen telung ringgit, mene sira mung sun tuduh, nyuloti pandaming mesjit, saben jumuwah haja pot.

21. Sawulane sahosa lenga nem gendul, matur sandika sang Ngaji, hanuwun pasihan Prabu, nyuda pahose kang dasih, Sultan Ngerum ngandika lon.

22. Mengko hingsun karya sayumbara tuhu, sakehe pra Raja mami, kang bangkit nginger mriyem ku, supkan lah sun ganjar klambi jubah cineplok retna byor.

23. Sultan Hagung nyagahi pangingeripun, dan mriyem cinuthat hing cis, mlesat ngalih singgonipun, Sultan Ngrum kacaryeng galih, kamantian sihireng batos.

24. Sultan Hagung Mentaram ginanjar baju, jubah pinatik retna di, lan sinunganmriyem hagung, ki Sapujagat kang nami, lan kimam hing mekah kinon.

25. Nglebetaken hing kutbah Jeng Sultan Hagung, pamit kondur mring Mentawis, ki Sapujagat sinambut, kinarya teken hing margi, sru kacaryan kang samya non.

26. Watan dangu hing Mentaram sampun rawuh, warnanen gameling Ngaji, bagus Sangat ngalih juluk, ki Singa tansah nglampahi, sabdane wiku kinahot.

27. Wecanira Jeng Sunan kali hing dangu, mene Jeng sri bupati, jumuwah mring Mekah nusul kelawan sinambi ngarit ngiras ngabekti ywang Manon.

28. Makmum salat jumawah yen bakda wektu, dhodhok hing marga hadhidhis, jadhedheg Jeng Sultan dulu, datan kaduga hing ngalih, nulya kondur Jeng sang katong.

29. Prapteng purasandi miyat kuda lan rumput, ki Singa sampun kepanggih, neng gedhogan tan suminggun, ngeca-heca kangguguti, tuma genya petan kathok.

30. Buminata datan memeng jroning kalbu, tudhungnya dipun lontengi, kocapa Kanjeng sang Prabu, gya tindak jumuwah malih, ki Singa sampun mbegogok.

31. Pinggir marga kranjang penuh hisi rumput, sang Nata wus datan pangling, kang cini lonthengan hapu, ki Singa dinangu haglis, sira pa pekathik hingong.

32. Singa matur menawi yen boten klentu, sang Nata ngunggunning galih, rumahos kungkulan kawruh, marang ki Singa pekathik, wusana ngandika halon.

33. Pageneja gonira hangarit rumput, tekan hing kene pekathik, nembah ki Singa humatur, lah dene panduka gusti, tekeng ngriki paranartos.

34. Narpa nebda wusaben jumuwah hing sun, mekah pesabatan mami, ki Singa matur wot santun, sanese punapa Gusti, bok hinggih ngrika kemawon.

35. Hangandika pan kurang hutamanipun, Singa matur witne mami, dhasare kuda pukulun, lamun dede rumput ngriki, mung dados rapen kemawon.

36. Ngandika rum pan lajeng hing tindakipun, rawuh hing ratan winarni, wangsul hing Ngarab winuwus, ki Tak-wil sing nagri jawi, hinguni haminggah kahos.

37. Badhe mantuk ki Tak-wil telas kang sangu, dhawuhe Iman Sapingi, yen hana wran nganggo wulung, salat sandhi bedhug benjing, hadhangen neng pintu kono.

38. Hiku kena sira nunuti hing besuk, dupi hantara dumugi, bakda jumuwah gya metu, mepet neng pipining kori, ngadang yan jeng Sultan miyos.

W. **Mijil**

1. Kaji Tak-wil terampil hangampil, damparan sang katong, sareng bakda medal sing Masjite, sri narendra nulya den gondeli, tinanya wus titi, matur badhe nunut.

2. Mantuk dhateng pulo tanah jawi, ngling Narpa ya mengko, hingsun harsa ngepung kendhurine, Sultan nyandhak salak langkung legi, hisi den tangsuli, yun binekta kondur.

3. Karya wiji wonten pulo jawi, haji Tak-wil gendhol, hisi salak kang jinemat kinen, hanyepengi marang haji Tak-wil, yen hejempa sarwi, maca klima sadu.

4. Kaji Tak-wil teher kejem sarwi, maja klima loro, wang-wang kedhep sinendhal waline, sampun prapti dhusun tanah jawi, jenu kang wewangi, dan kinen dhedhukuh.

5. Nata lajeng kondur mring jro puri, panggih garwa hanom

langkung sihnya dinangu hangsale, sangdiah matur niskara wus titi, hapa sira yayi, hadar be sadulur.

6. Matur gadhah kawula rumiyin, priya mung sawiyos, nama bagus Sangat remenane, mlana nglangut tanbuh gesang lalis, linarah kapanggih, ki Singa ranipun.

7. Sampun dados pekathik sang Ngaji, wus dugi sang katong, kyahe Singa limyer lungguhe, hanglurahi jalma kemit bumi, rintendalu panggih, Nata ginem ngelmu.

8. Lepas pasang grahita nampeni karsane sang katong, Nata hesmu kapapan galihe, dadia Nata sumendhe hing kapti, kamantian dera sih, mangkyarsa jinunjung.

9. Hewet dereng wonten karya margi, trusing lahir batos, lami-lami tan kewran galihe, denya karya laksitaning dasih, warnanen kya patih, Singaranu lampus.

10. Sampun matur srungungun sang Ngaji, kajar kala tahor, mene lagya hing mempeng-mempenge, wran Mentaram samya nambut kardi, karya bata bumi, kandel tur haluhur.

11. Sapanulup hinggilnya tan luwih, sang Nata gya miyos, hamriksani wran kang nambut gawe, Nata dangu mring kang nambut kardi, bata hapa huwis, sedheng dedegipun.

12. Pra Dipati turira kejawi, karsa dalem kados, sampun datan kuciwa sang Rajeng, sarta boten wonten kang nyameni, yasandalem gusti, sang Nata duk dulu.

13. Hing liringe ki Singa tinari, paran sira bobot, kyahi Singa nembah lon hature, hing sak leres-leresipun gusti, pager banon hinggil, kedhik karyanipun.

14. Sahinggiling pager banon gusti, hinggil hardi hagrong, suprandene nenggihing pucake, meksih kenging kancikaning jalmi, punika kang siti, kenginga ginugu.

15. Kanang dede gaweyaning widi, kenginga binatos, sistonipun manut hing ngang sale, hawit damel mawi den langkahi, hugi bade kenging, linumpatan besuk.

16. Buminata hangandika haris, bok cobanen mengko, kyahi Singa nembah ngadegahe, bata bumi nulya den lumpati, wala-wali bangkit kacaryan sang Prabu.

17. Wasana ngling sun pasrah semangkin, bekyihing kedhaton, hapa bahe Singa pepagere, Singa matur yen gusti marengi, boten susah mawi pagerbanon luhur.

18. Dene sampun Narendra linuwih, keringan prakatong, nungsa jawi sabrang keh sumireng, bala Raja bandhu sentana Ji, taman langkung gusti, pracaya ywang Hagung.

19. Hangsal boten rinusaking widi, taman dados kawon, hanatepi hing karya paradieng, harja jejeg tata tentrem sami, destun pager jati, sesarating patut.

20. Karya wrana lingaling sakedhik, geber lawan gebyog, kang supahos sampun kibir bahe, pager jati sajatining ngurip, dhasar nyahutami, temene hatemu.

21. Mokal lamun manggih cidra gusti, sang Nata nylek batos, kaluhuran mring Singa hature, rinaseng tias methuki hing pesthi; papesthening ngurip, tan papeka nglaku.

22. Hangandika wahu sri bupati, Singa yen mengkono, betengingsun wurungake bahe, kang wus dadia konen hanjugrugi, ki Singa wot sari, Sumongga sang Prabu.

23. Dhinawuhken gebyog pager jati, geber kang kedhaton, wran pasisir monca nagri kabeh, sahos gubah geber lawan lungsir, jingga hijo kuning, wimbuh sri dinulu.

24. Lir kaswargan nagri karta hadi, hadining keprabon, kasubingrat prabawa ning Rajeng, gung keramat pinijeng mahardi, siniweng baladi, dening Narendra gung.

25. Hambeg sonta budia masta wingit, hagung ngerbosengdon, duk semanten sang Nata karsane, yun lelana mring Persi nagari, gitik prang pribadi, dedel kasa gayuh.

26. Mega mendhung hadhedheni langit hing Persi tan katon, suwung liwung sang Nata galihe, hiberira tumurun haririh, panggih kaki-kaki hingkang karsa siku.

27. Pran ki Sidik karyanira melit, harip tan haleson, wus sawarsa cegah dhahar saare, sri Narendra ngararepa minta sih, supangating resi, sidik wus jumurung.

28. Kangjeng Sultan tandia mumbul malih, ngungkuli kedhatan, ya hing Persi semanten sang Rajeng, sini waka hingayap pra dasih, ngrembag hangrasani, nglurug mring Mentarum.

29. Samantara jeng Sultan gya prapti, mindha druwis tahor, katur Nata dinangu namane, hamangsuli karan hanak hestri, pun sul kang wewangi, dados karan pak sul.

30. Raja Persi tan grahiteng galih, mung laju tetakon, hapa nyata Mentaram Ratune, luwih sekti miwah sugih dasih, paksul hanahuri, tan punapa Prabu.

31. Wadianipun namung sak wentawis, de saktining katong, kula kilap kang katingal bahe, hugi boten kenging gina gampil, Nateng Persi hangling, lamun sira mantuk.

32. Ratonira kon nungkul mring mami, mumpung durung klakon, hingsun gecak Mentaram bakale, bapakne Sul hature prayogi, nginger dhesthar haglis, jomplang dhampar Prabu.

33. Bumi miring dhampar gonjang-ganjing, horeg sagunging wong, tan kuwasa lungguh hing pernahe, mantri muka ngling yeku Mentawis, tobat mring ki Pekir, goyanging wran lungguh.

34. Pakne Hesul hikete winingkis, leres haben pojok, datan penceng sing pasang patute, dhampar jejeg wran lungguh tan bereng, dian kang mindha druwis, linenggahan ngluhur.

35. Nateng Persi sawadia tur bekti, sampun mongsa borong, kula sampun hajrih sahestune, mring Sinuwun Sultan hing Mentawis, tan nedia ngrasani, pihala mrih satru.

36. Pakne Hesul sajarwa bebisik yen sira wus yektos, besuk padha hanusula bahe, mring Mentaram lan hingsun ninggali, pratandha srat sandi sun tulis hing watu.

37. Sapa bisa ngunekaken benjing, pratandha trahingong
Raja Persi sandika hature, sakamantian harsayaning galih,

reh nya wus bedhami, tur nunggil gama yu.

38. Nateng Persi Islamnya wus lami, kawinbuhan katong, sri Pamasa ngraseh ken ngelmune, nging kungkulan barang prama widi, marmane sri Persi prasetia hing kalbu.
39. Saben warsa hangsung bulu bekti, kanang kuda hagrong, kalih welas rakit hing kathahe, kuda teji wedalan hing Persi, wusira waweling, sri Nata mit kundur.

Y. Sinom

1. Dhinerekaken tan harsa, sakedhap netra tan keksi, jajah nglar nganglang buwana, Jeng Sultan hamindha pekir, lir mekrate Jeng Nabi, mengkana Jeng Sultan Hagung dian kampir nagri cempa. Rajane sampun bedhami gya jeng sultan wus kundur prap teng paradia.
2. Warnanen Raja Mekasar, harsa ngayoni sang Ngaji, gegana nitih Apcita, sembrani sarwi nyumbari, heh-heh Prabu Mentawis, payo prang kelawan hingsun, sira sun hajap-pajap, metuwa mring rasa moni, Narpa mireng sumbare Raja Mekasar.
3. Sinipat jemparing matas, tikswara dhawah hing siti, katanggoring sela bengkah, kuda sirna kabur ngangin, Rajeng Mekasar kari, neng rasa moni gagetun, sirnane kang turongga, dadia nungkul mring sang Ngaji, wus linilan mantuk mring Prajeng Mekasar.
4. Saben warsahatur kuda, kore kalih welas rakit, geng hinggile datan kirang, kawan kaki malah luwih, kojar Jeng Sultanadi, harsa nglangut kang jinujug, nenggih kita Benggala karya gelang nulung bumi, sri Benggala wus teluk hatur pratondha.
5. Hapyun ngambah nagri jawa, hing Benggala kang miwiti, lir Singapura lan mlaka, hatur bekti lilin putih, barang sutra sing keling, purwane kang hatur-hatur, wonten nangkoda cina, palwanya mogok kajepit, Parang ngagung pratiknya

sapa kang bisa.

6. Tulung lagsiteng nya Nata, tembe hatur bulu bekti, Jeng Sultan Hagung humiyat, giyo ta gya den damoni, dian mancal hantuk hangin, Raja cina hatur-hatur, teh ciyo hing jampi kuwat, sedhep harum mulet hati tanah sabrang kathah nungkul tanpa perang.

7. Cacah pulo kang winarna, hing bulki sembawa tuwin, majenthi ternate cayak, butun Ngambon Padhang nenggih, Bangkahulu tenapi, hing jambi penang hanungkul, yahman Cempa lan Wandan, Borneyo samya tur bekti, kang wus nungkul sami sinung patilasan.

8. Jeng Sultan Hagung semana, wus kundur prajeng Mentawis, nulya Jeng Sultan sinewa, telukan sabrang hanangkil, samya hatur hupekti, lan pundhutanya sang Prabu, sampun katur sadaya, mung Plembang mawi hanyambi, hatur-hatur kong gedhah kinen batangnya.

9. Kang hisi lan kinen mecah, yen bangkit mecah sang Ngaji, tetep hing Plembang kabawah, marang paradieng Mentawis, Jeng Sultan hesmu runtik, dan kang pinusthi sang Prabu, tandia ki Singa ngrebat, lan ngrerepa matur harus, sampun-sampun punika dede cangkriman.

10. Pahekan hakele Plembang, hing jro hisi wisa mandi, Jeng Sultan lon ngandika, Singa hingsun wus hudani, hisine kong puniki, gajah putih harsa ngamuk, nuli sira sahosa, hangkus kinarya hangecis, dan ki Singa ngambil hangkus wus sumekta.

11. Kong gedhah pinusti ngasta, ginarit kenakalungit, rencem gajah ngamuk ngrempak, bubar-bubar wran Mentawis, kyahi Singa pan haglis dirada meta den hang kus, hangles nir dayanira, Rajeng Plembang sru donya jrih, mring Jeng Sultan Hagung dene kawanguran.

12. Mantun meta kang dirada, semanten ki Singa dupi, hingangkat mantri wasesa, nama Singaranu patih, pra bupati mestuti, hing karsanira sang Prabu, mangkana sinangkalan, tri ca-

tur tataning Ngaji. 1543 sri Narendra wus bubar denya siwaka.

13. Hantara sampun sacondra, patih Banten nulya prapti, nyahosken kang sarwa hendah, myang patih Cerbon nyarengi, hatur dwipongga kalih, lan Jambi pepatihipun, Marseng hatur huninga, yen mangke Raja hing Jambi, nandhang roga hing wuri lajeng Palastra.

Z. Pangkur

1. Kamantiyan ngungun sri Nata sapademe sira sang Raja jambi, puwara dawuh sang Prabu, putra kinen humantiya, patih jambi seksana kinen humantuk, myang Banten Cerbon kya patiya, wus samya linilan sami.
2. Kuneng wus suyut sadaya, moncapraja muhung kantun nagari, hing siyem kang dereng mungkul, menggih dateng mentaram, malah mandar kabaring ngakeh misuwur, mangke sri Siyem paradiya, hangrukti gegeman jurit.
3. Hakarya mriyem geng kathah sediyanira mukul prang mring mentawis, nging Nata lan patihipun, pradondi karsanira, marga patih mireng hing kasektenipun, Sinuwunagung Mentaram, sedene kang senapati.
4. Panembahan Purubaya, marmanipun Raja manca negari, masileng pradiyeng Mentarum, tan lawan pinukul prang mulat lamun jeng Sultanagung-dikbya nung, swadiyanya widigdaya, kaswala prawireng jurit.
5. Nging Raja Siyem paradiya, darmaning tiyas kedah lumawan jurit, ngrurak paradiyeng Mentarum yata hingkang kawarna, kamirengan mring manggalaning Mentarum, kat gada sang senapatiya, pangran Purbaya nulya nis.
6. Nediya mring Siyem paradiya, lampah namur busana lir jalma lit, tan mantra witiya rediyeku, samanten Panembahan, nungku cipto hangening haken pandulu, dupi wanci bangun henjang, sakedhap sang senapati.

7. Prapteng hing Siyem paradiya, datan wonten jalma kang hamastani, yen trahing witiya rediyeku, tinerka jalma sudra, tan hana kang mumisika lampahipun, kocapa wahu kang mindha, marepeki gyan prajurit.

8. Hingkang sami nambut karya, warni mriyem sang minda tetanya risniki punapa ranipun, gligen ngangge bolongan, dene kathah lan punapa gawenipun, kang tinanya sru wuwusnya, lo sira hiku wran ngendi.

9. Hapa sira tan huninga, yeki mriyem yen sira tan hudani, gegamanireng prang pupuh, kinarya bedhiljalma, Rajaningsung harsa nglurug mring Mentarum, lahta sapa karsanira, sang mindha lan hanahuri.

10. Kawula tiyang gagrahma, sajeg hulun tumiyang haneng bumi, daweg sapunika hestu, mirsa mriyem warnanya, sanga mindha kala mangsuli kadiyeku, hastanira hingkang kanan, ngleyangi mriyem satunggil.

11. Gepeng pepet kang balongan, hanglir lempung nulya ngleyangi malih, hinggih gepeng pindha glepung, wahu wran Siyem prasamya, kang humiyat sami kacaryaning kalbu, ngleyangi malih sang mindha, mriyem lumer hanggu lali.

12. Kagyat wran daredah puyengan, kawuningan mring bupati kang jagi, nenggih kang neng sitiluhur, diyan tiniti pariksa, dupi miyat mring laksita kang kadiyeku, sang bupati lan mantrinya, samya kacaryaning galih.

13. Nulyasang bupati tanya, hehta sira hiku sjujalma ngendi, sang mindhahalon humatur, kawula tiyang gagrahma, nenggih bawah tanah Jawi wisma hulun, nanging tebih lan paradiya, sang bupati nebda malih.

14. Heh wran tanah Jawa sira, lahta payo meluwa marang mami, taksebakken Rajaningsun, sang mindha sru ngandika, yen makaten wastu kawula tan purun, sinebakken hing sang Nata, hawit dahat hajrih mami.

15. Patik tetiyang gagrahma, tanpa karya marek ngarsaning

Haji, bupati kamantiyan bendu, nebda sireku wangkal, hingsun banda lamun sira tan miturut, sang mindha sugal wuwusnya, tan ngawula hawak mami.

16. Mring Raja Siyem ya hingwang, lahta daweg bandanen dipun haglis, sanga mindha hastanipun, sarwi musthi sanjata, jari kanan linebokken mriyem hagung, jinejer kinarya honclang, geger mlajeng kang ningali.

17. Hajrih samya kamigilan, nulya hana mantri hatur hudani, hanenggih mring Rajanipun, hingrehira sang mindha, dupi mireng sri Siyem hatur kadiyeku, ngungun tiyas lan ngunandika, dene tan murwat kang jalmi.

18. Sektine kagila-gila, bobotira wran desa tanah Jawi, mendah gene Ratunipun, kang wus kasumbagengrat, raja Siyem hesmu tingtrim jroning kalbu, mahatma kendhotiyasira, denyarsa mengsah Mentawis.

19. Nata Siyem diyan sinewa, hamimbali mareng patih wus prapti, sawadiya punggawanipun, kang sami kertarteng tiyas, wirutama mangolah bicara putus, sawusnya sumiweng ngarsa, sri Siyem nebda mring patih.

20. Kaya paran rembugira, kang kapenak mungguh lelakon hiki, sabab wus pada mirungu, sektine wran neneka, kaya habot mentaram sinanggeng pupuh, dene huwis kawistara, jalma desa luwuh sekti.

21. Yata sri Siyem seksana, sawusira habipraja lan patih, sedene punggawanipun, mangke karsa hutusan, hangyektek ken mungguh hing kadigbyanipun, nenggih jeng Sultan Mentaram, hangang gya sarana luwih.

22. Sri Siyem darbe pusaka, saking luhurira Nata wa Haji, resi Sumangli duk dangu, turun tumrun samangkya, warni sela jamus hangkere kelangkung, tanpasah tapaking grinda, tenapi si saning kikir.

23. Yeku sri Siyem kang karsa, wahu sela kinarya pasanggiri, yen dhasar Sultan Mentarum, bangkit mecah kang sela, sa-

yektine Raja Siyem lajeng nungkul, mestuti mareng Mentarum, lan nyahosken bulubakti.

24. Kya patih dinawuhan, wus kacakup sakliring reh wewadi, kyapatih nulya dhedhawuh kinen sami pepanggya, marang jalma grahma kang hambeg digbya nung, wus tekap ngarseng sang mindha, kyana patih manebda ris.

25. Heh kisudra tampanana, hagnya Nata kangdhumawuh sireki, mundhut pitulunganamu, sri Natarsa kutusan, marang tanah Jawa lan hanggawa watu, kinarya kang sayumbara, menawa Sultan Mentawis.

26. Wignya mecah hingkang sela, Rataningsun teluk karana haris, sira dadi kantiningsun, kinen kangaterena, sanghamindha humatur lan hangguyu, nebda ladalah punika, rem bag mekaten prayogi.

27. Nyana ngong sestu kerengan, sampun mesthi rariyem kalih niki, hing kang meksih kula panggul, tumibeng wentis hingwang, tiyang ngriki hingkang satus kawan atus, mriyem dwi pinuter sigra, karya hanclang ganti-ganti.

28. Wran Siyem giris tumingal, hing wusana sang mindha mituruti, hangaterken lampah hipun, sri Siyem kang cundaka, nulya budhal Tandasela datan kantun, wus samya numpang giyata, layar sinawung hartati.

Z. Dhandhanggula

1. Kang laksita ngenu tan winarni, langkung keras lamaphing baita, sampun prapta muharane, japara wastanipun, pelabuhan hing tanah Jawi, yata kang cundhawarsa, hing Siyem dharat wus, sang mindha tan kenging pisah, yata kinen hanedah aken hing margi, kang hanjog hing paradiya.

2. Duk samanten lampahe meh prapti, hing paradiya sang mindha lon nebda, hasung jarwa hing margane, lah kisanak gih niku, marga leres dugi negari, dika banjur priyongga, sami handum laku, neng ngriki hasesawangan, dika slamet kawula

hinggih suwasti, hamba ngriki kewala.

3. Gen sun minger hangambah marga lit, lajeng terus dumugi suyasa, manira hingga grahmane, duta Siyem gya muwus, haywa hagung hagawe becik, bok mangke yen wus celak, lan paradiya hiku, kisanak nuli mantuka, sang hamindha haturira hapan haris, hamba jrin yen konangan.

4. Hinggih dhateng hing lelurah mami, hawit jalaran ngeterken dika, mesthi rinengon wak hingong, dinukan den pepacuk, hinggih dhateng lelurah mami, hamba hajrih kalintang, duta Siyem muwus, sayekti ngong luwih heram, dene sira sektine hengleliwati, teka wedi mring lurah.

5. Yen rinengan lurahmu hajwa jrih, mangsa sira ya dadak kalaha, sang mindha bekuh hature, datan kenging puniku, samangsane kawula wani, mungsuh kelawan lurah, kuwalat wakingsun, sektingong kang wus kalakyan, sirna larut tanpa pedah hangundili, mekaten pada tanya.

6. Limrah jimrah bangsa kula ngriki, pan mekaten nenggih kang madatan, bupati Siyem duk myarseng, sabdanira sang namur, sakamantiyan gawokking galih, de sektine kalintang, prandene sumurup, marang hing lelurah kina, wadiya Siyem kamantiyan heraming galih, tansah ngungun werdaya.

7. Wus linilan sang mindha lumaris, kur hungkuran nenggih kang laksita, sang duta laju lampahe, hinkang pratandha watu kang sela jamus hing ngarsi, rinembat tiyang kwandasa, nenggih cacahipun, kojar wahu kang hamindha rerikatan laksitanira hing margi, kundur mring kapurbayan.

8. Santun busananing senapati, Kangjeng pangran wus lenggah pandhapa, diyan sesminta mring hapdine, kinen nyegat kang rawuh, duta Siyem kang badhe prapti, kang bekta sayumbara, warni sela jamus, pusaka hing mula-mula, sakamantan hangkere kepati-pati, kang simungling gya mentar.

9. Tan hantara neng marga wus panggih, gya tinanja sajarwa niskara, bupati Siyem nulya ge, kerit hing lampahipun, prapteng ngarsa sang senapati, panembahan Purbaya hangandi-

ka harum, heh duta sira tan kena, yen sirarsa humarek jeng Sultanadi, kudu dedalan mringwang.

10. Duta Siyem tan lengganeng kapti, diyan piyama sakliring reh hira, sang senapati sapdane, ya banget trimaningsun, de karepe Ratuninireki, kang mangkono yektinya, tan susah Sinuwun, yen kaparengna dening ywang, ya manira bahe saguh hangrampungi, mungkasi sayembara.

11. Payo para hajokna den aglis, pusakane hiya Ratonira, kang dadiya sayumbarane, bupati Siyem gupuh, hingkang Sela ngajengken ngarsi, tinampen hasta kiwa hingkang sela jamus, cinangking winangwang-wangwang, diyan ginarit direng hing kenaka lungit, sela jamus sigar byak.

12. Yeku sela sigar dadiya kalih, yata sita siyem duk humiyat, dene gampang pamunahe, dahat heraming kalbu, sakamantiyan harsayeng galih, ngungun tana subawa, kucem nyanipun, yata wahu panembahan, purubaya wasana ngandika haris, mring Siyem cundawara.

13. Lah kisanak wus kelakon hiki, dadi kalih yeku hingkang sela, mengko kisanak karseng ngong, sira kabeh kodhangmu, glis muliya matur den titi, marang hing Ratunira, yen kang mecah hingsun, sigare tanpa gegaman, datan ngantiya hatur hing jeng Sultan hadi, lan sigaraning sela.

14. Kang separo hingsun pundhut kari, kang separo gawanen haturna marang gustinira katong, lan maneh weling hingsun, humatura Ratumu yekti, poma-poma ywa cidra, hubayaning wuwus, hengeta katamaningrat, duta Siyem wat sekar matur noninggih, mangkana kang cundaka.

15. Gya ginanjar wus wetara sami, pinisalin hingkang sarwa hendah, boga busana hartane, duta pamit gya mundur, harerasan sak margi-margi, ngalem sang Senapatiya, kotama pinunjul, hambeg santa palamarta, kang saweneh hana hingkang hangrasani, marang jeng Panembahan.

16. Hiya sangka hing pandeleng mami, hiya hiku Kanjeng Panembahan, gajeg madana hempere, wanggagrahma kang ra-

wuh, haneng siyem kang karya gati, kang ngleyangi gurnata, gepeng hanggelepung, mung gwayane hingkang beda, yen wran sudra lawan trah wita rediyaning, mangsuli kang jinarwan.

17. Hiku ceceg lan pandeleng mami, ya margane dhek kala semana, ngagem hagem lungset bahe, mangke ngagem bra murup, pesthi menter kang neca wening, mungguh jalma gagrahma, hing sajatenipun, tan darbe sekto mengkana, panemuku muhung kejaba mung kuwi, panembahan Purbaya.

18. Marang Siyem namur lampah sandi, kawistara hing suwarnanira, nahen kang kaneng margane, hing ngenu tan winuwus, sampun prapta Siyem nagari, diyan marek mring sang Nata, hing Siyem sang Prabu, ngaturken hing wujudira, sela jamus kang pinecah sigar palih, dhateng jeng Panembahan.

19. Hing reh sedaya katur wus titi, sri Narendra hing Siyem mangkana, duk mirsa hatur dasiye, kalintang girisipun, wauta hing Siyem sang Haji, harsa tur kang pratandha kang dipangga pinggul, jalestri dwi langkung gengnya, hingkang harsa pisungsung dhateng mentawis, srinata karsanira.

AA. S i n o m

1. Sri Nata siyem paradiya, kang wus siyaga rumanti, pisungsung dhateng Mentaram, hawarni dirada putih, hekalih jalu hestri, sakelangkung hageng luhur, minangka kang prasetiya, panungkullira sang Haji, Nateng Siyem hanungkul dhateng Mentaram.

2. Wus si jaga duta mentar, hing ngenu datan winarni, kojar jeng Sultan Mentaram, hingkang siniwi gung dasih, pangran Purbaya ngarsi, myang kya patih Singaranu, pepak sagung kuswala, nulya wonten duta prapti, saking Siyem mawa pisungsung dipangga.

3. Kekalih jalestri seta, dan duta maturing Haji, nulya kagyat

sri narendra, reh tanwrin purwaking huni, marga sang Senapati Purbaya dupi manumur, datan pamit jeng Sultan, puwara sang Senapati, kangjeng pangran Purbaya matur mring Nata.

4. Wit purwa madiya wusana, jeng Sultan harsayeng galih, semanten jeng Panembahan. Senapati Purbaya di, kasup kaprawiraning, tan paelawan sang Prabu, hanelukken paradiya, tan mawi pinukul jurit, tur punika paradiya ageng sadaya.

5. Minangka dadiya kaskaya, nira jeng sinuwun hadi, cacah pulo kang winarna, kang wus nungkul mring Mentawis, klebet pulo lit halit, gunggung tigang dasa catur, wewah kas kayanira, jeng pangran Purbaya neggih, nagri Siyem kalebet tri dasa gangsal.

6. Semanten wadiya Mentaram, hageng halit hanyrambahi, samya prawireng ngayuda, manca praja kekes miris, lumyat kadig byan Haji, kalokeng jagat pinunjul, kasup kahonanghonang, jeng Sultan agung Mentawis, Prabu Hadi Prakosa Nyakrakusuma.

7. Ngabdulrahman Sayidina Panata aga suci, Klipattolah Senapatiya, Samsumrijal hing rat jawi, mencarken gama nabi, sarengatira jeng Rasul, rinilan geng mangonah, waliyalwaliyalahi, hari sukra harsa jumungah ring Mekah.

8. Sakedhap hing mekah prapta, jumungahan wonten masjid, sak bakdanira has alat, manggihi iman Sopingi, jeng Sultan tetanya ris, yen harsa dagan jeng Rasul, pasareyan hing ngarab, iman Sapingi nahu ri, paran beda punapa siti panduka.

9. Hugi siti tanah Jawa, wonten kang sami lan ngriki, jeng Sultan haris ngandika, duh pernah hira hing pundi, iman Sapingi hangling, yen panduka dereng weruh, siti kang sami ngarab, hupayanen tegal wangi lan manira mangke titip tiyang tegal.

10. Tan saged mantuk mring Jawa, denira haji wus lami, jeng Sultan datan lenggana, kaji tegal den timbali, prapta salaman sami, ngarangkul hastanya sang Prabu, rinahupken hing mu-

ka, byar kawuryan pula Jawi, kaji tegal wus mangkruk-mangkruk neng langgar.

11. Hanak rabi sami mara, sasunggun ngungun wor tangis, samangkana kaji tegal, tinimbalan mring sang Haji, ginem suraseng ngelmi, heblah lahir batin tepung, lawan penggalih Nata, kaji tegal den kasihi, winenangken manjing pura tanpa larap.

12. Sahingga kadang sanyata, hanglir tunggil yayah humi, hingreh datan subasita, satata tinari tari, mangkena sri bupati, dahat wlas mring garwanipun, Ratu kalih wus lama, nging dereng wonten sesiwi, prameswari kalih sru kasmaran putra.

BB. Asmaradana

1. Kamantiyan harem sang Haji, lagya branta ring Ywang Sukma, wimbuh ngrahosken garwane, de samya habranteng putra, Nata namun sungkawa, nimbali kekasih hipun, kaji tegal ginem sarak.

2. Reh Nata ribenging galih, salamine madegnata, datan hana sesarame, sanget dera larang hudan, ki kaji kinen muja, jawah dimen haywa halum, sakehe pethetan pura.

3. Kaji tegal matur haris, langkung begja pandukendra, hasagah dereng kelakon, haselak kedah katempah, sagah dereng kantenan, kajitegal rinten dalu, memuji mirahing jawah.

4. Dadiya hadres kanangriris, seger keh tarusapraja, dhahun samya rompya-rampya, warnanen garweng Narendra, Ratu kilen sru brongta, sampun garbini jeng Ratu, tan cinatur lamenira.

5. Diyan babar jalu hapekik, sang Nata saklangkung sihnya, ginadhang humadeg Rajeng, meksih timur wus hingangkat, nama pangran dipatiya, garwa nem kapengin sunu, sang Nata ngimur hasmara.

6. Wusira nulya nimbali, oliya saking blambangan, kinasihan mring sang Katong, Wana kriya namanira, satata ginem rasa, sinoal marang sang Prabu, karya jagat pada sakal.

7. Ki Wanakriya wot sari, hature lir kaji tegal, selak boten sagah dereng, kocapa garwanen wawrat, babar jalu abplala, meksih timur wus jinunjung, ran pangran harya Mentaram.

8. Nging katelah pangran halit, mangsuli ki Wanakriya, kahol puniku putrane, saha dipati pragala, pathi hingkang binekta, mring Mangunjaya hing dangu, ngili dhateng belambangan.

9. Wusing lami mring Mentawis, hanjujug wonten jejeran, kambil putra saklamine, mring kijejer lajeng magang, mring jeng Sultan Mentaram, kagem pangawulanipun, sang Nata wus kakilapan.

10. Tan wrin yen atmajeng pathi, kunengkaholing pujangga, putranira jeng sang Katong, klebet sing garwa hampeyan, katahira dwi welas, nanging tan winarneng kidung, nahen sri Nata sewaka.

11. Singaranu den timbali, minggah dhateng banciraya, sang Nata lon han dikane, heh patih sira mintaha mantri kinen ngupaya, lemah wangi karya kubur, ki patih tandiya haminta.

12. Mantri sekawan ngulati, siti wangi wus kepanggya, hing girilaya prenahe, katur Nata kinen babad, karsa kinarya makam, hasring jenengi sang Prabu, rarasira sri kawuryan.

13. Lami tan kundur mring puri, semanten jeng Sultan lenggah, neng sela lan ngasta godong, warna sapta tan binucal, ron tuwuh wit sajuga, nanging rane warna pitu, dadiya tetilas hing mangkya.

14. Lan dahar durywan sang Haji, kulit binucal gya tuwah, dury wan sekare tan dados, woywan dados yekti hana, hestri lamban peputra, mandi sapdane sang Prabu, kadiya duk narpa cengkrama.

15. Mring nglipura den cahosi, sesegah gayam bakaran, binucal tuwuh yen hawoh, sahestu tan mawi sekar, yen mijil hing-

kang puspa, wonten sengkele prajestu, nahen kajar panembahan.

16. Juminah nusul sang Haji, ngaturi kundur mring pura, jeng Sultan ngandika halon, kyahi kula daweg gelak, kirang kedik meh dadiya, kangjeng Sultan tandiya mundut, dawegan sun dahat ngelak.

17. Wadiya kewran denya ngambil, genira menek dawegan, de wit celak sri pamase, gya ngawe pangran Juminah, tumlung kanangwit klapa, degan cinandak pinatut, pinarasan katur Nata.

18. Bumi Nata hesmu runtik, dadegan datan dinahar, merang kluhuran sapdane, bumi Nata wus tan samar, mring karsane kang paman, lumaku ginuran Prabu, panembahan hanggarjita.

19. Terampil dera nasapi, reh hing karsa kawanguran, mahatma dadi dukane, dadiya nglilipuri sapda, mungguh benjang manira, tinekaken janji lampus, kumacilu hadedagan.

20. Wonten hing ngriki prayogi, jeng Sultan serenging sapda, yen paman kapengin yektos, halah benjang bok hinggiya, sapunika kewala, kang paman mendel dhekukul, kalajeng pangran palastra.

21. Layon dan dipun suceni, pinetak hing girilaya, jeng Sultan lon handikane, heh sakehing wadiyaningwang, wurungna genya karya, makam neng kene tan patut, yeku klebu nahas hingwang.

22. Becik hakaryaha maning, hing mengko karsengsun gela, kedhisikan paman kiye, mara ngupayaha lemah, kang harum gandanira, wadiya samya sahur manuk, jeng Sultan gya mentang langkap.

23. Mumbul dan cumlorot maring, ngidul ngilen hingulatan, wadiya kepanggih tibane, kidul kilen girilaya, haneng puntuking harga, rimba binabatan sampun, dahat werit sarpakathah.

24. Wagra geng hageng hangisis, sarpa mandi ting suladhang, hana hangruwel kumlewer, katur Nata sapdanira, hiku tan dadi ngapa, lumrah tetukulan grumbul, hakeh hayate sumladang.

25. Sakeh sarpa temah dadi, hajat wrin san dan pinancas, macan murca curi renges, pinancul pinacok pinrang, padas binedhal dhadhal, kaprabaweng sapda Prabu, jeng Sultan agung Mentaram.

26. Jenengi kang nambut kardi, sengkut gunge wran tumandang, lir sela blakiti tinon, gili samya lung ulungan, sing luhur tekeng ngandhap jeng Sultan tanarsa kundur, sampun karya pasanggrahan.

27. Wonten dhusun ngim agiri, yen watang neng pategilan, samya kacaryan kang kanon, dupi semanten wus lama, pasareyan meh dadiya, kayu wunglen karya cungkup, respati saking pulembang.

28. Henceh sing ngacih rinakit, mungging tirahing balumbang, saking bengkung hilining we, kumricik hatalang sela, nglangkahi jurang pareng, kang sumengka wus den urut, hing ecis ira jeng Sultan.

29. Sabadane pandhita Haji, wus dilalah we sumengka, mangkya kantun bebahane, Sultan Cerbon dereng dadiya, myarsa rinasan Narpa, dadiya hing dalu, manekung, katrima saka jatira.

30. Ginelak rampung sakenjing, sampun katur Srinarendra, sang Nata rengat galiye, hing cerbon kinen hing karsa, harsa ngayoni mring wang, Sultan Cerbon nglesing kalbu, winastan purun sang Nata.

31. Padha sekala ngemasi, sareng katur hing Narendra, layon kinen nunggilake, nenggih wonten girilaya, yen puyuh sing jeng Sultan, hing ngeculaken neng kubur, meksih samangke nyeluman.

32. Yata wahu sri Bupati, dera karya pasareyan, pajimatan sam-

pun dados, mendhakdalarasnya pelak, lir girisaptarengga, sang Nata kundur ngedatun, semanten harsa badeyan.

33. Banyak pinetak hing siti, neng ngisoring wringin kembar, den katonken mung sirahe, den mirengken swaranira, saking hing panangkilan, heh patih lawan pangulu, Kategan sira badeya.

34. Lah hika swara punapi, sumengka ngulung hangakak, rekyana patih hature, hulun dugi swareng naga, ahmat Kategan batang, punika kumaranipun, jagat nata badhe banyak.

35. Nyundaka kinen madosi, pernahe ing wringin kembar, gya humesat gandek karo, tetiga sidik sedaya, patih nyata ya hula, pengulu pranyata suwung, Nata yektine ya banyak.

36. Satemah tetiga tunggil, ya sapda pandita Nata, hiyeku Sudarsanane, gya bubar denya sewaka, mangras maniti saka, hantara hing laminipun, kipangulu winurcita.

CC. G a m b u h

1. Kojar kya mas pangulu, ahmat Kategan sru denya mashur, sugih samubarang piranti mepaki, mengkana kyahi pangulu, darbe niyat jroning batos.

2. Mahyak ken ngelmunipun, kang mangonah bangsa ngalip tuhu, dene menggah hingkang dadiya karya wiwit, kya pangulu karsanipun, tan purun sowan sang Katong.

3. Ngadat tingalan tumbuk, jroning pura hondrawina hagung, prasentana prituwin bupati tamping, mancanegara tan kantun, mepak sowam mring kedaton.

4. Muhung kya mas pangulu, hingkang boten sowan hing kedhatun, katupiksa jatine taman wiyadi, dupi hajat wusing katur, katgada jeng Sultan miyos.

5. Lenggah ing pandhapa gung, sri Narendra waspadeng pandulu, lamun kyahi mas pangulu tan ketawis, kapriksa wonten kang matur, dhumateng jeng sanga Katong.

6. Yen sampun haditipun, saben-saben makaten pangulu, Bumi Nata dukmyarsa kamantiyan runtik, dan nyundawara sang Prabu, bupati lan gandhek loro.
7. Nimbali kya pangulu, nging pradipati wus tampi dhawuh, yen pangulu mogok klilan misesani, winenangken lajeng ngukum, mring pangulu lamun wangkat.
8. Cundawara pangkat wus, sapraptane suyaseng pangulu, pra cundaka jenger ngungun haningali, de griya pangulu suwung, jro panti sebarang kathong.
9. Hamung hing jrambahipun, wonten jantra sajuga kadulu, karya heram de waged mubeng pribadi, datan wonten kendhatipun, pra cundawara duk tumon.
10. Kamigilan lumayu, nulya rikat wangsul mring kedatun, nanging kyahi mas pangulu ngrumiyini, mungging ngarsane sang Prabu, neng tengah denira lunggah.
11. Nyelaki gening hujut, yata wahu hutusan humatur, sakliring reh duk kalanira tinuding, lan hing wisma hisenipun, muhung jantra karya helok.
12. Wahuta sanga Prabu, duk miyarsa duta haturipun, kadiyeki sakelangkung suka sang Ngaji, sekala sirna kang bendu, diyan dhedha wuh jeng sang Katong.
13. Kinen dungani hujut, nanging kyahi pangulu tan purun, handongani muhung nyahos haken wakil, hanenggih sasaranipun, kya ketip Banom kemawon.
14. Sang Nata malih bendu, sru ngandika heh sira pangulu, kaya paran dene sira ta manapti, handongani hajating sun, pangulu matur wat sinom.
15. Mila hambatan purun, handongani hajat dalem hestu, haduh gusti yen mangke hamba dongani, sakehing hujut sedarum, tan kenging pinangan nguwong.
16. Jeng Sultan sru mangungun, meksa harsa wrin kayektenipun, dan pangulu wus tampi dawuh dongani, gya hing ijabaken kabul, wilujengane sang Katong.

17. Lawan kraharjanipun, kraton dalem negari Mentarum, lan kraharjan garwa dwi jeng prameswari, yata wahu kya pangulu, dan juñjung hastanya loro.

DD. G a m b u h

1. Kya pangulu dan wiwit hamaca donga, lagyantuk kalih amin, yata ponang hulam, sadaya samya hobah, wangsul mentah hanglir nguni, dene kang sega, wangsul dadiya bras malih.
2. Dupi donga tigang amin kanang hulam, sadaya hapan hurip, sami kesah sing wadhah, sami halindu lambang, ting panculat hangupadi, mring bangsanira, kadosta hulam pitik.
3. Hangulati kumpul sami wangsanira, sedene hulam kambing, kumpul sami menda, mesa sami mahesa, wahuta kang haningali, gumun sadaya, sadene sri Bupati.
4. Hing wusana dhawuh kinen habubaran, wondene genya kendhuri, gungireng kuswala, sonten kinen haseba, wangsul hangepang kendhuri, de hulam-hulam, harsa hingucal malih.
5. Wus misuwur pangulu mangonahira, karya heram gung jalmi, sedene duk wisma, nguni harsa rinayah, wus kelok pangulu sugih, nak putu kathah, lan jro wisma mepaki.
6. Suprandene dupi Jeng Sultan hutusan, wismeng pangulu sepi, dilah lan gelaran, sajuga hora nana, yen siningkirkan hupami, tetangganira, kabeh tana hudani.
7. Sarta malih kala praptaning hutusan, kinagetaken yekti, pangulu tan wikan, yen raja darbekira, harsa rinayah hing gusti, yeku kang dadiya, kasup pangulu bangkit.
8. Dadiya mene dahat sihira Jeng Sultan, pangulu winudheng sih, pinaring pradana, pradana warna-warna, hananging pangulu meksih, kedah derarsa, guywan mring sri Bupati.
9. Hamatiyaken nenggih hing pangwasanira, semanten hamarengi, waktu siyam sawal, pangulu wus huninga yen sang

Nata datan apti, sunat muakat, mung sunat ngaen yekti.

10. Kang kinarsan dening Kanjeng Sri Narendra, hawit pamanggih Haji, yen sunat muakat, pangulu bae cekap, de yen sunat ngaen yekyi, samya kwajiban, sedaya hanglampahi.

11. Kya pangulu mokal tan wruh prama widiya, hanging jinarag yekti, hing reh karya marga, mareg ngarseng Jeng Sultan, mawi kanthi ketip kalih, sapraptanira, nuju lenggah sang Haji.

12. Aneng papan munggeng hing dhampar kencana, pangulu duk humeksi, kelamun Jeng Sultan, henjing ngadhep sarapan, dedaharan warni-warni, pangulu nembah, jengek matur sang Haji.

13. Lolo-lolo kadi mekaten Jeng Sultan, lagi tumon sakhiki, meksih siyam sawal, ngangge dhahar sarapan, tan siyam panduka gusti, wahu Jeng Sultan, nulya ngandika haries.

14. Heh pangulu wuruk sudi gawe sira, gon sun tan pasa hiki, hapa sira wikan, dina pasa lan hora, rak nora nana sayekti, dina puwasa, hanjaba hamung jalmi.

15. Hingkang pasa lan manehe datan hana, dina wareg lang ngelih, jaba manungsanya, hiku bedane hapa, wong wareg lawan wong ngelih, tan liyan sujalma, kang wareg miwah ngelih.

16. Yen ta huwis musar wran yeki puwasa, tan pegat saben hari, reh hing sorak widiya, sakhiki sira pasa, tan liyan kang den harsi-harsi, gonira buka, surup pasang hyang rawi.

17. Hanglir jabang mari dadi ngran wong tuwa, pangulu duk miyarsi, sabda kang mangkana, rumongsa kaluhuran, kya pangulu kethip-kethip, kaweken driya, genirarsa mangsuli.

18. Kya pamgulu ahmat Kategan tan kewran, hing reh parama widi, nembah hapiyama, hinggih kasinggihan, leres dhawuh dalem gusti, rehning panduka, ngratoni saknegari.

19. Wajibipun panduka dados tuladan, menawi-gih menawi, sestu boten siyam, sagungireng jalma, yekti kathah kang ge-

gampil, ngenthengken sarak, yeku pamanggih mami.

20. Heh pangulu hapa mesthi kehing jalma, kabeh kang sun Ratoni, manut marang hingwang, tegese manut padha, karo hingkang den henuti, lamun tan wignya, pada ngran manut lamis.

21. Kya pangulu matur punika tan kena, mesthi kedah lumirig, manut mring panduka, gumujeng sri Narendra, heh pangulu sira lali, duk kalanira, sira takkondongani.

22. Hadol gendhung hapa wran manut mangkana, ya hingsun benjing enjing, niyat harsa pasa, sunat muakat sawal, sira ngadepa hing mami, hing reh manuta, pasa lir pasa mami.

23. Mas pangulu lan ketip wus kinen bubar, kahuman sampun prapti, dalu tan winarna, wuwusen wanci henjang, pangulu kelawan ketip, kang harsa sowan, maruput den henjingi.

24. Prapteng pura Jeng Sinuwun teksih nendra, pangulu lawan ketip, ngadep palenggahan, samantara Jeng Sultan, wungu lenggah gyaning wingi, tan mundhut dhahar, yata pangulu ketip.

25. Hamancereng ngawaskan mring Kangjeng Sultan, hawit pukul nem henjing, siyamnya Jeng Sultan, dupi wanci jam sapta, sukuning dampar ketawis, benggang sakilan, hantara saking siti.

26. Sareng tabuh hastha sukuning hamparan, muluk tan saya hinggil, dupi jam sadasa, saklandheyan hinggilnya, wahuta dwi Prameswari, lan pra klangenan, hemban kelawan cethi.

27. Duk humiyat yen Jeng Sultan hanggegana, gupuh pra sami mijil, ngadhep haneng ngandhap, hosiking tiyas menawa, hawor lawan sanghyang Rawi, warnanen sira, pangulu lawan ketip.

28. Jenger ngungun datan wignya hamangucap, wahuta sri Bupati, neng tawang ngandika, heh-heh padha keriya, yen mangke manira hapti, wor lan bangseng wang, kang pasa hanglir mami.

29. Yata wonten kucumbingran nyi Pidikan, mireng yen sri Bupati, ngandika mangkana, sira kucumbi nebda, mas pangulu kadi pundi, yen sri Narendra, murca sangking negari.

30. Pesthi dika kinrawus lan ciniwelan, mring konca pra kucumbi, sumawi den hinggal, hudhuna Kanjeng Sultan, mumpung nika dereng hinggil, weneh parekan, nebda sarwinuding.

31. Kya pangulu kewedan gonira harsa, ngudunken sri Bupati, dan humanggih hakal, gupuh dhateng pungkuran, mragalbeng mring gen pawestri, pawon sinediya, tan hetang wiranghisin.

32. Hamrepeki hemban nuju numplak sega, pangulu katgada glis, hamet tan pepoyan, hemban sru kagetira, pangulu jinengkang nuli, tibeng hing kisma, gulu hawur kuwali.

33. Ki pangulu garegah menyat lumajar, segane datan keri, ginegem neng hasta, tan hetang kepanasan, ngiwa nengen dennya musthi, hemban Pidikan, sedene pra kucumbi.

34. Dan humiyat yen pangulu jubahira, kenging hangus kuwali, nglabeti mring serban, hemban hinya sadya, samya gumuyu habelik, hambata rebah, penyakrane pracethi.

35. Samya nebda kyai mas pangulu teka, dadak mecahken kwali, dereng kawistara, nglabeti hangusira, pangulu tanyahuloni, muhung genira, bikut dennya nyawati.

36. Kang kepelan sega dhateng sri Narendra, hamparanira keni, wangwang kang dhedhampar, tumurun lonelonan, wangsul mring gyanira lami, yata pra garwa, samya harsayeng galih.

37. Wus hantara lami mangkana sang Nata, badhe harsa ngyekteni, hing ngelmu wirasat, kipangulu wineca, sawastu dan wignya sugih, nadiyan kanthiya, istiyar tan nglabeti.

XXXI. SEKAR KINANTHI

EE. K i n a n t h i

1. Pambatange Singaranu, sang Nata harsa ngyekteni, kipangulu sring ginanjar, mring Nata tan wignya sugih, labete dan remen donya, yen mentas den peparingi.
2. Mring Nata den awut-awut, saben jalma den wenehi, mring pra pekir myang kasiyan, Nata maiben hing galih, kipangulu tinimbalan, sawastu tan wignya sugih.
3. Sang Nata narimeng kalbu, pracaya haturing patih, sang Nata haris ngandika, kakang pae sun rasani, asmeng sun mengko lebokna, hing kutbah sajroning masjit.
4. Pangulu mambengi kalbu, sumelang rukune salin, miwah hing pundi genira, kawula hanuwun hajrih, sapengkeripun Jeng Duta, kang kasebut jroning tulis.
5. Boten kalong boten wuwuh, panduka kinen mewahi, nglebetken asma Narendra, kalebet nganeh-hanehi, kamantiyan ajrih kawula, dereng sekeca hing ati.
6. Sang Nata ngandika harum, sira tan pracaya mami, takona dhewe mring mekah, nanging yen kapara yekti, haywa sira takon dosa, pangulu hanyandikani.
7. Pangulu nembah gya mundur, Amat Kadegan kiyahi, katgada mangkat mring mekah, nahen winurciteng margi, dan tumut salat jumungah, mireng kutbah wastu muni.
8. Jeng Sultan Mentaram wahu, pangulu legeg kanggalih, rumongsa yen manggih lepat, tiharda ngunguning galih, tan wurung nemu deduka, pernyata wus den rayahi.
9. Suyasane kya pangulu, marma mene dahat meskin, duk kalanira jinarah, rajakayane baresih, pengaji sreyaltan hana, kejawi dhumpal rong losin.
10. Lan gamparan ajug-ajug, padasanira kekalih, kipangulu dupi prapta, wus panggih lan kanak rabi, jinarwan reh duk tini-

lan, nora lidok siring ati.

11. Pangulu gya cantel hatur, mring patih yen sampun mulih, malah tinundhung mring Nata, kya patih hingkang dhawuhi, ki pangulu haturira, lamun ngong kesah sing nagri.

12. Hinggih sandika tur hulun, mung kalilana semangkin, bekta sikep rayat kula, kya patih hure hinggih, dika gaw bojo hanak, ki pangulu hanahuri.

13. Sikep rayating pangulu, yekti dede hanak rabi, nglinging patih lah punapa, pangulu halon nahuri, gih dika matur sang Nata, penggaliye kadi pundi.

14. Patih Singaranu matur, hing gusti sri Narapati, sang Nata rum hangandika, lah sok mangkonowa patih, rayating pangulu hingwang, sikeping pangulu patih.

15. Tegesira sipangulu, ngajak rangkat jeneng mami, katelu sira denajak, lunga seka hing negari, hehta hage timbalana, sun ajake gunem pikir.

16. Kya patih seksana metu, nimbali pangulu kerit, hing ngarsa Nata ngandika, payo lunga lawan mami, kahatulan patih pada, lelana hanjajah bumi.

17. Pangulu patih turipun, dahat lengganahinggalih, ki pangulu kinen bekta, dinar sakacu kinardi, sangune nglanglang buwana, kya patih hinggih hangampil.

18. Sakeba kebak kang sangu, wus lepas sangking negari, kipangulu winurcita, dinare kecer neng margi, tan wikan kacune bedhah, sang Nata ngandika haris.

19. Duga-duga hapa cukup, sangu dika karya kaji, Ahmat Kategan turira, sapunika sampun habis, sabab kaconira bedhah, kecer kawula tan huning.

20. Sang Nata ngandika harum, hiya huwis reh wus henting, payo padha lumeksana, ki pangulu haneng ngarsi, kya patih ngontel neng wuntat, seleh keba harsa seni.

21. Sareng tebih gustenipun, lumajar kebane keri, kayitnanira

wus tebah, matur harsa den wangsuli, Nata ngling aja ta aja, jaragan dhuwit wus keri.

22. Ya den kaya tahi huyuh, wis hayo padha lumaris, dan laksitanira tekap, wonten satepining tasik, kewran kinarya tambangan, Jeng Sultan ngandika haris.

23. Heh kapriye rekanipun karya tambangan jeladri, kya pangulu lon torira, kawula makaten gampil, gih nekat nyabrang kewala, destun lantaran godhong pring.

24. Jeng Sultan hangandika rum, ya sira paransi patih, Singaranu haturira, hamba mawi godong wringin, ngling Nata ya kari hingwang, ha nekat nacak pribadi.

25. Lir dhedhali nampar ranu, kya patih nulya nututi, taru waringin saklembar, den henciki jempol sikil, larap-larap lir giyota, pangulu lungguh hing ron pring.

26. Sang katri pan sampun rawuh, hing mekah sami manggihi, iman sopingi gya salat, jumungah bakdane nuli, sang Nata sinung klangenan, herjanjam keneng kinardi.

27. Jampi myang pratandha pungkur, lan sinung hapem kekalih, nulya kundur prapteng pura, sinungken garwa kekalih, meksih hanget duk tinampan, marang prameswari kalih.

FF. D u r m a

(Lajeng nimbali pangeran pekik hing surabaya, selebetipun prang jakarta).

1. Singa mara pinentar puri sagubras dadiya parang sangking tebih, beteng tinunguran, warnanen dalu pangran, Mandurareja manggihi, pandhita padha, minta gaibing jurit.

2. Lamun jaya waget hangremet welonda, Jeng pangran yun ngingketi, ki Kayat ngandika, pun boten dika wignya, Ratu tan kena pinurih, dateng sesama, dipati matur malih.

3. Yen sun rasa welonda mangeke tan bangkat, hamengsah

dhateng mami, ki Kayat ngandika, gih luwih begja dika, kya Mandura hanulya glis, sinegah tigan, gambir hatos cinuwil.

4. Diyan ginigit-gigit gambir tan tumama, sang padhita hangling, dene wurung nginang, teneyan wurung habang, pangran dat wiranging galih, mundur tan poyan, datan duga hing galih.
5. Lumestantun kundur marang pabaratan, lereh ngaso hing jurit, gantiya winurcita, Kangjeng Sultan Mentaram, wus datan samaring galih, mring solahira, Mandurareja silip. (Kangjeng Sultan Agung siniwaka, samentasipun prang hing blambangan).

GG. Kinanthi

1. Wusira werata dinum, sang Nata kundur mring puri, nahen mangsuli goteknya, sadherek dalem sang Haji, kekalih sami wanodiya, Jeng Ratu Mas Pandhansari.
2. Tinrimaken mring sang Prabu, dahup pangan Ratu Pekik, Kang darbeni Surabaya, wondene hari sang dewi, kang nama Ratumas Sekar, hing mangke karsa Nerpati.
3. Tinrimaken ngarang hulu, yeku kapernah kang rayi, nira dipati Pragola, hingkang jinunjung mring Haji, hanama pangeran Rongga, hing pathi kinen gumanti.
4. Sapadheme rakanipun, pangran Rongga kang ngrengani, nahen nuju hari mulya, Jeng Sultan harsa ngadani, yasa wahos tegawarna, badhe hanggoning prajurit.
5. Seseliran wolung puluh, pandhe kina den timbali, kya patih bukak sujarah, turun pandhe Majapahit, tinurut sing hestri priya, pustaka bukuden lakhalik.
6. Hawit juru sawah dangu, sesuta Iman Sumantri, Iman Sumantri peputra, kenya ginarwa hing patih, Wanasalam kang wekassan, Demak panenggaknya Tingkir.
7. Wuragilira ki Gambuh, lurah Ganjur hingkang ngambil, Jaka Tingkir duk neng Demak, Gadamestaka kang mami,

punika lajeng puputra, jalu kalih hawewangi.

8. Gadamestaka sesunu, Suranata Demak nenggih, renira ki gedhong pajang, sedalincak hasesiwi, sekawan pambajengira, kyahi Gedhong hing Mentawis.

9. Panenggakira jejuluk, rongga Tohjiwa Mentawis, pernaja ki Jagabaya, dadiya mantri neng Mentawis, pamekas hestri ginarwa, kya Kalinyamat bupati.

10. Ki Gedhong ping dwi sesunu, nama harya Suratani, seda prang haneng bengawan, putra Suratani malih, mulya putra hestri hangsal, ki Jejer hingkang sesiwi.

11. Hiyeku pangeran Juru, Wirapraba darbe hari, pangran Jurumayem nama, pangran Pajangmas kang siwi, gya peputra hestri brama, trahing hempu pandhe wesi.

12. Ki Cindhehamoh ranipun, punika lajeng sesiwi, nama kyai Hendawayang, neng ngenta-enta miwiti, pandhe nulya hapeputra, Supanyang ya pandhe wesi.

13. Mangsuli cariteng hampu, duk bedhale Majapahit, pangran Sendhang kang pinirma, mring guru Jeng Sunankali, kinen nis marang Mentaram, Sakgarwa putra tan keri.

14. Jaka Sura mrapen jenu, dene kaki Supatubin, merapen haneng nglipura, semanten sampun sesiwi, Digbya nama sekti lanang, krama naksanak kepanggih.

15. Putrane kang paman jenu, sekti lanang gya sesiwi, Triwanagiri pengarsa, ki Sumyang hingkang sumendi, wragilira ki Pacallan, ki Wanagiri miwiti.

16. Magiri parapenipun, ki Sumyang pandhe Mentawis, Matesek pandhe pacalan, ki Sumyang sesutamalihkya Kadhal pambajengira, hari kyahi Samparwedhi.

17. Tanah pajang pandhe kasup, ki Kadhal sampun sesiwi, ki Saraptonda weweka, ki Pandhi Nulya sesiwi, ran Cindhehamoh punika, mangkya karsane sang Haji.

18. Karya wahos wolung puluh, dhapur tegawarna sami, pamor

hadeg tengahira, wos wutah kinubeng tepi, den harani sekar pala, singa karya den awisi.

19. Nadiyan warni wahos dhuwung, yen sekar pala piningit, kejaba yasan Narendra, para pandhe sami hajrih, wus dadiya katur mring Nata, kamantiyan trustha sang Haji.

20. Gunging prajurit sedarum, sabandera den paringi, siki maprasa paradiya, pasisir monca nagari, wusira hantara lama, dipati sumedhang balik.

21. Hingkang nglurug mring Sumedhang lan hing ngungkur kya patih Singaranu, panga genge nama dipati Sumendhi, sawusnya kabonda lajeng kaboyong mring Mentaram.

HH. Pangkur

1. Hadipati Sumendhi wus keni, benekta binoyong, wong wadone wus tinawan kabeh, gedhe cilik datan nama kari, wus binekta mijil, tangisira humyung.

2. Wong hing ngungkur hingkang den boyongi, cacah sewu kang wong, sampun bubar kabeh hing barise, tan kawarna lampahireng margi, wus prapteng Mentawis, katur hing sang Prabu.

3. Yen hing ngungkur sampun kawon jurit, wongipun kaboyong, sampun tapis kabeh wong lanange, sakamantiyan suka sri Bupati, tan winanrneng kawi, hanenggih winuwus.

4. Kala Kanjeng Sultan hacengkrami, mider-mider kebon, sahampilan nglempak landhehane, kajeng wergu hampil hing wadiyestri, neng kebonan hasri, buron wana hagung.

5. Sapraptanireng kebonan dupi, hamanggih sang Katong, kidang jaler kamantiyan galake, yeku klangenane sri Bupati, kidang hamulati, Nata gya tinempuh.

6. Sri Narendra wus prayitneng westhi, hampillan kang wahos, wus hingagem talempak ngastane, kidang nyander Jeng Sultan nadhahi, handheman ngeneni, rahira sumembur.

7. Nanging kidang hasru pambantering, hanempuh sang Katong, tlempak wergu sanget mantelunge, krana kidang prapta haneng ngarsi, malah sultan kongsi, kagayor kang pupu.
8. Nganging datan karahos kang wenties, panggayoring buron, sangking dahat Jeng Sultan teguhe, dadiya tan pasah wentis tan busik, wusing kidang mati, Sultan ngandikarum.
9. Hiya sakehe nak putu mami, hing sawuriningong, haywa hana nganggo landhehane, kayu wregu hiku neniwasi, sigegen sang Haji, gentiya kang winuwus.

II. Durma

1. Kawarna nagri Mentawis, langkung harja kartanira, lawon seta cepurine, sangking harjaning paradiya, hadoh marang hing murka, marga hadilnya sang Prabu, rena wran manjing agama.
2. Yasa klangenan sang Haji, segaran kamantiyan pelak, seneng wahu sri Pamase, saben henjang hapinarak, lenggah tengah samodran, sinongga hing kayu apu, sangking istijah Narendra.
3. Panuwumira sang patni, segara yasa sinungan, halun sibantheng harane, sawusnya dan Kangjeng Sultan, harsa nganggit lampahan, wayang walulang puniku, duk Panji mindhakawula.
4. Den harani lakon bali, wayang gedhognamanira, pelog hiku gamelane purwane hana gamelan, polog hiku pranyata, wayang gedhog hangslenipun, mirit sangka wayang babar.
5. Yen tan pracaya hing galih, duk halame Brawijaya, Majapahit kang paradeng, tenapi Jeng Sultan Demak, pulung ngalih mring pajang, tanana sekati hiku, kejaba ki Sekardlima.
6. Lan ki Mingsaganggang yekti, kanang cicik boya hana, kunakumuna ricike, kodhokngorek lawan munggang, yeku

wiji gamelan, sekati sampe tinabuh, kena neng natar surambya.

7. Marma mene sri Bupati, hing karsa muhung kinarya, hangleluri saterahe, kagema mring putra wayah, tuwin para dipatiya, kawula sedayanipun, prapteng Yogya Surakarta.
8. Kapriye goningsun mikir, wus hadate kraton Jawa, mokal lamun durung sareh, kya Kategan wran hulya, punjul samaning jalma, kaping dwi Jeng Sultan Agung, kang ngluri agama Islam.
9. Saliring karsanira Ji, wus ginalih kang pratama, sabab dadiya pinton gedhe, laksitaning tanah Jawa, tan liyan sing Jeng Sultan, ki Kategan jamhuripun, sakedhap mring ngarab prapta.
10. Yen durung sareh penggalih, arab tumanduking Jawa, ywan mustakmallaksitane, Kangjeng Sultan taman karsa, yeku Ratu oliya, lan pepundhen para Ratu, sidiking pangagnyanira.
11. Sagung lelanang nging Haji, kang tumrap ngayogyakarta, wit ngayogya Jeng sang Katong, Sinuwun Sultan kapisan, tuwin hing Surakarta, kang tinedhak lampahipun, Jeng Sultan Agung Mentaram.
12. Kang hing ngagem juluk kaji, heyang dalem Kangjeng Sultan, Pakubuwana sang Rajeng, wit supeket lan gupirmyan, marga tentreming wadiya, yen nagri harep raheru, selaya lawan welanda.
13. Pesthi tumeka hing ngakir, dadi lagu kraton Jawa, gupermen hiku kang momong, mratikelkenreh laksita, tan nediya mamrih wasa, yeku kang mongka seksi gung, pikuwate kraton Jawa.
14. Mangsuli wasita malih, kang tinepa Yogya Sala, kraton karta darsanane, ngangge watang hingga tawab, haneng bumi kang karam, hangubengi wringin kurung, jangkepe paradiya harja.

15. Dene kang wit wiji pari, Jeng Sultan Agung kang marna, welingira Sunan Lepen, yeku wiji sangking cempa, kinen padha nanema, karsanya Jeng Sultan Agung, dadiya pangupa jiwa.

16. Katelah ngantiya semangkin, wran jawa karemanira, muhung sega karemane, limut marang kasutapan, hayem habukti sega, sengkut genira nenandur, widagda doh nir pratama.

17. Wus pesthi lamun dha lali, kareming pangupa jiwa, kajaba turuning Katong, merasudi mring reh hutama, birat laksiteng nistha, yen nemahi nistha tan wun, karya wasaning kraharjan.

18. Woya kojar Narapati, sebak luka hapinarak, neng tengah segaran Rajeng, dhampar numpang kayu hapya, halun sibantheng kang nongga, datan kaclup dhampar Prabu, dening trusing maratapa.

19. Dupi prapti wiji pari, hutusan dalem sing cempa, hater gumuruh keh wran nanon, sangking darmane kang warna, pinocong penggawanya, rembyak-rembyak teka bagus, dadiya misuwur kang mulat.

20. Wus katur mring sri Bupati, Kangjeng Sultan hangandika, Sepetmadu hapa kae, kang dadi getering jaba, wonten siki parekan, cumlorot mring lurahipun, bok lurah hutusan Nata.

21. Sangking cempa sampun prapti, wiji pari kang winawa, kamantiyan hendah warnane, manira wingi neningal, wonten hing kepatiyan, ngong nyela haneng hing ngayun, horehoreyan hapelak.

22. Pantes dadiya langen Haji, tan dangu rekyana patiya, weling hunjuk sowan Rajeng, lan ngirit duta Narendra, kang dinuta sing cempa, miwah lawan wiji pantun, Singaranu gya ngandikan.

23. Gya Singaranu hangirit, kang wiji pari rinembat, karya

kacaryan kang nonton, wus tekap tepi samodran, Nata ngadika duk miyat, yen mengkono sepet madu, konen mundhutsak salahan.

24. Hana parekan sawiji, lumancang hamundhut hinggal, batine harsa nenonton, lumampah prapteng pinggiran, mundhutwiji hing ngangkat, tekap pinggir dan kacegur, biyang Gotho gulagepan.

25. Tan pisah lan wiji pari, kampuh lukar wastra singsal, hangerambang lenge-lenge, lajeng tinulungan kathah, sepetmadu gya nyandhak, kiswane hing ngukel sampun, wiji pari wus binucal.

26. Mangkana hamparan Haji, tandiya tumimbul lir lama, Nata miyum ngandika lon, Sepetmadu dhawuhana, wiji pari sing cempa, sira konen padha jupuk, hingsun bakal miwitana.

27. Nembah Sepetmadu haglis, panggih lan rekyana patiya, sampun dhinawuhken, Singaranu dan mangagnya, ngumpulken wiji samya, wahuta Kanjeng sang Prabu, harsa kundur purantara.

28. Panggih lawan Prameswari, sedaya kang pra pawongan, suka gunem byang Gotha, semanten kanang pra wadiya, jalma jim pri prayangan, kumpul sahingga sadulur, lulus dera pawong mintra.

29. Warnanen Jeng sri Bupati, dan mungging hing pamelengan, Prameswari mareg tohor, Jeng Ratu Kidul piyama, yen sembada Jeng Sultan, pamancingan wananipun, hangreteg yogi binabat.

30. Jeng Sultan ngayubagyani, wangwang hagnya kinen nyitak, bakal wiji pari gone, langen karsa babat wana, wangkit mendhit kang bana, karya lumbung ran pun layur, wran bumi sewu kang garap.

31. Den tengeri cikal gadhing, sapangilen wus binabat, dadi cithakan wijine, sang Nataharsa hangasta, nanem pari lan

sang diyah, pari wangen gandanya rum, yeku mula-mulanira.

32. Nulya nanem cikal Haji, wangen krambil dadenira, hurut sewu hiku rane, wit krambil wus tumaruna, seseg kang pekarangan, sahurute mung wran sewu, bana krambil mijil lenga.

33. Karan delasan semangkin, lisahnya katur sang Nata, daruna rimba purwane, Nata kang nanemi cikal, hagnyanira sang maha, lisahnya katur sang Prabu, sahe pametuning sawah.

34. Sigeg genti kang winarni, mongsa hiku tanah Jawa, rat Jakarta kang paradeng, tan hana wran hati murka, gung wadiya wedi tresna, lawon betengnya sang Prabu, katelah paradiya karta.

35. Purwa Jawa arap nunggil, Kangjeng Sultan hing Mentaram, karta katelah keraton, tuwin kang para busana, Jeng Sultan hingkang marna, pinton sing Jeng Ratu Kidul, Sunankali ngyubagya.

36. Hatut haruntut sang kalih, Ratu Kidul lan Jeng Sultan, nging kajiman laksitane, kang ngideni Kangjeng Soenan, Kalijaga semana, Mentaram harja kelangkung, wran cilik ken mangan boga.

37. Jalaran kathah rijeki, kawula halit Mentaram, Sunankali hing karsane, tetanen suhut mring Nata, hadoh hati kang murka, wran cilik samya tut runtut, genira kadang somahan.

38. Murah sandhang lawan bukti, sangking dil Ratu bintopa, banyu mili hing danane, bangsat kabrasat dumadiya, kednep ngidhep sadaya, lumbung silayur supenuh, kinarya jageng kawula.

JJ. Mijil

1. Rampung panedhake tandiya mijil, nuju hari rebo, manis siyang tabuh dwi wancine, tanggal ping gangsal jumadilakir, mongsa kasa meksih, mondasiya wuku.

2. Tahun windu sengkalane nunggil, lir ngajeng kemawon,

dene wulan welandi harine, kaping tigangdasa maksih Juli, tahunira kadi, kang kocap hing ngayun.

3. Sang Susena putra nedhak malih, nanging sanes babon, nunggil kondha sanes caritane, nanging muhung methik kedhik-kedhik, kang tan kocap mungging, babat kang wus mashur.

4. Punika jejer Kangjeng Sunan, Hageng hingkang ngedhaton hing Paleret, sinebut Sunan Gethek seda tegil harum

KK. Asmaradana

1. Pleret dhadhal hanglir banjir, limut dan mongga puliya, Nata harem jro driyane, wirangrong srukarungrungan, sigegen branteng Nata, hamangsuli gotekipun, nenggih Kanjeng Panembahan.

2. Purbaya sasg Senapati, duk timur radiyan Humbaran, kamantiyan panjang yuswane, meningi Ratu sekawan, praptane Jeng Suhunan, Mangkurat hingkang kedhatun, hing Paleret kang puraksa.

3. Dupi Seda pangran Halit, dan kang raha Kanjeng Sunan, belani merang bahune, widhangan kiwa hacacat, temah dadiya katelah, Sunan Gethek duk uniku, tan lami Jeng Penembahan.

4. Purubaya Senapati, wus sepuh kataman roga, dan mancal ngesthi kayate, gya hingkang putra gumantiya, karsane sri Narendra, nama pangran Purbayeku, nging tan mawi panembahan.

5. Lan songsong telacap putih, duk demung prang Trunajaya, dadiya nama seda godog, yata karsanya Jeng Sunan, pangran tumenggung pajang, sadherek dalem pembayun, sanes humi kang gumantiya.

6. Nama pangran Hadipati, Purubala songsong jenar, tan lami hanulya layon, dan kasaru Nata kendhang, lolos sangking paradiya, mangsuli wasitanipun, duk kiyageng giring degan.

7. Putra hing giring kekalih, Wanatara Wastasira, kang pinadhem Senapaten, kang humaradiyan Humbaran, Wanatara peputra, Panembahanrama hiku, jejuluk pangeran Kajoran.
8. Pangran Kajoran sesiwi, kekalih bajeng wanodiya, ginarwa Jeng pangran mangke, Wiramenggala harinya, Jeng pangran Purubaya. kang seda godog, winuwus, pangeran Wiramenggala.
9. Hanganyut kang budi sisip, harsa balela mring Nata, pangran Purbaya waspahos, mring hari rembage sasar, sinedan garwa wawrat, tri wulan sru kawlasayun, gantiya hingkang winurcita.
10. Dipati sampang wewangi, demang Melaya wus pejah, sutawira winirahos, hingkang wasta Trunajaya, meksih tanggung semana, tan genteni ramanipun, kang dados kadang taruna.
11. Kapernah pamanira mring, hanenggih ki Trunajaya, pangran Cakraningrat rane, semanten ki Trunajaya, tan heca manahira, dadiya magang mring Mentarum, neng kadipatiyan kaleban.
12. Malorot harsa mertapi, merwita pangran Kajoran, winulang ngelmune ngentek, Panembahan datan samar, punika badhe dadiya, wewiji sawung pinunjul, dan hing ngambil mantu hangsal.
13. Putranira kang taruni, rinya diyan Wiramenggala, hatut denya momong bojo, nahen gantiya kang winarna, sang Nata gya pepara, mriksa tiyang runtung-runtung, sami barang raga bondha.
14. Kang lanang tinuntun nginil, hestrine kelangkung hendah, pideksa hayu warnane, nuntun bojo ngemban hanak, mengangge sarwi gombal, prandene cahyane mancur, Nata Kapencut tumingal.
15. Dan pinundhut mring sang Haji, lakenira wus pinancal, sangdiyah binekteng kedhaton, sinaliman busananya, wewah manising citra, prak hatine ngundhung hundhung, langkung

kedhep risang Nata.

16. Ngasorken gung para selir, kang dadiya kacalyeng kathah, bangkit nyernaken kridane, sang Nata kelamun duka, nguni tan kenging ngampah, sareng wonten diyah puniku, waget mambengi hing karsa.

17. Djinunjung mring sri Bupati, rumarum Jeng Ratu Malang, pra sangdiyah jumurung kabeh, warnanen wahu kya patiya, Singarang pralaya, hing mangke harsa sang Prabu, habdi lami kang hing ngangkat.

18. Hing ngran Wirapatra nuli, ginentosken mantri muka, hamarentah sagunging wong, Mentaram sampun mupakat, wusing hantara lama, Jeng Sunan kathah kang sunu, garwa sangking surabaya.

19. Putrane pangeran Pekik, patutan lan Ratu Pandhan, yeku garwane sang Katong, rumarum Ratu Kencana, mene Jeng Prameswara, patutan sajuga jalu, nama Jeng pangran Dipatiya.

20. Hanom Hamengku Nagari, wonten malih garwa Nata, kang taruna rumarume, nenggih diyanayu Plabuhan, nguni putra ngulama, halul mertapa neng ngriku, dumunung tanah plabuhan.

21. Peputra kenya pinatmi, dening Kangjeng sri Narendra, diyanayu Plabuhan rane, hing mangke bobot hambakar, tan limrah hing ngakathah, miyos lir bligo kang bungkus, sang Nata yitneng werdaya.

22. Tuhu yen Narendra sidik, tan kekilapaning patrap, bab hingerireng kedhaton, datan liya trah Mentaram, mung giring dadiya beka, nguni sang Nata kasiku, den nira hing rah kabranang.

23. Duk kalanira nyedani, pangeran Wiramenggala, dereng kosus hing kukume, mongka dan katraping pejah, nuju kang garwa wawrat, babar jalu warna bagus, sareng garwane sang Nata.

24. Babar warnanya tan yogi, hugi pamelehing sukma, Narpa

srutobat mring manon, harsa meminta mrih samar, sinungken mring Kajoran, kinen hangruwat sang wiku, Panembahan dahat suka.

25. Bayi binekta jro panti, kang bungkus sini dikara, wus babar bayi temahe, sinungken duta gya mentar, katur marang sang Nata, saklangkung suka sang Prabu, sawuse hantara lama.

26. Diwasa sinung wewangi, pangran Puger warna pelak, mangsuli kondha goteke, hibu dalem Jeng pangeran, Puger sawusnya seda, diyanayu Plabuhan wahu, sinare haneng ngastana.

27. Pernah sakilening masjit, paleret hing purantara, gentiya hingkang winirahos, pangeran hing surabaya, ngingah hayam bekisar, hestri temah dadiya jalu, warnanira langkung hendah.

28. Titi tamat serat nitik, hiyasan dalem Pustaka, ping tiga dasa tanggale, ri Senen pahing mukaram, windunira sancaya, ehe lambangnya kulawu, karti pepak ngesthi Nata.

BAB III

TERJEMAHAN

A. Dhandhanggula

1. Penulisan ini dalam syair Dhandhanggula, dimulai pada waktu pagi pukul sepuluh, hari Ahad Pon tanggal empat belas, musim kedelapan wuku Tolu, bulan Puasa tahun Alip, lambangnya Kulawu, tahunnya dengan sengkalan "Resi nembah ngesthi tunggal". Diceritakan Permaisuri Raja Mataram di Pulau Jawa,
2. bernama Kanjeng Prameswari Gusti Jeng Ratu Ageng, permaisuri Raja Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan, yang sudah almarhum yang ke VI Hamengku Buwana Kalifahtullah Senapati Ingalaga Ngabdurahman Sayidin Panatagama di Yogyakarta.
3. Kerajaannya sangat tersohor di dunia, ditandai dengan sikap baiknya Raja kepada Gupermen, yang sudah ditakdirkan oleh Tuhan. Raja Putri Willem III selalu dekat di hati Ibun-

da Sultan, demikian pula panglima perang dari negara yang berlambang singa itu.

4. Ingkang Sinuhun Sultan Yogyakarta ke VII, Hamengku Buwana Senapati Ingalaga Ngabdurahman Sayidin Panatagama Kalifatulah, yang diperbolehkan memakai pakaian kebesaran panglima perang Belanda,

5. dengan pangkat Mayor Jenderal di daerah Hindia Belanda, yang sudah direstui oleh Raja Putri Nederlan, mempunyai maksud membuat riwayat leluhurnya Kanjeng Sultan Agung dari Karta, terutama pada waktu masih Pangeran Adipati, pergi dari kerajaan menjelajah dunia, itulah pokok ceritanya dalam buku yang akan ditulis itu.

6. Ceritanya dimulai dari peristiwa setelahRaja Mataram menghukum adiknya Pangeran Jagaraga.
diceritakan Jeng Pangeran Mangkubumi, berputera dua orang, yang satu diambil Raja, diberi kedudukan di Sokawati, sekarang sudah mempunyai anak,

7. bernama Denmas Pethak, diberi kedudukan di Madiun, diperbolehkan membawa stafnya. Adapun Pangeran Singasari, berputera lelaki bernama Denmas Wujil, sekarang sudah menjadi bupati bergelar Radyan Wiromantri, berkedudukan di Panaraga.

8. menggantikan Pangeran Ranggawuni. Adapun anak Pangeran Juminah, sudah diangkat oleh raja menjadi adipadi di Mataram bernama Pangeran Balitar. Dipati Mandraka mempunyai anak empat orang perempuan seorang. Yang tertua

9. bernama Pangeran Duranagara, lalu Pangeran Juru Wirapraba, kemudian Pangeran Jurumayem, dan yang bungsu perempuan telah kawin dengan Bupati Batang. Adapun Kanjeng Sinuhun Mataram Susuhunan Senapati Prabuadi Hanyakrawati, mempunyai permaisuri dua orang.

10. Yang pertama dari Pajang, putera Pangeran Benawa, diberi nama Ratu Mas Adi. Permaisuri yang muda diberi nama Ratu Mas Lungayu, berasal dari Panaraga. Dari permaisuri

yang tua menurunkan empat anak.

11. Raden Mas Rangsang, Raden Ajeng Pandhan, Raden Ajeng Sekar, dan Raden Mas Pamenang. Dari kehendak raja, Raden Mas Rangsang diangkat menjadi putra mahkota bernama Pangeran Dipati Anom Mataram Sudibya Rajaputra.

12. Adapun Raden Ajeng Pandhan sudah diangkat menjadi Ratu mas Pandhansari, Raden Ajeng Sekar diangkat menjadi Ratu Mas Sekar, Raden Mas Pamenang sudah diangkat menjadi Pangeran Adipati Pamenang. Adapun permaisuri yang muda.

13. Kanjeng Ratu Mas Lungayu, berputera Pangeran Dipati Martapura, mempunyai sakit ingatan, lalu Pangeran Dipati Natapura, kemudian Raden Mas Cakra kemudian bernama Pangeran Adipati Selarong senang menyendiri di rumahnya di Waladana.

14. Adiknya lagi bernama Pangeran Dipati Pringgalaya. Tentang cerita Pajang, Pangeran Benawa ditinggal mati oleh isterinya. Dari almarhumah menurunkan tiga anak, yang tertua puteri diambil permaisuri oleh Sultan Mataram.

15. Berputera Pangeran Adipati Anom Mataram yang sudah diutarakan di muka. Anak Pangeran Benawa yang kedua bernama Pangeran Pajang, dan yang bungsu Tambakbaya. Pada suatu waktu Kanjeng Susuhunan Sepati Prabuadi Hanyakrawati, raja Mataram ke II, memanggil Pangeran Adipati Anom Mataram untuk menghadap.

16. Yang tersusun dalam syair Dhangdhanggula (Hartati), Naskah NITIK, dulu putra raja Kanjeng Sunan Nyakrawati dari Mataram, sewaktu masih Pangeran Adipati Kanjeng Sultan Agung, agar aman dan sejahtera serta tersohor, pergi merantau atau mengadakan perjalanan ke luar negeri untuk memperluas jajahannya, demikianlah isi cerita ini.

17. Pangeran Dipati Hanom dari Mataram menghadap ayah-

andanya diberi tahu tentang ilmu pemerintahan, apa yang harus dikerjakan oleh raja, putra raja Maratam ini diberi pelajaran bermacam-macam ilmu yang harus diketahui oleh raja, agar mulia dunia ini.

18. Keselamatan memimpin negara, harus pandai memikat darma baktinya para prajurit, gajinya terus menerus cukup, agar setia betul-betul menjadi prajurit, selalu diberi kata-kata yang enak, sebab prajurit itu yang menjadi tulang punggung negara, segala perintah dan tindakan, jangan sampai membuat sakit hati rakyat, serta harus bijaksana.

19. Jangan kurang hati-hati, segala sesuatu harus jelas, jangan sampai salah mengambil keputusan, lalu berilah pengetahuan keutamaan agar menjadi tertarik kepada perbuatan yang baik, yaitu segala yang mendapat tugas teratur rapih, waspada terhadap kelakuan penduduk, diusahakan benar agar selalu baik.

20. Amatilah benar-benar, lebih sukar pekerjaan orang bertapa, yang sepi benar, utamanya orang besar, hati anakku yang sulung, pakailah sungguh-sungguh, agar kamu merasa bertanggungjawab, jangan sampai kamu menghindari, itu kurang utama.

21. Agar segala tingkah laku halus, yang kuat memeluk agama, yang sungguh-sungguh menjalankan (ibadah, itu manusia yang terpilih, sungguh akhirnya mendapat anugerah, apakah masih kurang utama sebagai raja, dapat memerintah segala titah, itulah utamanya raja, peganglah benar-benar dalam hati.

22. Utamanya seorang pemimpin, selalu menciptakan hal-hal yang baik, ciptakanlah dengan tenang hati-hati sampai sempurna. Demikianlah anakku orang bijaksana yang telah menguasai pengetahuan tentang darma, agar selalu melihat asal tujuannya untuk kesejahteraan dunia.

